

# **TRAS PYE KRIS <sup>yo</sup>**

## **YON LIV ETIO**

*Pablo Yoder – otè*

*Se Theodor Yoder ki te tradwi liv sa a ann Anglè  
Se Matye Morhart ki te tradwi liv sa a an Kreyòl*

Se

Lamp and Light Publishers, Inc.

Farmington, New Mexico, U.S.A

ki te pibliye liv sa a ann Anglè

ISBN- 978-1-941213-06-3

---

English title: "Footprints of Christ."  
© 2011 Lamp and Light Publishers, Inc.  
Translated from the English with permission of  
Lamp and Light Publishers, Inc.  
26 Road 5577, Farmington, NM 87401 USA

Creole translation © 2014 Christian Aid Ministries  
Berlin, Ohio

Liv sa a te premye parèt ann Espanyòl nan lane 2008  
Premye parèt ann Anglè 2011  
Premye parèt an Kreyòl 2014

---

TGS 00811

# TAB MATYÈ

<b>ENTWODIKSYON .....</b>	<b>5</b>
<b>PREMYE PATI—KRIS RELE DISIP.....</b>	<b>7</b>
Lesson 1   Kisa ki Rele yon Disip ? .....	9
Lesson 2   Kris avèk Dezi Lachè yo .....	13
Lesson 3   Kris avèk Disiplin .....	17
<b>DEZYÈM PATI—KRIS AVÈK LAVIYON DISIP.....</b>	<b>21</b>
Lesson 4   Kris avèk Adorasyon Pèsonèl .....	23
Lesson 5   Kris avèk Panse Nou .....	27
Lesson 6   Kris avèk Kolè .....	31
Lesson 7   Kris avèk Pwòpte Moral .....	35
Lesson 8   Kris avèk Pawòl Ou .....	39
Lesson 9   Kris avèk Manti .....	43
Lesson 10   Kris avèk Fòt Disip yo .....	47
<b>TWAZYÈM PATI—KRIS AVÈK VIS.....</b>	<b>51</b>
Lesson 11   Kris avèk Tabak, Dwòg, ak Alkòl .....	53
Lesson 12   Kris avèk Banbòch, Bal, ak Fim .....	57
Lesson 13   Kris avèk Imoralite .....	61
Lesson 14   Kris avèk Espò .....	65
Lesson 15   Kris avèk Renmen Lajan .....	69
Lesson 16   Kris avèk Maji .....	73
<b>KATRIYÈM PATI—KRIS AVÈK SOSYETE.....</b>	<b>77</b>
Lesson 17   Kris avèk Separasyon ak Lemonn .....	79
Lesson 18   Kris avèk Legliz ki Chite yo .....	83
Lesson 19   Kris avèk Senplisite nan Abiman .....	87
Lesson 20   Kris avèk Renmen pou Lènmi W' yo .....	91
Lesson 21   Kris, Leta a, avèk Politik .....	95
Lesson 22   Kris avèk Mizè .....	99

<b>Senkyèm Pati—Kris avèk Fratènite a .....</b>	<b>103</b>
Leson 23 Kris avèk Renmen Fratènèl .....	105
Leson 24 Kris avèk Sèvis Adorasyon Frè yo .....	109
Leson 25 Kris avèk Jou Senyè a .....	113
Leson 26 Kris avèk Sèvis Pami Frè yo .....	117
Leson 27 Kris avèk Prensip Legliz yo .....	121
Leson 28 Kris avèk Regleman Renmen Li a .....	125
Leson 29 Kris avèk Disiplin nan Fratènite a .....	129
<b>SIZYÈM PATI—KRIS AVÈK FANMI AN.....</b>	<b>133</b>
Leson 30 Kris avèk Fè Mennaj .....	135
Leson 31 Kris avèk Maryaj .....	139
Leson 32 Kris avèk Lotèl Fanmilyal la .....	143
Leson 33 Kris avèk Pitit .....	147
Leson 34 Kris avèk Pwòpte Moral nan Fwaye a .....	151
Leson 35 Kris avèk Edikasyon .....	155
<b>SETYÈM PATI—KRIS AVÈK BYEN MATERYÈL .....</b>	<b>159</b>
Leson 36 Kris avèk Byen Materyèl .....	161
Leson 37 Kris avèk Bay Volontèman .....	165
Leson 38 Kris avèk Travay .....	169
Leson 39 Kris avèk Dèt .....	173
<b>YON APÈL PÈSONÈL.....</b>	<b>177</b>
Leson 40 Ki Kote Ti Mouton an Ye ? .....	179

# ENTWODIKSYON

**G**en yon ti granmoun fi ki te lonje dwèt li sou mwen epi ki te di : « Ou menm, ou di yon fason, Katolik yo di yon lòt, Temwen Jeyova yo di yon lòt, epi Mòmon yo di yon lòt fason toujou. » Fi a te pale yon fason ki te sanble li pa t' gen espwa lè l' te di : « *Kijan mwen kapab konnen sa ki vre ?* »

Pawòl fi yo toujou frape m'. San li pa t' konn sa, li te poze yon gwo kesyon ki la depi lontan. Gen anpil fwa nou tande moun ap poze kesyon sa a. Pafwa moun yo poze kesyon sa a kòm yon eskiz ; pafwa yo vrèman twouble epi yo vrèman vle konnen verite a.

Se vre genyen anpil kwayans diferan. Gen anpil opinyon k' ap goumen youn ak lòt nan mond lan. Genyen yon gwo konfizyon reliye jounen jodi a. *Enben, kijan nou kapab konnen verite a ?*

Gen yon sèl fason nou kapab konnen verite a. Se lè nou konnen Sila a ki se Verite a menm ! Jezi te di :

Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen. (Jan 14.6)

Si nou vle konnen verite a, nou bezwen konnen Kris epi nou bezwen swiv Li. Nou bezwen swiv tras pye Li yo.

Chak Kretyen gen yon dezi pou li swiv Kris andan kè li. Nou konn chante chan tankou : « Tras Pye Jezi » ak « Lè L'

Kondwi M' M' ap Swiv Li. » Nou konn priye : « Papa, ede nou grandi pou nou kapab sanble Ptit Ou plis toujou . . . »

Men Jezi pa isit. Kijan nou kapab konnen Li epi kijan nou kapab swiv tras pye Li yo ?

Liv sa a te ekri avèk yon gwo dezi pou ede moun repanti epi swiv tras pye Kris yo pandan y' ap obeyi ansèyman Li yo ak tout kè yo. Ou va jwenn anpil ansèyman pratik e biblik nan liv sa a ki kapab ede w' nan lavi ou chak jou. Ou pral twouve kijan Kris, ki se Otè tout Bib la, vle pou w' viv avèk fanmi ou, fratènité a, ansanm ak sosyete a. Ou pral li sou tras pye Kris yo nan liv Pwovèb, nan ekriti Pòl yo, epi nan pwòp pawòl Kris yo ki nan liv Levan-jil yo.

Liv sa a se yon bon liv pou w' etidye pou kont ou, oubyen menm pou yon etid pou tout legliz la. Li genyen kèk bon eksplikasyon trè klè ki kapab ede nouvo konvèti yo oubyen nenpòt moun ki anvi konnen plis sou lavi Kretyen an.

Ou pa dwe poze kesyon sa a ankò : « *Kijan mwen kapab konnen sa ki vre ?* » Konpare sa otè liv sa a ekri avèk ansèyman yo ki nan Bib la. Ou dwe menm jan avèk moun Bere yo ki te gen bon santiman (gade Travay 17.10-11). Fouye Lekriti yo pou wè si ansèyman sa yo vre. Etidye sou tras pye Kris yo.

Swiv tras pye Li yo jodi a !

—Nathan Mast



PREMYE PATI

# KRIS RELE DISIP





# KISA KI RELE YON DISIP ?

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**K**isa ki rele yon disip? Yon disip se yon moun ki swiv ansèyman mèt li yo. Konsa nou konnen fòk gen yon elèv epi fòk gen yon mèt. Se mwen menm avè w' ki se elèv yo, epi chè zanmi nou, Jezi, se mèt la.

Yon jou, Jezi, mèt nou an, te monte yon mòn epi Li te chita. Bib la di :

Lè Jezi wè foul moun yo, li moute sou yon mòn. Li chita. Disip li yo pwoche bò kote l'. Li tanmen moutre moun yo anpil bagay. (Matye 5.1-2)

Eseye imajine sa a : Pandan Jezi chita sou yon mòn, disip Li yo vin jwenn Li epi yo chita tou. Jezi kòmanse anseye yo, epi yo koute sa L' ap di yo.

Men, kounyeya nou p' ap pral pale sou disip Pyè, Jan, ak Jak. Nou pral pale sou mwen menm ansanm avè w'. Nou pral pale sou Jezikris.

Kris, Pitit Bondye a, gen tout pouvwa, Li souvren, epi Li sen. Li vle devni pwofesè w'. Li vle montre w' fason pa L' la pou w' viv.

Imajine Jezi ap chita devan ou kounyeya. Li gen anpil bagay pou montre w' : anpil verite, anpil konsèy, ak anpil lòt bon bagay. Si ou ta renmen devni yon disip Kris, ou bezwen pwoche bò kote L' menm jan Pyè, Jan, ak Jak te fè. Ou bezwen chita pre Li e koute ansèyman Li yo.

Jezi pa rete sou latè nan yon kò jounen jodi a. Enben, kijan nou kapab tandem ansèyman Li yo ? Nou tandem ansèyman Li

## **Vèsè Memwa W' :**

Si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou se disip mwen vre. (Jan 8.31)

yo lè nou, swa li Bib la, oubyen tandem l' lè yo li l'. Lè sa a Sentespri Kris la pale nan kè nou, epi lè sa a nou kapab konnen sa Li vle montre nou. Lè Sentespri a fè nou konprann sa Jezi ap di nan Pawòl Li, epi lè nou pratike ansèyman sa yo nan lavi nou, lè sa a nou devni yon vrè disip Jezi !

Li vrèman enpòtan pou pratike ansèyman Jezi yo nan lavi nou. Yon vrè disip pa sèlman *tande* sa mèt li di l', men li fè l' tou. Si pou w' yon disip Jezi, sa mande plis pase pou w' li Bib la sèlman, sa mande pou w' *koute* vwa Sentespri a. Yon disip se yon moun ki *swiv* Jezi nan lavi li chak jou. Se poutèt sa liv sa a rele *Tras Pye Kris yo*. Nan lesyon k' ap vini yo nou pral etidye kisa Jezi t' ap fè nan kèk sikontans lavi, konsa nou ka fè menm bagay avè L'. Kris te kite yon egzanz pafè pou nou atravè tras pye klè Li yo. Yon disip Kris se yon moun k' ap swiv tras pye sa yo chak jou nan tout sikontans lavi. Èske ou dakò pou w' swiv tras pye Li yo ?

## ***Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A***

Èske ou gentan li Bib la jodi a ? Èske ou gentan koute vwa Sentespri a ? Yon

## Tras Pye Kris yo


disip Jezi va li Bib la chak jou pou li kapab tandem vwa Mèt li a. Si ou pa konn li, ou kapab chache yon moun pou li Bib la pou ou. Yon disip pa ka yon vrè disip si li pa aprann nan men mèt li. Nonsèlman sa, men li pa ka aprann anyen nan men mèt li san li pa li, oubyen tandem, sa mèt li vle di l'.

Ann sipoze maten an ou te li nan Bib la kote li te fè ou konnen se yon peche pou w' fè kolè. Petèt ou te li nan Jak 1.20 kote li di : « Paske, kolè lèzòm pa ka fè volonte Bondye. » Kisa Mèt la ap di ou ? Kisa Sentespri a montre w' lè ou li vèsè sa a ? Yo montre nou li se yon peche pou w' fè kolè ! Si ou vrèman vle swiv tras pye Kris yo, kisa ou pral fè lè w' fin li kòmandman sa a Bondye te bay ? Èske ou pral fè kolè ?

Asireman, non !

*Yon disip Jezi se yon moun ki fè sa Kris vle l' fè chak jou, olye pou l' fè sa l' vle li menm. Si Jezi pa vle w' fè kolè, enben sa sifi pou w' pa gen rezon fache. Èske ou kwè Jezi te konn fè kolè menm jan avèk nou ? Ki egzanp Jezi te kite pou nou sou kesyon kolè a ? Ki tras pye Kris nou ka jwenn konsènan ansèyman sa a ? Nou jwenn tras pye Kris nan douse Li, nan pasyans Li, ak nan mizèrikòd Li. Ou kapab sanble avèk Jezi si ou fè tout sa Li mande ou fè.*

Kisa ou gentan fè jodi a avèk sa ou te li nan Bib la ? Jan ou te reponn kesyon sa a montre si w' se yon bon disip ou non.



Mande Bondye : << Kisa Ou vle pou m' fè jodi a, Senyè ? >>

## **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Kòm yon bon disip Jezi se yon moun k' ap aprann nan men Mèt Jezi, kijan ou kapab tande ansèyman Li yo chak jou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

2. Kisa ou pral fè avèk ansèyman Kris yo si ou se yon bon disip ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. Si ou se yon bon disip Jezi, kiyès w' ap vin sanble ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. Jak 1.22. Kisa yon bon disip fè avèk Pawòl Bondye a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Kijan li kapab twonpe tèt li ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

2. Jak 1.23-24. Pou ki bagay yon glas bon ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Kisa ki se glas espirityèl yon disip ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Dapre sans ijèn, kisa ou t' ap fè si lè w' gade nan yon glas ou ta wè nen w' sal ?  
\_\_\_\_\_

Kisa yon disip dwe fè lè l' gade tèt li atravè Bib la epi li wè li gen peche nan lavi li ?  
\_\_\_\_\_

3. Jak 1.25 Kisa yon bon disip fè avèk « lalwa ki bon nèt la » ? \_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

Ki rekonpans yon disip « ki fè sa lalwa a mande » pral jwenn ? \_\_\_\_\_

### Priyè w'

« Jezi, bon Mèt, jodi a mwen vin chita nan pye W'.  
Mwen vini pou m' koute Ou. Mwen vle devni elèv Ou.  
Lè m' fin tandé, ede m' pou m' leve epi pou m' fè tout  
sa Ou di m' fè. Mwen vle devni disip Ou. Amèn. »



# KRIS AVÈK DEZI LACHÈ YO

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Pyè ak Andre te renmen peche pwason. Se pamwayen lapèch yo te fè kòb pou yo viv. Men te gen yon jou tout sa te chanje. Yo te sispann fè sa yo te renmen fè pou yo te ka fè sa nouvo Mèt yo a te vle pou yo fè.

Pandan Jezi t'ap mache bò lanmè Galile a, li wè de pechè pwason, Simon ak Andre, frè li a. Yo t'ap voye privye nan lanmè a. Jezi di yo konsa: vin jwenn mwen. m'a fè nou tounen pechè moun pito. Lamenm, yo kite privye yo, y' ale avèk li. (Mak 1.16-18)

Si ou te nan plas Pyè ak Andre, èske ou t' ap dakò pou kite peche pwason pou w' swiv Jezi ? Lè Kris te rele yo, Pyè ak Andre te kite nas yo lapoula. Petèt yo te di : « Orevwa kanmarad nou yo. Orevwa ti pwason yo, nou p' ap anmègde nou ankò. »

Poukisa Pyè ak Andre te fè sa a ? Yo te fè sa paske yo te konnen li te pi empòtan pou yo devni disip Kris olye pou yo rete ap peche pwason. Fason yo te vin konprann lavi a kounyeya, yo te reyalize va gen plis satisfaksyon pou yo peche lèzòm olye pou yo peche pwason. Yo te dakò pou yo nye pwòp dezi pa yo pou yo te ka akonpli dezi Sila a ki te devni Mèt yo a kounyeya. Disip Jezi yo te kite tout bagay pou yo swiv Li.

Ki bagay ou t' ap fè lè Mèt la te rele ou ? Ou t' ap fè sa ou te pi pito. Men, lè Kris te rele ou, Li te mande ou pou w' fè sa Li vle.

## **Vèsè Memwa W' :**

Zanmi m' yo, men sa m'ap mande nou. M'ap pale ak nou koulye a tankou ak moun ki etranje, ki depasaj sou latè: Se pou nou kenbe tèt ak tout egzijans lachè a k'ap gomen kont nanm nou. (1 Pyè 2.11)

Nòmalman Kris toujou mande nou pou n' travay pou n' fè lajan pou n' ka viv. Men gen kèk lòt bagay ki chanje. Si w' te konn bwè kleren, kounyeya w' ap dakò pou w' sispann bwè l', kèlkeswa dezi chè w' ta gen pou li. Si ou te renmen vòlè, enben w' ap sispann fè sa tou. Si w' te renmen danse, ou p' ap fè sa ankò. Si ou vle devni yon disip Jezi, si ou vle swiv Li, fòk ou kite tout vye bagay sa yo dèyè.

Si ou te vrèman renmèt Kris lavi w', ou gentan kite tout bagay dèyè pou swiv Jezi.

Menm lè nou gentan fè konesans ak nouvo Mèt la, toujou gen anpil move dezi ki vin toumante nou. Kisa nou pral fè avèk dezi sa yo ? Nan 1 Pyè 2.11 li di nou dwe *kenbe tèt ak yo*. Sa vle di *separe tèt* nou avèk yo – nou pa ni koute, ni swiv yo.

Poukisa nou fè sa ? Paske nou vle swiv Jezi !

Anverite gen anpil fwa yon Kretyen va chwazi pou l' pa fè kèk bagay menmsi se pa bon yo pa bon. Pa egzanp, tout moun konnen li bon pou kò a lè nou dòmi. Se

## Tras Pye Kris yo

pa yon peche pou w' dòmi. Men disip Jezi a bezwen leve pou l' ka ale legliz e louwe Mèt li. Asireman li bon, e menm nesesè, pou w' manje, men kèk fwa disip Jezi a va sispann manje pou l' ka fè jèn pou kèk bezwen nan legliz la. Kite *bon* bagay pou w' ka fè *pi bon* bagay se yon pati nan sa Bib la rele « pote kwa ou » .

Moun ki pa pote kwa l' epi ki pa swiv mwen, li pa kapab disip mwen nonplis.  
(Lik 14.27)

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

**P**lizyè ane pase, yon nouvo konvèti ki te rele Mak t' ap travay avèk yon gwoup bòs mason ki pa t' konvèti. Tèlman soleyl la t' ap bat fò, epi mesye yo t' ap santi chalè a, mèt travay la te mennen yo tout nan yon boutik toupre a. Li te di yo : « Mesye, mwen vle achte yon byè byen glase pou nou chak. »

Kisa Mak dwe fè ? Li te fenk konvèti. Anvan li te konvèti li te renmen bwè byè anpilanpil. Men lè bòs la te pèsiste l' pou l' bwè, Mak te reponn li byen fèm : « Ban m' yon koka pito. »

Poukisa Frè Mak te fè sa a ? Paske li te konnen nouvo Mèt li pa t' vle

pou l' bwè bwason ki gen alkòl ladan yo. Dèske li te tèlman renmen nouvo Mèt li, li te nye dezi chanèl li pou l' obeyi ak volonte Jezi a. Nan moman sa a menm, li te pran kwa l' e li te swiv Jezi. Se sa menm ou dwe fè tou. Poukisa Frè Mak te fè sa a ? Paske li te konnen nouvo Mèt li pa t' vle pou l' bwè bwason ki gen alkòl ladan yo. Dèske li te tèlman renmen nouvo Mèt li, li te nye dezi chanèl li pou l' obeyi ak volonte Jezi a. Nan moman sa a menm, li te pran kwa l' e li te swiv Jezi. Se sa menm ou dwe fè tou.

Ki dezi chanèl ou genyen k' ap goumen kont nanm ou ? Petèt se yon dezi seks-yèl ki pa bon, oubyen kèk rayisab nan kè ou kont yon moun. Epi pou ou menm, sè m' lan nan lafwa a, èske ou gen dezi pou w' makiye oubyen abiye kò ou yon fason pou gason yo gade w' ? Kiyès k' ap dirije lavi w' ? Èske se chè a oubyen Jezi ? Ou pa ka swiv Kris epi obeyi chè a tou. Lè ou swiv chè a, li rann ou esklav peche ak chè a. Si ou vle devni yon disip Jezi, fok ou obeyi L' epi di chè a : « Non ! » byen fò. Lè sa a Kris va konnen ou renmen L' pase tout lòt bagay.



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Panse sou kèk dezi chanèl ki goumen kont nanm ou. Kijan ou kapab reponn « non »

avèk yo jodi a epi di Kris « wi » ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

2. Si ou obeyi chè a, kisa ou devni ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Si ou obeyi Mèt Jezi, kisa ou devni ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Jezi te di Pyè ak Andre, si yo te kite tout bagay pou yo swiv Li, Li t' ap ba yo yon djòb espesyal. Ki djòb sa te ye ? W' ap jwenn istwa a nan Mak 1.16-17. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Èske ou panse si w' fè menm jan avèk yo w' ap ka fè djòb enpòtan sa a tou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. Women 6.16-18. Kijan yon moun vin esklav peche ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Kijan yon moun ka devni yon sèvitè lajistis ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Lik 14.25-33. Li konsènan bagay ou bezwen kite yo si ou vle swiv Jezi. Nan vèsè vennsis (26) gen yon lis sèt (7) bagay ou dwe kite. Ekri yo. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Dapre vèsè tranntwa (33), kisa yon moun bezwen kite pou l' ka swiv Jezi ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Matye 19.16-22. Jennonm sa a pa t' dakò pou l' kite yon bagay pou l' swiv Jezi. Kisa li te renmen plis pase Jezi ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Dapre vèsè vennde (22), ki rezulta sa te pote nan lavi jennonm nan ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

### Priyè w'

« Chè Bondye, Ou konnen jan m' lite avèk chè mwen. Pitit Gason Ou lan te mache sou tè a e Li konnen kijan lit la ye. Men Li pa t' fè peche. Sètènman mwen fè peche. Malgre sa Ou padonnen m' e Ou ban m' lapè. Se poutèt sa, mwen renmen Ou. Jezi, mwen tèlman renmen w', dezi chanèl yo ki konn toumante m' pa vo anyen ankò. Mwen pa vle obeyi yo ankò. Mwen sèlman vle obeyi w'. Ede m' pou m' pran kwa mwen chak jou avèk jwa pou mwen kapab rete disip Ou pou tout tan. Gran Mèt, mwen mande sa avèk tout kè m' nan non Jezi. Amèn. »



# KRIS AVÈK DISIPLIN

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**N**an nati nou, nou tout parese. Si nou te kapab, nou t' ap kouche nan lonbraj la tout jounen. San parese nou an pa bon. Genyen yon pwovèb ki di : « Dyab la travay kote pa gen travay. »

Jodi a, Kris vle montre ou yon tras pye ki va ede w' venk san parese ki nan ou a. Tras pye sa a rele disiplin. Disiplin vle di « soumèt, korije, kontwole ». Konsa yon moun discipline se yon moun ki kontwole tèt li, oubyen kò li, avèk èd Bondye.

Li vèsè memwa a pou wè kisa Apòt Pòl te fè avèk kò l' lè l' te manke disiplin.

Chè frè m' ak zanmi m' yo, se sa Kris vle pou nou fè. Li vle ede nou discipline kò nou. Gen pafwa lè y' ap antrene yon cheval, yo oblige pini l' pou l' ka aprann obeyi. Se konsa tou nou bezwen antrene kò nou. Kè nou dwe touche nou pou yon moun ki poko aprann disiplin. Moun sa a se esklav dezi avèk apeti li yo. Yon moun konsa bezwen aprann disiplin.

Jezi te kite yon bèle egzamp pou nou sou disiplin. Èske lè nou li nan Bib la nou jwenn kote Jezi te gaspiye tan L', oubyen kote Li te rete san L' pa fè anyen, oubyen kote Li te fè parese ? Janmen ! Malgre kò pa L' la te menm jan ak kò pa nou, nou pa jwenn sa. Lè Li te fatige, Li te sèvi lòt moun. Lè Li te grangou, Li te fè jèn. Epi gen kèkfwa lè L' te fatige, Li te pase tout nwit la nan lapriyè.

## **Vèsè Memwa W' :**

Se poutèt sa, m'ap kouri, men je m' pa sòti sou kote pou m' rive a. Mwen tankou yon nonm k'ap tire koutpwen, men mwen pa tankou moun k'ap goumen ak lonbraj li. Mwen aji di ak kò m', mwen kenbe l' kout. (1 Korent 9.26-27)

## *Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A*

Se yon bagay ki difisil pou pifò nan nou ki se Kretyen pou n' mete yon tan apa pou Bondye. Èske ou satisfè avèk kantite tan ou pase nan lapriyè ? Èske ou konn li Bib la jan ou dwe li l' ? Gen anpil fwa ou di ou pa gen tan pou bagay sa yo, oubyen ou kapab bay yon pakèt eskiz. Men anverite, se parese ou parese. Pa vre ? Sètènman ! Ou bezwen disiplin. Ou bezwen mande Senyè Jezi pou L' ede w' fè sa. Se si ou bezwen fè pa w'. Ou bezwen discipline kò w' chak jou. Pa kite kò w' di w' sa pou w' fè !

Chè frè m', ou bezwen discipline kò w' lè pou w' fè jèn. Pa fè eskiz tankou : « *Mwen pa ka fè jèn, paske lè m' fè jèn tèt mwen fè m' mal. Tèlman mwen vin toudi mwen pa ka sipòte.* » Sa k' fè sa se paske ou poko antrene kò ou. Kò w' mande anpil disiplin toujou. Apòt Pòl te travay ak kò li jiskaske li te jwenn rezulta li t' ap chache a.

Ann sipoze se yon Dimanch apremidi epi ou santi kòmsi ou pa vle fè anyen

## Tras Pye Kris yo

menm. Konsyans ou di w' : « Al vizite Frè Rony, li vrèman dekoraje. » Men kò w' reponn : « Ala yon traka ! Chemen an déjà plen labou epi li pral fè lapli toujou. Lè fini, mwen anvi kouche sou nat mwen pou m' fè yon ti dòmi. Pa blyie, jodi a se yon jou repo. » Se konsa kò w' pote viktwa a. Rony ret dekoraje. Se konsa tou, ou manke fè sa Mèt ou di w' fè.

Li vrèman enpòtan pou n' discipline nou parapò ak bagay materyèl tou. Bib la di nou dwe fidèl nan bagay materyèl yo avantou. Annou pa fè menm jan ak yon vwazen mwen genyen. Lè sezon an

rive pou plante mayi, li toujou fè anpil eskiz pou l' pa al travay. Pou li menm, li fè twòp lapli jodi a. Denmen li fè twòp solèy. Jou apre denmen, li gen yon bagay li bezwen al regle. Anverite, se limenm ki toujou plante mayi andènye. Se kòmsi li fè alèji ak travay. Sa ki pi mal, li pa janm plante sifi epi konsa li mache mande lòt moun yo ki te travay di. Non chè frè m', m' ap mande w' pou w' gen disiplin epi al travay. Pa kite kò w' mennen w', ni nan bagay materyèl, ni nan bagay espirityèl. Kontwole l' avèk èd Bondye !



*Nou chak gen yon san parese nan nou menm,  
men Bondye pa vle pou n' rete san fè anyen.*

## **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Panse sou kèk kote nan lavi w' kote w' parese. Ekri yo. \_\_\_\_\_

---

---

2. Kounyeya, panse sou sa : Kijan mwen kapab disipline kò m' nan chak bagay sa yo ? \_\_\_\_\_

---

3. Ki pi bon fason nou kapab korije kò nou ? Pa egzanp, si kò w' mande w' pou w' manje twòp, kijan ou kapab disipline l' ? \_\_\_\_\_

---

---

## **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. 2 Pyè 1.5-11. Kiyès nan karakteristik sa yo ki vle di menm bagay ak disiplin ?

---

---

2. Mak 6.30-50. Jezi ansanm ak disip Li yo te fatige. Yo pa t' menm gen tan pou yo manje. Kisa Jezi te sijere yo nan vèsè 31 ? Kisa yo te fè dapre vèsè 32 ? Kisa ki te pase lè yo te rive kote pou yo te poze a ? Kisa Jezi te fè ? Lè L' te fin anseye yo, kisa Li te ba yo ? Kilè Jezi te gen chans poze ? \_\_\_\_\_

---

---

---

3. Pwovèb 6.6-11 ; 10.26 ; 13.4 ; 15.19 ; 18.9 ; 19.15, 24 ; 20.4, 13 ; 21.25 ; 22.13 ; 24.10, 30-34 ; 26.14-16. Li epi medite sou tout vèsè sa yo ki pale sou parese.

4. Pwovèb 10.4-5 ; 11.24-25 ; 12.14, 27 ; 13.11 ; 21.5 ; 22.29 ; 27.23-27 ; 28.19. Li epi medite sou tout vèsè sa yo ki pale sou dilijans.

## Tras Pye Kris yo

### Priyè w'

« Papa m', Ou konnen trè byen gen pafwa  
mwen parese. Papa, padone m' pou peche sa a.  
Mwen vle pou W' ede m' discipline kò mwen epi  
kontwole l'. Lè Ou wè kò mwen ap mennen m',  
ede m' pou m' nye dezi li yo, pou m' pini l' jis-  
kaske li tounen sèvitè m' olye pou l' se mèt mwen.  
Mwen di Ou mèsi nan non Jezi. Amèn. »



DEZYÈM PATI

KRIS AVÈK LAVI  
YON DISIP





# KRIS AVÈK ADORASYON PÈSONÈL

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**E**ske ou se zanmi Jezi ? Mwen swete sa. Jezi te vini sou latè pou L' te ka zanmi tout moun. Men sa Jezi te di :

Nou tout, se zanmi m' nou ye depi nou fè sa m' mande nou fè. (Jan 15.14)

Men sa lavi Kretyen an ye menm: se pou n' fè sa Jezi mande nou fè a.

Lavi Kretyen an se pa vrèman yon *religion* men li se yon *relasyon* avèk Jezi. Kè m' fè m' mal pou moun yo ki gen reliyon men ki pa gen yon relasyon pèsonèl avèk Jezi – moun tankou Jida Iskaryòt. Jida te swiv Jezi poutèt lajan. Mwen ta pito tankou Jan, disip Jezi te renmen an. Jan te swiv Jezi paske li te renmen L'. Jezi te genyen yon zanmitay avèk disip yo. Yo te toujou mache ansanm, yo te pale ansanm, e yo te fè anpil bagay ansanm menm jan bon zanmi konn fè.

Pou ou ka kenbe yon relasyon avèk Jezi, fòk ou kominike avèk Li. Menm jan Jezi te pale avèk disip Li yo, e menm jan yo te pale avèk Li, se konsa nou menm, ki se disip jounen jodi a, nou kapab pale avèk Bondye tou. Men kijan komunikasyon sa a mache menm ? Men kijan li mache : ou pale avèk Bondye atravè lapriyè, (pandan w' ap pale avèk Bondye, w' ap pale avèk Jezi tou paske yo fè yon sèl) epi Jezi pale avèk nou atravè Pawòl Li. Si ou vle kenbe yon relasyon avèk Jezi, fòk ou *priye epi etidye Bib la*. Se komunikasyon konsa ki va kenbe relasyon w' avèk Bondye.

## **Vèsè Memwa W' :**

Senyè a, se zanmi moun ki gen krenatif pou li. Li fè yo konnen kontra li pase ak yo a. (Sòm 25.14)

## *Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A*

Poukisa ou dwe kenbe komunikasyon avèk Bondye ? Gen de (2) rezon pou sa. Anpremye, se paske se sa Bondye *vle*. Epi dezyèmman, se paske ou *bezwen l'*.

Mwen kapab konprann dezyèm rezon an byen, men li difisil pou mwen pou m' konprann premye rezon an. Kijan e poukisa Bondye tout linivè a vle genyen yon zanmitay avèk mwen ? Li menm, Li tèlman sen, epi mwen menm, mwen tèlman sal. Li tèlman gran ! Mwen tèlman piti. Tèlman Li gen pouvwa ! Mwen tèlman fèb. Poukisa Li ta vle gen yon relasyon avè m' ? Malgre sa, se kach, Bondye vle genyen yon zanmitay entim avè m' epi avè w' tou. Èske ou sonje vèsè memwa w' la ?

Gen yon lòt vèsè nan Bib la tou ki di :

Ti toutrèl mwen, ou kache nan fant wòch yo, anba gwo wòch byen wo yo. Moutre m' ti figi ou non ! Fè m' tandé vwa ou. Ala bèl ti figi ou bèl ! Ala dous vwa ou dous ! (Kantik 2.14)

Vrèman vèsè sa a ap pale sou relasyon yon mari avèk madanm li. Men vèsè sa a symbolize relasyon Jezi genyen avèk nou


## Tras Pye Kris yo

tou. Li envite nou pou n' prezante devan L' pou n' genyen komunikasyon avèk Li. Menmsi l' parèt enkwayab, Bondye renmen tande vwa w' kit w' ap chante, kit w' ap priye. Kijan ou te ka refize obeyi-dezi L' ?

Ou bezwen kominike avèk Jezi. Pouki-sa ? Paske si relasyon w' avè L' vin frèt, lavi Kretyen w' vin fini epi ou pèdi ankò. Ou bezwen pataje nan pwòpte, grandè, avèk pouvwa Bondye a. Ou bezwen pataje nan gras Li ak nan renmen Li tou. Ou bezwen tout sa chak jou. Kijan ou kapab jwenn li ? Atravè komunikasyon w' avèk Li nan

lapriyè ak nan etid biblik.

Youn nan tras pye Kris te kite pou ou ki pi empòtan se pwòp bezwen pa L' pou Bondye. Gen pafwa Jezi te priye tout lan-nwit. Jodi a ou dwe kòmanse renouvre angajman ou genyen pou w' dedye yon tan chak jou pou Bondye kote pou w' etidyé Bib la e pou w' priye. Bondye ban nou venkatrè chak jou pou nou fè tout sa nou gen pou n' fè. Èske li t' ap twòp pou w' renmèt Li youn nan è sa yo ? Non ! Anverite, se yon ti kras tan. Pran yon desizyon jodi a pou w' mete apa, pou pi piti, yon èd tan pou Bondye.



Ou pale avèk Jezi atravè lapriyè.  
Jezi pale avèk ou atravè Pawòl Li.

## **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Konbyen tan ou mete apa pou w' pale avèk Bondye ? Èske ou santi li sifi ? Konbyen tan ou pral mete apa depi kounyeya ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Ki pati nan jounen an ou mete apa pou Bondye ? Èske ou santi se pati sa a ki pi bon pou w' pale avèk Bondye ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Si Bondye vle tandem vwa ou, epi ou bezwen tandem vwa Li, sivouplè, se pou ou ònèt : Kisa ki anpeche ou pou w' gen yon tan espesyal chak jou pou w' louwe Jezi ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. Kantik 2.8-17. Etidye vèsè sa yo epi eseye konprann yo nan yon sans espirityèl. Madanm lan ap pale nan vèsè 8-9. Li pale ankò nan vèsè 16-17. Li vèsè sa yo kòmsi se avè w' l' ap pale. Li vèsè 10-15 kòm yon envitasyon Jezi ap ba ou.
2. Mak 1.35 ; 6.46 ; Lik 5.15-16 ; 6.12 ; 22.41-42 ; Ebre 5.7. Etidye vèsè sa yo epi gade kòman Jezi te priye Papa L'. Se klè Li te santi yon bezwen pou L' pale avèk Papa L'. Si Jezi te bezwen pale avè L' konsa, kijan anplis ou bezwen fè sa ?
3. 1 Tesalonisyen 5.17. Kisa ou dwe fè tout tan ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. 1 Timote 4.13. Pòl te di Timote pou l' pa janm sispann li liv la. Ki liv Pòl t' ap pale la a ? Kisa ki pi enpòtan pou w' li ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

### Priyè w'

« O Papa, sa difisil pou m' kwè, men jodi a mwen konprann Ou vle genyen yon zanmitay entim avèk mwen. W' ap sèlman tann pou m' pran tan pou m' chache Ou. Ou te fè m' sonje kijan mwen bezwen Ou. Papa, mwen manke ba Ou tan Ou merite a. Padonnen m' pou gran peche sa a, mwen mande W' nan non Jezi. Jodi a mwen pran yon desizyon pou m' ba Ou plis tan. Mwen vle ba Ou pi bon pati nan jounen mwen an. Ede m' pou m' akonpli nouvo bi sa a. Mwen vle konnen e renmen Ou plis. Mèsi pou renmen W' ! Nan non Jezi, Amèn. »



# KRIS AVÈK PANSE Nou

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Jezi vle pou w' gen ide ki bon e pwòp. Li vle pou tout ide ou yo sen. Kijan ide pa w' yo ye ? Èske yo toujou pwòp e sen ? Se pou ou ònèt ! Yo pa toujou pwòp, pa vre ? An gwo sa se yon pati nan lavi nou kote nou gen pwoblèm, pa vre ?

Li nan vèsè ki swiv la pou wè ki kalite panse Jezi vle pou w' genyen :

Pou fini, frè m' yo, **mete lide nou sou** bagay ki bon, ki merite lwanj: bagay ki vre, ki kòrèk, ki dwat, ki bél, ki p'ap fè nou wont. (Filipyen 4.8)

Se byen petèt, si ide ou yo te toujou dakò avèk vèsè sa a, ou te ka pa janm fè peche. Èske ou konn poukisa ? Se paske mechanste toujou kòmanse nan kè a. Sa vle di mechanste toujou kòmanse nan panse nou. Jezi konnen si panse nou yo pwòp, enben, tout lavi nou va pwòp. Se poutèt sa li vrèman enpòtan pou nou netwaye panse nou.

Kèkfwa move lide vin antre nan panse nou nan fòm tantasyon. Lè yon moun tante, sa pa vle di li fè peche poutèt sa. Yon moun fè peche lè l' *swiv* tantasyon an. Si ou se yon gason, ann sipoze w' ap mache nan lari a epi yon fanm ki pa abiye modès vin pase devan w'. Lè ou wè l' ou gen de (2) chwa : ou kapab chwazi pou w' peche avè l' nan panse ou, oubyen ou kapab chwazi pou w' kenbe panse w' pwòp. Si ou wè yon fi konsa, voye je w' yon lòt kote epi panse konsa nan kè ou : « *Fi sa a pa pou mwen. Li*

## Vèsè Memwa W' :

M'ap kraze tou sa lèzòm nan lògèy yo ap fè pou anpeche moun konnen Bondye. M'ap mare tout vye lide ki nan tèt lèzòm yo, m'ap fè yo vin obeyi Kris la. (2 Korent 10.5)

*dwe mete yon wob ki modès pou li pa sèvi yon tantasyon pou gason.* » Apre sa kontinje fè wout ou epi panse sou bagay ki fè Bondye plezi. Si ou fè sa ou pa fè peche.

Gen yon pwovèb ki di konsa : « Ou pa ka anpeche zwazo yo pase anlè tèt ou, men ou ka anpeche yo fè nich nan cheve w' »

Move lide pral antre nan tèt ou kanmenm, men nan lesion sa a nou pral aprann kijan Jezi vle pou nou chase yo menm jan nou t' ap chase yon zwazo ki t' ap eseye fè yon nich nan cheve nou. Nou pral aprann kijan nou kapab gen yon panse pwòp menm jan Jezi te genyen lè L' te mache sou tè a. Se tras pye sa a Li te kite pou nou.

## *Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A*

Petèt li parèt kòm yon bagay enposib pou w' genyen yon panse pwòp. Petèt nan lavi ou, anvan ou te devni yon Kretyen, ou te toujou panse sou move bagay. Kijan ou kapab chanje move abitid sa a ?

**1. Mande Jezi pou L' netwaye panse ou.** Li vle fè sa. Se poutèt sa menm Li te vese san L' Fòk ou rekonèt

## Tras Pye Kris yo

move lide sa yo se peche yo ye. Jezi rayi yo. Mande L' padon epi asepte padon Li.

2. **Renmèt Jezi panse w'**. Fòk ou gen yon dezi pou chanje fason ou konn panse a. Ou bezwen kite Jezi kontwole lide ou ak panse ou yo. Ou bezwen pran yon desizyon *pou w' chanje* avèk èd Jezi.

3. **Ou bezwen kaptire chak lide epi fè l' obeyi Kris.** Sa vle di ou dwe kaptire chak lide ki vin antre nan panse w' epi fè l' soumèt anba otorite Kris Senyè a (2 Korent 10.5).

Lide nou yo se yon seri bagay ki tèlman glise. Fòk nou fè anpil efò pou n' kontwole yo. Malgre sa, fòk nou deside pou n' kaptire yo chak epi kite Bondye ede nou pou n' fè yo obeyi avèk Li.



## Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Ann ònèt, ki kalite ide ki konn pase nan tèt ou chak jou ? \_\_\_\_\_

---

---

---

2. Èske ou dakò pou w' netwaye panse ou jodi a menm ? Kijan ou pral fè sa ? \_\_\_\_\_

---

---

---

3. Si w' kapab, mete ajenou kounyeya epi fè twa (3) bagay sa yo Jezi mande w' fè pou w' ka gen ide ki pwòp. Premyèman : Mande Bondye pou L' netwaye ou. Dezyèmman : Renmèt Kris panse ou. Twazyèmman : Pran yon desizyon pou w' kaptire chak ide epi fè l' obeyi avèk Kris.

## Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Tit 1.15. Ki kalite ide ki sòti nan yon kè ki pwòp ? Ki kalite ide ki sòti nan yon kè ki sal ? \_\_\_\_\_

2. Pwovèb 15.26. Kijan Bondye gade move panse moun konn fè yo ? \_\_\_\_\_

---

---

3. Pwovèb 12.5. Ki kalite ide yon moun ki jis konn fè ? \_\_\_\_\_

---

---

4. 1 Korent 2.16. Panse kiyès yon vrè Kretyen genyen ? \_\_\_\_\_

---

---

### Priyè w'

« Papa m' ki nan syèl la, jodi a mwen rekonèt mwen gen yon pwoblèm. Anpil nan ide m' yo pa fè Ou plezi. Mwen konfese ide sa yo kòm peche. M' ap sipliye W' pou W' padonnen m' nan non Jezi. Jodi a mwen te etidye sou ki kalite ide ki fè W' plezi. Mwen pran yon desizyon pou m' panse sou bagay konsa. Ede m' kaptire tout ide m' yo, pou m' fè yo obeyi avèk Ou, pou netwaye yo, epi apre sa , pou m' prezante yo ba Ou kòm yon kado. Mwen dedye panse m' ak kè m' ba Ou, pou panse m' yo kapab sanble avèk panse pa Ou yo. Mèsi Papa. Nan presye non Jezi a, Amèn. »





# KRIS AVÈK KOLÈ

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**K**onbyen moun ki gentan fè yon bagay ki vrèman pa gen sans akòz yo te ankolè epi apre sa te vin regrèt sa yo te fè a ? Se sa menm kolè konn fè. Kolè a kòmanse avèk yon santiman nwizans epi si li te rete la, sa t' ap bon ! Anverite, nou tout konn santi nou fristre pafwa. Li vèsè memwa a ankò.

Èske vrè pwoblèm nou genyen an se paske kolè nou an pa rete nan eta fristre a ? Kolè a kontinye. Finalman, li sòti nan fòm yon ray. Lè nou vin anraje, nou deregle nèt epi nou fè yon seri bagay ki san sans.

Jezi konnen :

kolè lèzòm pa ka fè volonte Bondye.  
(Jak 1.20)

Epi se poutèt sa menm, men sa li di nan Jak 1.19 :

Se pou tout moun...pa prese fè kolè.

Jezi konnen lè yon moun vin fache li menm konn rive fè sa li pa ta renmen fè. Jezi konnen sa pa fè lòm kontan ditou lè yo vin fache. Li sèlman mennen pwoblèm avèk doulè. Se poutèt sa Bib la konseye nou plizyè fwa pou nou pa fache.

Pa fache, pa fè move san. Ou pa bezwen ennève! Sa kapab fè ou fè sa ki mal.  
(Sòm 37.8)

Reflechi sou sa Jezi te fè nan jou swa anvan Li te krisifye a lè L' te kanpe devan Gran Konsèy la. Te gen anpil fo temwen

### Vèsè Memwa W' :

Si nou ankòlè, veye kò nou pou kòlè a pa fè nou fè sa ki mal. Pa al dòmi ak kòlè nan kè nou. Pa bay Satan pye sou nou. (Efezyen 4.26-27)

ki t' ap akize L' devan chèf prêt la (li Matye 26.59-64). Se manti sèlman yo te fè sou Jezi. Kisa Li te fè ? Èske nou wè Li te fè kolè ? Non. Li te kontwole tèt Li epi Li pa t' fè peche. Li pa t' ouvri bouch Li. Li te rete bouch pe e trankil. Li se egzanp pafè nou an ! Li te kite tras pye presye sa a pou nou :

Yon moun ki gen bon konprann pa fè kolè fasil. Tout kalite li, se pa okipe moun ki fè mal. (Pwovèb 19.11)

**P**andan m' te jenn gason, anvan mwen te devni yon Kretyen, mwen te konn vin tèlman fache. Mwen sonje yon fwa mwen t' ap kouri dèyè yon ti towo bèf. Li pa t' vle ale kote mwen te vle mennen l' epi se poutèt sa mwen te tèlman vin fache, lè m' te kenbe l' mwen te jete l' atè epi mwen te kòmanse bat li kòmsi se touye mwen t' ap touye l'. Mwen santi m' wont pou m' menm ekri sa a, men akòz kolè ki te moute m' mwen te

## Tras Pye Kris yo

mòde ti towo a.

Kisa Jezi te panse konsènan aksyon mwen yo ? Mwen kwè Li t' ap gen pitye pou ti towo a. Se pa t' fòt li, se yon senp ti zannimo li te ye. Malerezman, mwen kwè Jezi te menm gen plis pitye pou mwen paske nan Pwovèb 14.17 li di :

Lè yon moun gen san wo, l'ap toujou fè betiz.

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Èske ou gen yon pwoblèm avèk kolè ? Si nou ònèt mwen kwè pifò nan nou ta reponn « Wi ». Nou gen anpil pwoblèm avèk kolè. Kèk nan nou ka demonstre sa rapid. Gen lòt ki kache l'. Men nou tout lite avèk pwoblèm sa a.

Vrèman, sa nou bezwen fè se pou n' rekonèt kolè pa ban nou anyen ki bon. Èske ou te janm fè yon kolè ki te ede ou avanse ? Èske kolè janm pote lapè ak lamou nan vi ou ? Non ! Li sèlman ba ou pwoblèm. Se sa k' fè Bib la di :

Pito ou aji ak pasyans pase pou ou fè fòs sou moun. Pito ou konn kontwole tèt ou pase pou ou gwo chèf lame k'ap mache pran lavil. (Pwovèb 16.32)

Men kijan nou pral fè sa ? Li tèlman difisil pou goumen kont mechanste sa a ! Etidye vèsè memwa ou lan ankò.

Vèsè sa a montre nou afè kolè se yon desizyon li ye, pa vre ? Sa tou nòmal, lè yon bagay pa sòti byen pou nou pou nou santi kolè a kòmanse moute nou. Sa konn rive nou tout. Men, apre sa, kisa ou pral fè ? Èske ou va kite kolè a kontinye ? Non, ou pa dwe fè sa. Se nan moman sa

a menm kote ou dwe pran yon desizyon. Rete. Panse konsa : « Èske mwen pral fè kolè oubyen non ? » Gen kèk moun ki di : « Anvan ou fè kolè, kòmanse konte pou w' rive sou ven (20) anvan ou aji. » Men, pou mwen menm, men konsèy mwen pi renmen : « Nan menm moman ou kòmanse fè kolè, priye Papa ou paske se Li menm sèlman ki ka ede w'. »

Gen yon lè, apre mwen te konvèti, mwen te vin fache avèk bèf yo. Yo pa t' vle ale kote mwen t' ap eseye mennen yo menm. Manman m' te ban m' yon bon konsèy :

« Pablo, ret trankil. Yon Kretyen kontwole tèt li. »

Men, nan moman sa a mwen pa t' vle koutte l'. Mwen te sèlman rele : « Manman, pa pale avè m' kounyeaya ! »

Pita, mwen te reflechi sou sa k' te pase epi mwen te oblige chache padon nan men Bondye e nan men manman m' tou. Se sèlman Bondye ki te ka ede m' nan yon kriz konsa. Anverite, Li toujou vle ede m'. Li vle pou n' kontwole tèt nou e pou n' aji avèk lapè ak jantiyès.

Akòz se lòm nou ye, nou vin fache kèkfwa malgre nou konnen nou pa dwe fè sa. Olye pou nou rete, panse, epi priye, nou vin fache epi nou fè peche. Kisa nou dwe fè lè sa rive nou ? Vèsè memwa nou an ede nou konn sa pou nou fè kote li di : « Pa al dòmi ak kolè nan kè nou. »

Si ou ankolè, oubyen si ou komèt yon

peche, ou gen yon travay pou fè touswit paske se desann solèy la ap desann. Ou dwe venk kolè sa a anvan ou kouche. Kisa ki ta rive w' si Senyè a te retounen nan menm swa kote ou te fè kolè a ? Menmsi Li pa retounen swa sa, si ou kenbe kolè nan kè ou, anvan lontan li va tounen yon amètim. Amètim sa a ap rasinen nan lavi ou epi li va detwi w'.

Si ou bezwen mande eskiz pou kolè w', fè sa touswit. Premyèman, mande Bondye padon paske kolè se yon peche kont Li anpremye. Apre sa, se pou w' mande

moun ki te fè w' fè kolè eskiz tou. Sa va ede w' wè erè ou te fè a se yon bagay serye epi pwochèn fwa ou p' ap fè kolè fasil menm jan. Chache lapè. Lapè se yon bon konpayon pou w' genyen lè w' ap dòmi.

Ou kapab swiv tras pye Jezi a. Ou kapab devni tankou L'

Men koulye a, pa fè kòlè, pa fè move san ni okenn mechanste. Se pou nou voye tout bagay sa yo jete. Pa kite okenn jouman ni okenn gwomo sòti nan bouch nou. (Kolosyen 3.8)



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Nan tout pwoblèm yo ou genyen kòm yon nouvo konvèti, kiyès nan yo ki ba ou pwoblèm plis ? \_\_\_\_\_
2. Èske ou dakò pou kite Bondye ede w' venk pwoblèm ou genyen an kote w' konn fè kolè ? \_\_\_\_\_
3. Dapre pati ki rele : « Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A », ki de (2) bagay ou kapab fè pou ede w' venk kolè ? \_\_\_\_\_

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Pwovèb 12.16 ; 19.19 ; 22.24-25 ; 25.28 ; 29.11, 22. Sivouplè, li tout vèsè sa yo nan Pwovèb epi aprann pou w' kontwole kolè w'.

## Tras Pye Kris yo

2. Matye 5.21-26. Li sa Jezi te di konsènan kolè.
3. Eklezyas 7.9. Ki kote w' ap jwenn kolè ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Priyè w'

« O Papa m', ede m' ! Mwen gen yon pwoblèm  
ki pi fò pase m'. Lè m' tante pou m' fè kolè,  
ede m' pou m' rete epi panse sou Ou ak sou  
Ptit Ou. Nan moman sa a, ede m' pou m'  
pa fè peche kont Ou. Papa, mwen fatige  
avèk kolè mwen. Kolè pa janm pote anyen  
ki bon, se pwoblèm sèlman li bay. Epi Papa,  
si m' echwe, ede m' pou m' enb epi ede m'  
mande  
eskiz. Mesi dèske Ou sousye avèk menm  
pwoblèm sa mwen genyen an. Mwen renmen  
Ou. Nan non Ptit Gason Ou lan, Amèn ! »



# KRIS AVÈK PWÒPTE MORAL

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Lavi Jezi te pwòp nèt. Pa t' gen menm Lyon ti lonbraj mechanste nan lavi L'. Men yon vèsè ki pale sou Bondye Papa a epi ki esplike lavi Jezi a tou :

Senyè, nan tout bondye yo, kilès ki tankou ou! Pouvwa ou fè yo respekte ou! Ou se Bondye ki apa nèt! Kilès ki tankou ou? (Egzòd 15.11)

Men dyab la li menm, li mechan epi kowonpi nèt. Apre li te peche kont Bondye, li te kondane epi li te jwenn repwòch. Pa gen menm yon ti kras bonte nan li menm. Pa gen renmen nan li menm, e pa gen menm yon ti lonbraj sentete nan li nonplis.

Kris mande nou pou nou sen e pwòp menm jan *Li* sen e pwòp. Li pa vle pou nou sal menm jan ak dyab la. Pandan Jezi te mache sou tè a Li te kite yon bèl egzanp sentete pafè pou nou. Malerezman, dyab la vle pou nou sal tèt nou epi vin mechan menm jan avè l'. Nou bezwen fè yon chwa : èske nou va mechan menm jan ak dyab la, oubyen èske nou va sen menm jan ak Jezi ? Swa ou tankou Bondye oubyen ou tankou dyab la, pa gen yon twazyèm chwa.

Annegad relasyon seksyèl, plan Bondye gen pou nou pou nou kenbe tèt nou pwòp, se pou tout moun ki pa marye yo pratike abstinans. Sa vle di, tout tan yo pa marye yo pa dwe antre nan relasyon seksyèl. Epi, pou sila yo ki marye, se pou yo

### Vèsè Memwa W' :

Men sa Bondye vle pou nou: Se pou nou viv apa pou Bondye, pou nou pa lage kò nou nan imoralite.

Bondye pa rele nou pou nou viv nan vye kondisyon lèd. Men, li rele nou pou nou viv yon jan ki dakò ak volonte li. (1 Tesalonisyen 4.3 & 7)

livre kò yo ak mari yo oubyen madanm yo sèlman. Sa se yon relasyon Bondye dakò. Yon relasyon konsa vrèman bèl, li pwòp, e li sen.

Plan dyab la pou relasyon seksyèl se pou fè gason ak fi fè sèks san yo pa dwe fè l'. Nan Nouvo Testaman an, mo Grèk la pou relasyon seksyèl yo ki pa pwòp se yon mo ki rele *pòneya*. Nan Bib la nou jwenn yo sèvi ak mo tankou : *adiltè, lenkondwit*, ak *imoralite* pou tradwi mo Grèk la. Mo sa a pale sou relasyon seksyèl ki pa bon.

Dèske se Bondye ki se Kreyatè nou, epi akòz Li souvren, Li gen dwa fè pren-sip konsènan vi seksyèl nou yo. Nou se moun ki saj depi nou obeyi Bondye e pa pratike okenn kalite imoralite. Lwa seksyèl Bondye te mete pou nou yo se pou byen nou yo ye. Se poutèt sa Bondye defann imoralite epi se pou rezon sa a tou Li konn pini moun ki fè peche sa a di.

Maryaj se yon bagay tout moun dwe respekte anpil. Moun ki marye yo dwe rete fidèl yonn ak lòt. Bondye gen

## Tras Pye Kris yo

pou jije moun k'ap mennen movèz vi yo ansanm ak moun k'ap fè adiltè yo.  
(Ebre 13.4)

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Kisa nou te ka fè si Kris pa t' vese san L' ? Si se te konsa, nou tout nou ta kondane paske lavi nou chak tache avèk peche. Annou di Bondye mèsi pou vèsè sa a nou jwenn nan 1 Jan 1.9 ki di :

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè sa k gen pou fèt la: l'a padonnen tout peche nou yo, l'a netwaye nou anba tou sa ki mal.

Menm apre kè w' vin pwòp, w' ap toujou bezwen lite kont nati peche ou a. Kisa ou kapab fè pou jwenn viktwa ?

**1. Nan fon kè w', pran yon desizyon pou kenbe lavi w' pwòp.** Ou dwe pran yon desizyon fèm pou w' swiv tras pye Jezi a sou sijè pwòpte. Fòk ou fè menm bagay avèk Jòb :

Mwen te fè sèman pou m' pa janm gade yon jenn fi avèk move lide. (Jòb 31.1)

**2. Kenbe panse ou pwòp.** Tout bagay kòmanse nan panse w'. Èske ou te konnen ou kapab fè imoralite nan panse w' ? Se sa Bib la di nou nan Matye 5.28. Se poutèt sa, avèk èd Bondye, ou bezwen jwenn yon delivrans nan panse w' anpremye. (Fè yon ti revizyon nan

lesson senk [5].)

**3. Priye chak jou epi mande Bondye pou L' fè ou gras pou w' kapab viv yon lavi ki pwòp nèt.** Mond lan ofri w' anpil bagay ki pa pwòp. Dyab la ap toujou atake w' avèk malpwòpte ak imoralite li. Se sèlman avèk èd Sentespri a ou kapab kenbe lavi w' pwòp. Priye chak maten epi mande Bondye pou Li fè ou gras. Si w' ta fayi pandan jounen an, se pou w' priye touswit epi mande Bondye pou L' padonnen peche w'. Se nan fason sa a ou va kenbe lavi w' pwòp.

**4. Chache èd yon frè ki gen plis matirite pase w' nan legliz kote ou mache a.** Si l' toujou difisil pou w' kenbe lavi w' pwòp malgre w' ap swiv twa (3) premye etap sa yo, lè sa a ou dwe chache jwenn ak yon frè nan legliz kote w' mache a pou l' ede w'. Petèt frè sa a kapab pastè legliz la. Si ou se yon fi, al jwenn ak madanm pastè a, oubyen yon lòt sè ou kapab konfye e ki gen ase matirite pou l' ede w'. Se pou w' ònèt nèt. Pa sere anyen. Bondye te ba ou frè ak sè nan lafwa a pou ede w'. Etap sa a se yon bon fason pou ede w' venk peche imoralite a.

Chè frè ak sè, pa poze toutan ou pokonnan objèktif sa a Apòt Pòl te mete devant Timote :

Evite tou sa ki mal. (1 Timote 5.22)



## **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Poukisa Bondye mande pou w' pwòp ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Poukisa Bondye rayi imoralite ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Site kat (4) etap yo ki kapab ede w' mache pwòp chak jou.
  - a. \_\_\_\_\_
  - b. \_\_\_\_\_
  - c. \_\_\_\_\_
  - d. \_\_\_\_\_
4. Ki defi Apòt Pòl te ban nou ? \_\_\_\_\_

## **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. Ezayi 6.1-8. Etidye vizyon sa a Ezayi te fè a. Konbyen fwa nou wè Bondye sen ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. 1 Pyè 1.13-16. Poukisa nou dwe sen ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. 3. 2 Korent 6.14-16. Esplike kijan nou kapab kenbe tèt nou pwòp.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

### Priyè w'

« O Bondye ki sen e pwòp, mèsi dèske Ou te montre m' kijan Ou ye. Mèsi dèske Ou te montre m' kijan pou m' netwaye lavi m' tou. Se yon bagay ki vrèman lèd lè nou kontamine e plen ak salte ! Ou te libere m' kont bagay lèd sa yo. Ou te plen mwen avèk pwòpte Ou epi mwen santi m' gen lapè avèk Ou. Mèsi anpil Senyè ! Mwen sèlman sipliye W' pou W' ede m' kenbe tèt mwen pwòp chak jou. Papa, Ou konnen tout sa lemonn nan ofri m'. Ou konnen byen tout tantasyon mwen yo. Kenbe m' nan sentete Ou. Ban m' kouraj Ou ak gras Ou pou mwen kapab pwòp menm jan avè W'. Mwen remèsi W' nan non Jezi a ! Amèn. »



# KRIS AVÈK PAWÒL OU

## Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou

**K**ijan ou panse Jezi te pale pandan Li te mache sou tè a ? Èske ou panse Li te konn pale pawòl sal oubyen te konn bay move blag ? Èske Jezi te janm sèvi ak gwo mo ? Mwen sèten Li pa t' fè sa. Li te kite yon tras pye pafè pou nou nan fason Li te byen sèvi avèk lang Li. Men sa Bib la fè nou konnen sou Jezi lè Li te mache sou tè a :

Tout moun t'ap pale byen pou li. Yo te sezi tandem *bèl pawòl* ki t'ap sòti nan bouch li. Yo t'ap di konsa: Se pa pitit Jozef la sa? (Lik 4.22)

Lang ou gen yon gran kapasite pou l' fè bon travay. Ou kapab pale *bèl pawòl* tou. Bib la ban nou yon defi nan Jak 3.2 kote li di :

Yon moun ki pa janm bite nan pawòl li, se yon moun ki bon nèt; moun sa a kapab kontwole tout kò l' byen tou.

**T**e gen yon jenn gason (an-nou rele l' Jak), ki te gen gwo pwoblèm avèk lang li. Li te konn di gwo mo. Li te konn bay manti. Epi li te gen pwoblèm avèk lòt moun poutèt kalite bagay li te konn di sou yo.

Yon jou Jak te renmèt Kris lavi l'. Pandan li t' ap kite legliz la kote li te fenk pran Jezi kòm Sovè pèso-

### Vèsè Memwa W' :

Pa kite okenn move pawòl sòti nan bouch nou. Pale bon koze ki ka ede lòt yo grandi nan konfyans Bondye, koze ki ka ede yo lè yo nan move pa. Konsa, se yon byen n'a fè pou moun k'ap tandem nou yo. (Efezyen 4.29)

nèl li, yon move pawòl te sòti nan bouch li pou demonstre jan li te alèz avèk jan li te kontan. Tèlman abitid sa a te fò nan li menm. Sèl bagay, Jak se pa t' menm moun nan ankò. Kòm li te konnen Bondye pa t' dakò mo l' te itilize a, li te priye e te di Bondye : « Padonnen m' ! »

Lang ou gen yon gran kapasite pou fè sa ki mal. Malgre li piti, li tèlman move epi Bib la avèti nou konsènan danje ki nan lang nou an.

Konsa tou ak lang moun. Piti kou li piti, li vante tèt li pou gwo bagay li ka fè. Gade ki jan yon ti flanm dife ka boule yon gwo rakbwa! Enben, lang se tankou dife. Se la tout lenjistis rete. Paske se yon manm nan kò nou li ye, l'ap kontaminen tout kò a nèt. Se lanfè menm ki mete dife nan li. Apre sa, li menm pou tèt pa l', li mete dife nan tout lavi nou. (Jak 3.5-6)

## Tras Pye Kris yo

Tout sa depan sou ou ! Èske lang ou va bay pawòl dous menm jan ak Jezi oubyen èske li pral limen dife ki pral detwi anpil bagay ?

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Kijan ou kapab swiv tras pye Jezi kon-sènan fason nou dwe sèvi ak lang nou ? Pou nou kòmanse, annou gade kèk *move fason* ou ka itilize lang ou. Ou dwe fè tout sa ki posib pou evite bagay sa yo.

#### 1. Twòp pawòl

Kijan lang ou ye ? Èske li tankou yon pi atezyen k' ap bay, bay, bay, san l' pa janm rete ? Se souvan nou gen yon move abitid pou n' pale twòp. Salomon te vrèman saj epi li te ekri vèsè sa a ki swiv la pou n' ka sonje verite sa a :

Plis ou pale anpil, plis ou ka rive fè peche. Lè ou gen bonjan konprann ou kenbe bouch ou fèmen. (Pwovèb 10.19)

Nou dwe sonje vèsè sa a tou ki di :

Yon moun ki dwat kalkile anvan li bay repos. Men, mechan yo prese bay move pawòl. (Pwovèb 15.28)

#### 2. Gwo mo

Gen anpil jenn ki kwè lè yo lage gwo mo se granmoun yo granmoun. Se paske yo panse se sa granmoun avèk gwo nèg konn fè. Sepandan, sa pa vre kras ! Gade vèsè memwa ou lan ankò.

Gade sa Salomon te di dapre sajès li :

Veye bouch ou ak lang ou, ou p'ap nan pwoblèm. (Pwovèb 21.23)

#### 3. Move blag

Èske ou te konnen nou pral rann

Bondye kont pou tout bagay nou di, menm pawòl ki san sans yo ?

M'ap di nou sa: Jou jijman an, moun gen pou rann kont pou tout pawòl yo di yo pa t' bezwen di. (Matye 12.36)

Kijan nou kapab konnen si nou dwe bay yon blag ? Fè kòmsi se Jezi w' ap bay blag la. Si ou pa t' ap santi w' alèz pou bay Jezi blag la, pa bay pèsonn li nonplis. Men konsèy Salomon ban nou :

Pawòl ki sòti nan bouch yon moun ki gen konprann sèvi yon lwanj pou li. Men pawòl nan bouch moun sòt ap lakòz lanmò yo. Lè yo konmanse pale, se betiz y'ap di. Men lè y'ap fini, se pawòl moun fou nèt y'ap di. (Eklezyas 10.12-13)

#### 4. Tripotay

Tripotay dous nan zòrèy moun ki vle tandé yo. Sa mache nan san yo. (Pwovèb 18.8)

Sa vrèman lèd lè nou pale lòt moun mal. Nou tout konn sa, men sa mande nou anpil efò pou n' pa fè l', pa vre ? Sa konn fè nou plezi pou n' rakonte pwoblèm lòt moun. Men, sa se yon peche. Se poutèt sa wa Salomon di nou konsa :

Si ou vle moun renmen ou, padonnen lè yo fè ou mal. Si w'ap mache repeste bagay moun fè ki mal, w'ap mete zanmi dozado. (Pwovèb 17.9)

Enben, poukisa Jezi te ba ou yon lang ? Èske Li te ba ou l' pou w' ka chante chan lemonn, pou pale move pawòl, oubyen pou pale vwazen w' mal ? Non ! Janmen ! Jezi te

ba ou yon lang pou w' ka louwe Bondye epi pou w' ka beni epi ankouraje lòt moun. Jezi te ba ou yon lang pou w' ka pale pawòl ki plen lagras menm jan Li te fè pandan Li te mache sou tè a.

Bon langaj vrèman enpòtan. Jezi vle pou w' itilize lang ou pou w' fè byen. Se poutèt sa Bib la di nou konsa :

Lè n'ap pale, di bagay ki pou fè yo kontan, ki pou enterese yo. Konn ki jan pou nou reponn chak moun. (Kolosyen 4.6)

Epi nan Pwovèb 25.11 li mete aksan sou kijan bon pawòl vrèman bèl kote li di :

Lè ou bay bon pawòl ki tonbe daplon

se tankou yon moso lò byen travay yo plake sou yon moso ajan.

Mwen konnen se pa yon bagay fasil pou w' kontwole lang ou. Anverite se yon bagay ki enposib pou nou menm lòm. Men sa Bib la di nan Jak 3.8 :

Men, pou lang lan menm, pèsonn pokò ka donte li.

Mwen konnen sa se vre paske mwen te eseye fè l' pandan plizyè ane anvan mwen te konvèti san m' pa t' kapab. Men, lè Jezi te antre nan lavi m', tout bagay te chanje. Ti istwa mwen te bay tale a sou mesye a ki te rele « Jak » se te sou mwen menm menm !



### **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Panse sou pwòp lang pa ou. Poukisa Bondye te ba ou l' ? Èske ou kwè ou konn sèvi ak li pou rezon sa a sèlman ? \_\_\_\_\_
  

---

---

2. Si Bib la di pèsonn pa ka kontwole lang lan, ki solisyon ki genyen ? \_\_\_\_\_
  

---

---

3. Ki wòl ou jwe nan zafè kontwole lang ou ? \_\_\_\_\_
  

---

---

4. Apre ou devni yon Kretyen, kisa ou dwe fè si ou fayi avèk lang ou kote ou di kèk bagay ou pa dwe di ? \_\_\_\_\_
  

---

---

## Tras Pye Kris yo

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Pwovèb 12.18 ; 13.2-3 ; 15.1-2, 23 ; 18.20-21 ; 25.15. Etidye vèsè sa yo epi rekonèt pisans ki gen nan lang nou. Li Jak 3.1-12 tou.
2. Pwovèb 10.20-21, 31-32 ; 12.25 ; 15.4, 7 ; 16.23-24 ; 18.4 ; 20.15 ; 24.26 ; 25.11 ; Ezayi 50.4 ; Matye 12.37. Etidye vèsè sa yo epi aprann kijan pou w' di bon bagay ki edifye lòt moun.
3. Pwovèb 12.23 ; 14.23 ; 17.27-28 ; 18.6-7, 13 ; 27.14 ; 29.20. Etidye vèsè sa yo epi aprann kijan pou w' kontwole lang ou.
4. Pwovèb 10.18 ; 11.9, 12-13 ; 12.6 ; 16.27-30 ; 20.19 ; 25.18 ; 26.20, 22. Etidye vèsè sa yo epi aprann pou w' pa fè tripotay.

### Priyè w'

« O Bondye etènèl, mwen genyen yon pwoblèm epi Ou konnen l' trè byen. Se yon pwoblèm avèk lang mwen. Ti pati sa a ki nan kò mwen vrèman difisil pou m' kontwole. Se lè m' panse m' gentan rann li dou e trankil, li vin pete epi yon bann move bagay vin sòti. Papa, Ou konn donte sa k' pi rebel yo. Konsa mwen mande W' pou W' pran lang mwen epi donte l' pou onè W' ak glwa Ou. Mwen vle pou lang mwen chante lwanj non Ou ki tèlman gran. Mwen vle pale sou sentete W' olye pou m' pale sou vye bagay lèd. Olye pou m' pale bagay sal, mwen vle pale sou bagay ki pi. Olye pou m' pale ak kolè sou frè mwen yo, mwen vle pale sou renmen W'. Olye pou m' sèvi lènmi a avèk lang mwen, mwen vle louwe epi sèvi Ou menm sèlman. Mèsi dèské mwen konnen si m' fè pati pa m', Sentespri W' la va ede m'. Mwen di Ou mèsi nan non Jezi. Amen ! »



# KRIS AVÈK MANTI

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**M**wen te gen yon zanmi ki te rele Anri, epi gen yon fwa li te di m' : « Yon ti manti se pa yon mal li ye. »

Lè m' te di se pa vre, li te reponn konsa : « Men gen kèk fwa ou oblige bay yon manti. Pa egzanp, si te gen kèk nèg ak zam ki ta vin lakay ou ap chache Tim, ki se yon zanmi w', pou yo te ka touye l', kisa ou t' ap di yo ? Se si, menmsi l' ta la ou t' ap toujou di l' pa la. Se poutèt sa mwen di fòk ou bay manti pafwa. »

Èske sa zanmi m' nan te di se vre ? Èske nou oblige bay manti pafwa ? Kisa Kris di nan sijè sa a ? Ann gade nan Bib la pou n' chache yon repons pou kesyon sa yo. Pa egzanp, nan Bib la nou li konsa :

Pa bay frè nou yo manti. Paske, nou voye vye moun nou te ye a jete ansanm ak tout vye mès li yo. (Kolosyen 3.9)

Èske ou wè ? Sa zanmi m' te di a se pa vre. Li *pa janm* bon pou bay yon manti. Menmsi pi fò moun yo bay manti, sa pa fè manti pase pou verite. Manti fè pati ansyen nati nou an, li pa fè pati Kris. Kris pa t' janm bay manti. Manti se yon bagay ki kont karaktè Li e Li pa janm ban nou manti nonplis.

Poutan, Bib la fè nou konnen dyab la se « papa bay manti li ye » (Jan 8.44). Lè ou bay manti se pa langaj Kris w' ap pale paske langaj pa L' la se laverite. Lè ou bay manti, se langaj dyab la w' ap pale. Toujou sonje sa !

Dapre tras pye Kris, li ta pi bon pou w'

### **Vèchè Memwa W' :**

Se poutèt sa, sispann bay manti. Se pou nou di verite lè n'ap pale ak frè nou, paske nou tout se manm yon sèl kò nou ye. (Efezyen 4.25)

mouri olye pou w' bay manti. Poukisa ? Paske manti se yon peche li ye, li vrèman pa bon, se mechanste li ye. Ann panse avèk egzanp zanmi m' Anri te ban mwen an. Dapre li menm, fòk mwen ta bay manti si moun yo te vini pou touye Tim. Men, si ou bay manti epi ou ta mouri lamenm, ou ta mouri nan peche, epi ou taprale toudwat nan lanfè a. Si ou mouri pou verite a menm jan ak Kris, ou taprale nan syèl la. Sa mil fwa pi bon pou w' bay verite a epi ale nan syèl la pase pou w' bay manti e ale nan lanfè a. Pa janm blyie sa !

Bib la pale trè klè lè l' di nou ki kote mantè yo prale :

Men, pou moun ki lach yo, moun ki pa kenbe pawòl yo, ansasen yo, bann moun deprave yo, moun k'ap fè maji yo, moun k'ap adore zidòl ansanm ak moun k'ap bay manti, plas yo se nan letan dife ak souf k'ap boule a yo ye. Se sa yo rele dezyèm lanmò a. (Revelasyon 21.8)

Pawòl Bondye a fè nou konnen, moun ki bay manti, se nan lanfè a yo prale. Pa janm gen yon lè ki bon pou w' bay manti. Zanmi mwen Anri te twonpe.

## Tras Pye Kris yo

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Ann sipoze ou se yon manman ki gen timoun ki vrèman dezòd. Ann sipoze, pa egzanp, gen youn nan timoun ou yo ou pa vle pou l' al jwe nan lakou a paske gen anpil labou la a. Konsa ou di timoun nan pou l' pa sòti, men l' dezobeyi w'. Apre sa, olye pou w' pran tan pou w' discipline l' e korije l' jan Bib la mande a, ou sèlman rele sou li byen fò : « Pa sòti ! Yon koulèv va mòde w' ! »

Sa fè l' pè epi konsa li antre pou yon ti tan. Men apre yon tan li vin wè sa ou te di a pa vre. Pezape li vin aprann manman l' pale langaj dyab la. Apre sa li vin pa kwè ou menm.

Frè m', petèt gen yon pwoblèm ki vin leve nan legliz kote ou mache a. Petèt gen yon moun ki di ou te di Frè Ismith parese nan travay Senyè a. Lè w' te di sa, ou te


panse li pa t' ap janm konn sa. Men yon jou, frè a vin kontre avè w' epi li vle fè kont avè w' pou sa. Gen yon ti vwa andean w' ki di konsa : « *Di l' se yon lòt frè ki te di sa, se pa t' ou menm.* »

Vwa ki moun sa ye ? Sa se vwa Satan, ki se papa manti !

Men gen yon lòt vwa nan lespri w' ki di : « *Wi, se vre. Ou dwe admèt sa epi mande frè a padon. Li pi bon pou w' wont kounyeya epi pou gen lapè.* »

Ou dwe di : « Wi frè m', mwen te di sa. Padonnen m'. Mwen pa t' dwe pale konsa. »

Tras pye dyab la se yon chemen long ki plen manti ak twonpri. Tras pye Jezi a se yon chemen etwat e ònèt. Li pa gen manti nan Li menm. Nan ki chemen ou pral mache ? Langaj kiyès ou pral pale ?



Yon koulèv va mòde w' !

## **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Èske ou te reponn tantasyon ou yo jodi a avèk yon manti ? Kibò tantasyon sa a te sòti ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Èske ou dakò pou w' toujou bay verite a jan Kris mande w' fè a ? Èske ou pral bay verite a menmsi w' pral mouri poutèt verite ou bay la ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Poukisa yon manti se yon bagay lèd Kris pa vle tande menm ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Site youn nan bagay yo Kris pa ka fè. \_\_\_\_\_
5. Ki kote moun yo ki pale langaj dyab la prale ? \_\_\_\_\_

## **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. Ebre 6.17-20. Kisa ki enposib pou Bondye ? Ki konfyans nou gen poutèt sa ? Kisa ki se lank nou an ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Pwovèb 13.5. Kisa yon moun ki jis va rayi ? \_\_\_\_\_
3. Travay 5.1-11. Ki gwo peche Ananyas ak Safira te fè ? Sa te koute yo vi yo ! Dapre vèsè 4, ki moun yo te bay manti ? Dapre Revelasyon 21.8, ki kote Ananyas ak Safira ye jodi a menm ? Èske li pa pi bon pou toujou pale verite ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

### Priyè w'

« O Bondye ki se verite, Ou toujou renmen verite. Ede m' pou m' ònèt. Padonnen m' pou manti mwen konn ba Ou yo malgre mwen te panse se lòm sèlman mwen t' ap bay manti. Fè m' aprann li pi bon pou m' mouri pase pou m' bay manti. Ede m' pou m' toujou bay verite a avèk lòm parèy mwen yo epi ede m' reziste vwa Satan an ki se lènmi W'. Mwen vle tandé vwa pa Ou sèlman. Mwen vle obeyi W' sèlman. Nan non Jezi, Amen ! »



# KRIS AVÈK FÒT DISIP YO

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Kris pa t' janm bezwen ranje yon fòt nan pwòp lavi pa L' la paske Li te san fòt. Malgré Li pa t' gen fòt, Li te toujou kite yon tras pye ki byen defini ki montre nou kisa pou n' fè chak fwa nou fayi.

Si ou se yon Kretyen, enben ou konnen lè ou te renmèt Kris lavi w' pou lapremye fwa, ou te oblige pwoche kot Bondye pou L' te ka rezoud pwoblèm prensipal ou a, ki se peche.

Ou te aprann gen kat (4) etap ou te bezwen swiv pou retire peche ou.

**1. Fòk ou te rekònèt peche ou.** Si ou pa t' janm rekònèt peche w', ou pa t' ap vin jwenn Bondye. Lè ou te rekònèt ou te fè peche, sa te vin mennen w' nan pwochòn etap la :

**2. Ou te bezwen konfese peche ou.** Sa se yon pati nan lwa Bondye a. Se pa sifi pou w' sèlman rekònèt peche ou, men fòk ou te mande Bondye pou L' padonnen w' menm jan jenn gason ki te kite lakay papa l' te fè a :

Pitit la di li: Papa, mwen peche kont Bondye, mwen peche kont ou menm tou; mwen pa merite pou ou konsidere m' pou pitit ou ankò. (Lik 15.21)

Lè nou imilye nou konsa, Bondye padonnen nou.

**3. Fòk ou te abandonne peche ou.**

## **Vèsè Memwa W':**

Pitit mwen yo, m'ap ekri nou lèt sa a pou nou pa fè peche. Men, si yon moun rive fè peche, nou gen yon avoka k'ap plede pou nou bò kot Papa a: Se Jezikri, moun ki te mache dwat devan Bondye a. (1 Jan 2.1)

Kijan sa ta ye si w' ta vin kote Papa a ap pran pòz ou repanti, men pou tan nan kè w' ou konnen ou pral fè menm bagay la ankò. Se kòmsi ou ta di konsa : « *Papa, padonnen m' poutèt mwen te vòlò pou Mme. Jozèf la. Papa, èske w' ap okipe pita, bò dizè konsa ? Ou konnen kana a Mme. Jozèf genyen nan lakou a ? Mwen gen plan pou m' al vòlò l' vè nevè, men mwen pral mande W' padon bò dizè pou Ou ka padonnen m' pou vòl sa tou.* »

Kijan Bondye t' ap gade fòt sa a ? Ou déjà konnen ! Sa se yon gwo riz ! Lè ou fè yon repantans ki sòti nan kè w', ou tou di Bondye ou p' ap fè menm peche sa a ankò. Sa vle di ou te renmèt Jezi lavi w' pou w' ka swiv Li menm sèlman, epi ou te angaje tèt ou pou w' pa fè peche ankò. Se sa Bondye mande w' fè.

**4. Ou te bezwen fè restitisyon pou peche ou yo.** Gen anpil legliz kote yo

## Tras Pye Kris yo

pa anseye sou enpòtans ki gen pou w' fè restitisyon pou peche ou te fè yo kont lòt moun. Mo restitisyon an vle di : *yon ak kote ou renmèt pwopriyèt oriinal la yon bagay ou te pran nan men l'*. Gen anpil moun ki di depi ou mande Bondye padon, sa sifi, epi ou pa bezwen fè anyen ankò. Men, kèlkeswa moun li ye a, depi ou te fè l' yon mal, fòk ou dakò pran reskonsabilite pou sa ou fè a. Sa vle di ou dwe fè menm bagay Zache te fè a. Li te yon move nèg. Li te menm konn volò. Men gade sa li te di lè l' te renmèt Jezi lavi l' :

Koute, Mèt. Mwen pral bay pòv mwatye tout byen mwen genyen. Si mwen te twonpe yon moun pou m' pran lajan l', mwen pral rann li kat fwa lavalè. (Lik 19.8)

Ki repons Jezi te ba li ?

Jodi a, kay sa a delivre paske nomm


sa a se yon pitit Abraram li ye tou.  
(Lik 19.9)

Lè ou te vin swiv prensip biblik sa yo ak tout kè w', ou te vin santi w' lib. Ou te santi yon lapè san parèy nan kè w' ! Tan w' te kontan lè w' te vin aprann gen gerizon pou tout vye peche ou te komèt yo ! Tan l' te dous pou w' te fè eksperyans ak verite ki nan 1 Jan 1.9 kote li di :

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè sa k gen pou fèt la: l'a padonnen tout peche nou yo, l'a netwaye nou anba tou sa ki mal.

## Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Lè nou kòmanse lavi Kretyen nou an, nou tout genyen yon kanè tou nèf ki tou pwòp. Men sa pa pran anpil tan pou n'



*Lè w' imilye tèt ou konsa, Bondye padonnen w'.*

twouve nou toujou sou tè a epi nati peche nou an toujou ban nou pwoblèm. Sa ka rive kote nou fayi devan Senyè nou an. Si sa rive, kisa nou dwe fè ?

Lè nou peche kont Bondye, fòk nou fè menm sa nou te fè lè nou te devni yon Kretyen. Fòk nou rekonèt, konfese, abandone, epi fè restitisyon. Lè nou fè sa, Bondye va padonnen nou.

Pawòl sa yo presye pou nou menm ki se Kretyen ! Tou dènyèman Frè Jan te fè fas avèk kèk pwoblèm kote li te santi li te fayi. Li te li menm vèsè sa a ki se vèsè memwa nou an lè li te fè yon devosyon nan legliz la. Li te santi se yon bagay presye kote li te gen yon Avoka espesyal ki t' ap plede kòz li devan Papa a. Èske vèsè sa a presye pou ou tou ? Mwen swete sa paske mwen konnen ou fayi tou. Nonsèlman sa a, men mwen konnen si ou fayi, gen yon sèl remèd. Se pou w' vin jwenn Avoka espesyal sa a. Li vèsè memwa a ankò.

Men, gen yon gwo danje. Gen kèk moun ki pretann se Kretyen yo ye ki fè espre pou yo fè peche epi konfese tanz-

antan akòz yo konnen yo gen yon si bon Avoka. Èske sa bon ? Non ! Janmen ! Si ou fè peche fasil konsa se klouwe ou klouwe Jezi sou kwa a yon dezyèm fwa epi ou meprize san presye Li a. Mande Bondye pou L' fè ou gras pou w' pa jwe avèk sakrifis Jezi a ! Kolè Bondye pral tonbe sou tout moun ki gen attid sa a.

Se poutèt sa ou dwe fè tout dilijans pou w' grandi e pou w' pa fè peche.

Se poutèt sa, derasiné tout mechanste ki te nan lavi nou. Sispenn bay manti, sispann fè ipokrizi, sispann fè jalouzi ak tripotaj. *Tankou timoun ki fenk fèt*, se pou nou kriye dèyè bon lèt san dekoupe ki sòti nan Bondye, pou nou kapab grandi, pou nou kapab fin délivré nèt. (1 Pyè 2.1-2)

Lè yon tibebe grangou, li kriye pou tete. Èske se konsa ou kriye devan Bondye pou nouriti espirityèl pou w' kapab grandi ? Mwen swete sa. Ou dwe li Bib ou epi priye chak jou pou w' kapab grandi epi kontinye devlope nan Kris. Nan fason sa a ou va grandi rapid.



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

- Site twa (3) bagay ou dwe fè lè ou fayi ?

- a. \_\_\_\_\_
- b. \_\_\_\_\_
- c. \_\_\_\_\_

- Kisa Bondye fè avèk peche ou yo lè ou swiv kat (4) etap sa yo ? \_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

3. Kisa ou kapab fè pou w' grandi rapid nan lavi Kretyen w' ? \_\_\_\_\_
- 
- 

## Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Women 6.1-14. Reponn kesyon yo ki nan vèsè 1 ak vèsè 2. \_\_\_\_\_
- 
- 

2. Women 6.15-23. Reponn kesyon yo ki nan vèsè 15 ak vèsè 16. \_\_\_\_\_
- 
- 

### Priyè w'

« O Papa m', jodi a mwen remèsi Ou pou sa Ou te fè avèk peche m' yo lè m' te chache W'. Kouneya Ou libere m' epi mwen gen lapè. Men Papa, Ou konnen mwen fayi pafwa. Se pa paske mwen vle fè sa, men se paske m' feb. Mwen santi m' tris lè m' fayi. Mwen konnen lè m' toujou ap mande padon pou menm peche a sa fè Jezi mal. Pa gen yon lòt trètman oubyen yon lòt Avoka, se sa k' fè mwen vin kote W'. Mèsi dèské Ou padonnen m' ankò. Ede m' pou m' pa fè peche ankò. Mèsi dèské Ou ede m' jwenn viktwa nan Ou. Nan non Jezi mwen priyè w'. Amèn ! »



TWAZYÈM PATI

KRIS AVÈK VIS





# KRIS AVÈK TABAK, DWÒG, AK ALKÒL

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**G**en yon lè yon zanmi m', ki te di li te vle devni yon Kretyen, te di m' konsa : « Pa gen yon vèsè nan Bib la ki di fimen se yon peche li ye. » Li te di sa paske li te kòmanse fimen ankò epi li t' ap chache jistifye tèt li. Kisa ou panse sou sa ? Èske se yon peche pou w' fimen ?

Lè yon moun fimen, oubyen pran dwòg, oubyen bwè bwason ki gen alkòl ladan yo, se detwi l' ap detwi kò li. Bondye te ba ou yon kò pou li te ka sèvi yon tanp pou Sentespri a. Ki tras pye Kris te kite pou nou parapò ak vis sa yo ? Reflechi sou vèsè sa yo :

Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp Sentespri k'ap viv nan kè nou, Sentespri Bondye te ban nou an? Nou pa mèt tèt nou ankò. Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè lwanj Bondye. (1 Korent 6.19-20)

Depi ou se yon Kretyen, kò ou se tanp Sentespri a li ye. Se poutèt sa ou dwe pran swen l'. Èske ou kapab pran swen tanp Bondye a pandan w' ap plen l' avèk lafimen, ak dwòg, epi avèk alkòl ? Non ! Konsa, fimen se yon peche li ye. Fimen se detwi l' detwi kò w' ki se tanp Sentespri a. Reflechi sou vèsè sa yo epi kite Bondye pale avè w' pandan w' ap li yo.

Èske nou pa konnen se tanp Bondye a nou ye, se Lespri Bondye a ki rete nan kè nou ? Enben, si yon moun kraze

## Vèsè Memwa W' :

Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè lwanj Bondye. (1 Korent 6.20)

tanp Bondye a, Bondye ap kraze l' tou. Paske tanp Bondye a se yon bagay ki apa pou li. Se nou menm ki tanp Bondye a. (1 Korent 3.16-17)

Gen anpil jenn ki plenyen kont lavi Kretyen an. Yo di lavi Kretyen an an-nwiyan paske yon Kretyen pa ka mele nan « bagay » oubyen vis lemonn yo. Men sa se pawòl san sans yo ye ! Rezon Bondye defann bagay sa yo se pa paske Li pa vle w' jwi yon bon bagay, men an-verite se pou w' ka jwi nan plezi ki pi bèl toujou. Bondye saj, epi menm jan yon papa va defann ti gason l' lan yon « plezi » tankou pou l' pote yon kouto ki byen file, paske li konnen li ka blese, swa pwòp tèt pa l', oubyen menm yon lòt moun, se konsa Bondye defann ou pou w' patisipe nan vis sa yo paske Li konnen yo va fè w' mal epi anfen y' ap menm touye w' ! Se sa k' fè Bondye defann yo.

## *Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A*

Mwen byen sonje yon sware lè m' te jenn gason kote mwen te fè rebel epi mwen te kite lakay papa m'. Mwen te ale nan yon

## Tras Pye Kris yo

bal byen lwen lakay mwen. Mwen pa t' vle bwè kleren swa sa a, mwen te sèlman vle pran yon ti plezi, men tèlman moun yo te cho nan kò m' pou m' bwè !

Foul la te di m' : « Bwè non, monchè ! »

Mwen te reponn : « Kite m' ! Mwen pa vle bwè. »

« A monchè ! Ou ka pran yon ti bagay. Li p' ap fè w' anyen... »

Swa sa a mwen pa t' bwè tafya, men mwen te fimen, mwen te bwè detwa byè, epi mwen te danse tou. Lapolis yo te vini epi yo te mennen m' tounen lakay nan denmen maten. Mwen byen kwè si lapolis yo pa t' mennen m' ale, nan denmen swa foul la t' ap pran plezi yo avè m' epi mwen t' ap sou tèt mwen. Se paske lè nou fè peche, nou toujou panse volan an nan men nou, men poutan volan an se nan men Satan li ye.

Menn swa sa a nan bal la kote jenn yo t' ap chofe m' pou m' bwè, te gen yon lòt

mesye ki te konn afè tafya a byen ki te ban mwen yon konsèy ki pa t' menm jan avèk pa jenn yo a. Mesye sa a te rele Alfred Kaldewòn, epi pandan bal la te tou cho li te mennen mwen menm avèk yon zanmi m' deyò a. Li te gentan wè kote jenn yo t' ap chofe nou pou n' bwè alkòl. Alfred te pase yon bwa nan kou m' epi li te pase lòt la nan kou zanmi m' nan. Li t' ap kilbite pandan nou te mache nan lonbraj lannwit la. Pawòl li yo pa t' sòti klè akòz likè li te gentan bwè a, men konsèy li a te bon.

Li te di : « Mesye, pa janm bwè likè. Sèl sa li bay se pwoblèm senpman. Pa janm pran premye ti gout la. »

Ou menm jenn, kisa ou pral fè ? Lemonn nan mete tantasyon devan w'. Men mwen ka di w' kareman, bagay sa yo pa vo anyen. Pa janm pran premye ti gout kleren an. Pa janm fimen premye grenn sigarèt la. Pa janm eseye fimen bòz. Epi,



Èske ou kapab patisipe nan vis sa yo pou glwa Bondye a ?

pa janm gade pònografi. Depi yo ta ònèt avè w', tout pechè yo ki gentan konnen vis sa yo byen t' ap ba ou menm konsèy sa a paske yo pa ta renmen pou w' fè eksperyans avèk tout mizè yo gentan pase a akòz peche sa yo.

Dyab la prezante vis li yo nan yon fason ki byen atiran. Li toujou bay yon pakèt bél pawòl pou l' fè w' santi ou fyè, oubyen pou l' ka fè w' santi ou manke yon bagay. Se konsa li pran anpil jenn nan pyèj epi li mennen yo nan kondanasyon. Menm jan yon arenyen tann fil li toupre yon limyè pou l' ka atrap tout ti bèt yo ki pwoche bò kote limyè a ye a, se konsa dyab la tann pyèj li bò kote plezi lachè yo. Depi yon arenyen pran yon bèt nan fil li, li kòmanse

souse san bèt la jiskaske sèl sa k' rete a se vye po a. Dyab la pral souse ou menm jan.

Mwen ta renmen ba ou yon ti konsèy. Sivouplè, fè menm sa m' te fè a apre polis yo te mennen m' tounen lakay. Mwen te chache Papa m' avèk tout kè m' menm jan avèk ti gason an ki te kite lakay papa l' la te fè, epi mwen te renmèt Bondye tout kè m'. Mwen te denonse tout plezi avèk vis lemonn yo pou tout tan. Mwen pa vle bagay sa yo menm ankò ! Plezi nou jwenn yo nan yon lavi n' ap mennen ansanm avèk Jezi satisfè namn nou epi satisfaksyon sa a dire plis pase satisfaksyon lemonn nan. Mwen poko janm regrett desizyon mwen te pran an. Ou dwe fè sa tou paske lavi Kretyen an se yon lavi ki vo anpil.



### **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Pale onètman. Kisa ou panse sou sa ki rele vis ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Kòm pa gen yon vèsè dirèk nan Bib la ki di se yon peche pou w' fimen epi pran dwòg, kijan ou fè konnen bagay sa yo se yon peche yo ye ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Ki avantaj yon jenn ki pa janm goute sa k' rele alkòl genyen anplis pase yon jenn ki goute l' déjà ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Kijan dyab la travay menm jan avèk yon arenyen ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Korent 6.12-20. Etidye pasaj sa a epi note ki plan Bondye genyen pou kò w'. Dapre vèsè ven (20) an, poukisa nou pa mèt tèt nou ankò ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Matye 22.15-22. Imaj kiyès ou pote nan kò w' ? Si se konsa, pou ki moun ou ye ?  
\_\_\_\_\_
3. Pwovèb 20.1 ; 21.17 ; 23.19-21, 29-35 ; Ezayi 5.11, 22 ; Oze 4.11 ; Abakik 2.5, 15 ; Efezyen 5.18. Li vèsè sa yo epi eseye konprann poukisa ou dwe rete lwen alkòl.

### Priyè w'

« Papa, mèsi dèské Ou te montre m' verite a kon-sènan vis yo. Mwen remèsi W' dèské Ou vle sa ki pi bon pou mwen, mwen konnen se poutèt sa menm Ou di m' pou m' rete lwen vis sa yo. Papa m', pwoteje m' kont vye arenyen an ki vle pran m' nan pèlen. Mwen renmèt Ou kè m' paske se Ou menm menm ki se Mèt mwen. Ou te achte m' avèk yon pri ki te koute chè, epi se poutèt sa lavi m' se pou Ou li ye. Mèsi pou tout bél plezi Ou ban mwen yo nan lavi Kretyen an. Mèsi, dèské Ou satisfè m' pou m' pa bezwen anvi lòt vye bagay. Mwen vle sèvi W' jiska lafen. Alelouya ! Nan non Jezi, Amèn ! »



# KRIS AVÈK BANBÒCH, BAL, AK FIM

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**P**lizyè ane pase pandan de (2) ti jimo nou yo te etènen lopital, mwen menm avèk madanm mwen te rete nan youn nan chanm yo nan yon legliz ki pa t' two lwen ak lopital la. Yon jou Dimanch, olye pou nou oblige pran yon long vwayaj pou n' te ale nan pwòp legliz pa nou an, nou te rete lakay pito. Yon gwoup jenn te vin fè klas lekòl Dimanch yo a nan chanm nan ki te kole avèk chanm pa nou an. Pandan nou t' ap swiv lekòl Dimanch yo a, jenn yo te kòmanse diskite si yon Kretyen gen dwa mache nan sinema ou non. Pifò nan jenn yo te di pa gen anyen nan sa. Men te gen yon jenn gason brav ki pa t' dakò avèk yo. Li te site vèsè sa a :

Gen kèk moun nan nou ki di: Mwen gen dwa fè tout bagay. Wi, ou gen dwa fè tout bagay. Men, tout bagay pa bon pou fè. Mwen ka di mwen gen dwa fè tout bagay. Men, mwen p'ap kite anyen fè m' tounen esklav li, li te mèt sa l' te ye. (1 Korent 6.12)

Dèske Bib la pa pale dirèkteman sou sijè fim nan, jenn gason an te gen pwoblèm pou l' venk rès gwoup la. Finalman pastè a te oblige antre nan sijè a pou wè si l' te ka ede pote yon solisyon. Pastè a te tonbe dakò avèk foul la epi li te di sa pa anyen pou w' ale nan sinema paske Bib la di :

Egzaminen tout bagay byen, kenbe sa ki bon. (1 Tesalonisyen 5.21)

### Vèsè Memwa W' :

Pa twonpe tèt nou. Moun pa ka pase Bondye nan betiz. Sa yon moun simen, se sa li va rekòlte. Moun ki simen sa ki fè kò l' plezi, li gen pou l' rekòlte lanmò. Men, moun ki simen sa ki fè Lespri Bondye a plezi, Lespri a va fè l' rekòlte lavi ki p'ap janm fini an. (Galat 6.7-8)

Kòm yon prèv sa l' t' ap di a, li te pran yon egzanp sou tèt pa l' kote ye swa li te dòmi ta paske li t' ap gade yon fim kote madanm yon nèg te kòmanse fè afè ak yon lòt nèg. Pou fini li te esplike kijan relasyon sa a te tounen yon jwèt make san epi jan fi a te retounen al jwenn mari l' avèk yon vrè repantans. Pastè a te di fim sa a te montre l' kijan pou l' rechte sa ki mal epi chwazi sa ki bon. Li te di li te aprann kijan pi bon renmen ki genyen an se yon renmen ant de (2) moun marye.

Mwen te prèske kriye lè m' te tandé erè pastè a ak jan li te twonpe sou kesyon sa a. Poukisa, olye pou l' dòmi ta paske li t' ap etidye Pawòl Bondye a, li te dòmi ta paske se yon fim li t' ap gade ? Poukisa li te oblige gade yon vye fim pou l' dékouvrir yon prensip biblik ki vrèman klè ? Apre klas la mwen te pale avèk jenn gason an epi mwen te felisite l' pou konviksyon l' yo.

## Tras Pye Kris yo

Bib la di konsa :

Egzante tou sa ki mal. (1 Tesalonisyen 5.22)

Men yon lòt bagay li di ankò :

Travay lachè yo menm, yo klè. Men yo : Adiltè, imoralite, salte, libètinay, bwè tafya, banbòch, epi bagay ki menm jan ak sa yo (*tankou fim ak bal*). M' ap avèti nou, menm jan mwen te déjà avèti nou an : Moun k' ap fè bagay sa yo p' ap eritye wayòm Bondye a. (Galat 5.19, 21)

Èske ou panse Jezi t' ap gade yon fim ki gen vyalans ak maji ladan l' ? Èske ou panse Li t' ap gaye pay ? Èske ou panse Li t' ap prale nan banbòch, oubyen al bat kòk nan yon gagè ap jwi nan vyalans ak vis ki genyen nan yo ? Janmen ! Plezi lemonn yo nètman kontrè avèk karaktè Jezi a ansanm avèk tras pye Li te kite pou nou an. Yon Kretyen p' ap fè bagay sa yo paske l' ap swiv tras pye Jezi a.

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Te gen yon lè fanmi mwen te rete toupre bouk la. Te gen anpil tantasyon la a. Pa egzanp, te gen yon jenn madmwazèl ki te rete anfas lakay nou, epi fi sa a pa t' konn abiye kòrèkteman menm. Pandan nou te rete la a, yon tonton mwen te vin pase nou vizit. Te gen yon jou kote fi a te manke met rad sou li epi tonton mwen te poze ti gason m' nan ki te gen disetan yon kesyon. Li te mande l' : « Èske jenn madmwazèl sa a sèvi yon tantasyon pou ou ? »

Ti gason m' nan te reponn : « Bon, tonton, sa konn rive m' vre, men avèk gras Bondye a, sa pa tèlman yon two gwo pwoblèm pou mwen. Bondye ap ede m' venk tantasyon sa a. »

Apre li te felisite ptit mwen, tonton mwen te ba li trè bon konsèy sa a :

« Gason m' nan, pa janm kite yon fi konsa sedwi w'. Pa gen anyen ki ka gate yon nomm pi vit pase yon move fanm. »

Mwen se yon pastè epi mwen gen apep-rè trantan depi mwen te konvèti. Mwen kapab di mwen pa sonje afè lemonn menm, men se yon manti li t' ap ye si m' ta di ou bagay sa yo pa konn atire m' pafwa. Kiyès ki pa ta renmen gade fim, oubyen danse, oubyen ale nan banbòch ? Bagay sa yo vrèman atiran pou chè a. Dyab la konn sa byen epi ou dwe konn sa tou. Men sa ou vrèman dwe konnen se sa ki swiv annapre lè ou fè yon peche konsa. Nou pral etidye sa a plis nan pwochen lesion an, men pou lesion sa a n' ap sèlman fè konnen dyab la se yon mèt ki trè mechan. Sèl bagay dyab la ofri ki bay yon ti plezi se plezi chanèl yo. Lè l' fin pran w' nan pyè li, li detwi w'. Dyab la :

vin volò, se touye li vin touye, se de-twili vin detwi, se sa ase li vin fè. (Jan 10.10)

Yon moun ki kouri dèyè plezi kòmanse soufri depi nan lavi sa a.

Pa twonpe tèt nou. Moun pa ka pase Bondye nan betiz. Sa yon moun simen, se sa li va rekòlte. Moun ki simen sa ki fè kò l' plezi, li gen pou l' rekòlte lanmò. Men, moun ki simen sa ki fè Lespri Bondye a plezi, Lespri a va fè l' rekòlte lavi ki p'ap janm fini an. (Galat 6.7-8)

Kisa ki rive yon moun lè l' fin fè peche ? Dyab la pa vle pèsonn konn verite a. Men yon moun ki sèvi dyab la fidèlman va jete nan lanfè a pou tout letènité nan dènye jou a - verite a boule ! Zanmi, swiv tras

pye Kris la ! Chape kò w' anba jijman terib sa a ! Swiv sentete. Se vre, w' ap oblige egzante kèk bagay, men Jezi pa tankou dyab la. Li p' ap twonpe w'. Li rezèye sa ki

pi bon an pou dènye jou a. Chemen etwat la vin anvan, men lè nou fin swiv li, l' ap mennen nou nan syèl la. Alelouya !



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Si yon moun mande w' poukisa li pa bon pou w' danse, kisa ou pral di li ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Kisa fraz « egzante tout sa ki mal » la vle di ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Kisa dyab la pwomèt l' ap bay ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Ki dènye peman dyab la ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Kisa Jezi ofri w' nan lavi sa a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
6. Ki dènye rekonpans Li bay ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Women 13.11-14. Èske ou te ka obeyi vèsè 13 la epi ale nan yon bal anmenmtan?

## Tras Pye Kris yo

- 
- 
2. Matye 5.27-28. Frè m', èske ou te ka danse avèk yon fi san w' pa gen yon move dezi pou li ? Si ou anvi genyen fi sa a, ki peche ou fè ? \_\_\_\_\_
- 
3. Li Galat 5.19-21 ankò. Sè m', mo *libètinay* la pale sou konpòtman yon moun ki tante yon lòt nan afè dezi seksyèl. Èske ou ka danse avèk yon gason san w' pa sèvi yon tantasyon pou li ? Si ou ta sèvi yon tantasyon pou yon gason, dapre dènye vèsè a, ki dènye pinisyon w' ap jwenn ? \_\_\_\_\_
- 
4. Sòm 101.3. Etidye vèsè sa a epi poze tèt ou kesyon sa a : « Èske mwen ka swiv an-sèymen sa yo epi gade fim anmenmtan ? »

### Priyè w'

« Chè Papa, mwen remèsi Ou dèské Ou te retire  
m' nan chemen Satan an. Pa kite m' tonbe anba  
desepsyon dyab yo nan plezi li ak nan fason li  
bay manti nan òf li fè yo. Fè m' sonje sèl sa dyab  
la bay se defisi etènèl. Papa,  
malgré mwen bezwen soufri si m' ap sèvi W'  
isiba, mwen konnen gen yon bél bagay k' ap  
tann mwen alafen. Mèsi, dèské pwomès ou yo  
vrè e fèm. Ou rezève sa ki pi bon, kote alafen nou  
kapab rejwi pou tout letènité nan syèl la ansanm  
avèk Ou. Mèsi pou sa Senyè. M' ap egzante tout vye  
plezi lemonn yo, sèlman m' ap mande W' pou W' ede  
m'. Mwen mande sa a nan non Jezi, Amèn ! »



# KRIS AVÈK IMORALITE

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**L**iv Pwovèb la prezante de (2) fi. Toulede gen yon bagay y' ap ofri. Jodi a mwen ta renmen prezante w' de (2) medam sa yo. Men premye fi a :

Tande byen. Sajès ap rele byen fò. Entèlijans ap pale fò pou tout moun tande. Li kanpe sou tèt ti mòn yo, sou bò wout la, nan mitan kalfou yo. L'ap pale byen fò bò pòtay lavil la, sou tout papòt yo, l'ap di: Nou menm lèzòm, se ak nou m'ap pale. M'ap rele pou tout moun ki sou latè tande. Sa m' pral di la a se verite. Mwen pa kapab bay manti. Si ou pale ak yon moun ki gen bon konprann, w'ap fè l' gen plis bon konprann toujou. Plis w'ap moutre yon nonm debyen, plis l'ap mete sou kone-sans li. (Pwovèb 8.1-4, 7 ; 9.10)

Kounyeya mwen pral prezante w' dez-yèm fi a :

Moun sòt, se tankou yon fanm ki pale fò, ki pa konn anyen, ki pa wont anyen. Li chita sou yon chèz devan papòt lakay li, li kage chèz li kote ki pi wo nan lavil la. L'ap rele moun ki sou wout yo, ki pa sou bò l'. L'ap di yo: Vini jwenn mwen non, nou menm ki pokonnan anyen! Li pale ak moun ki san konprann yo, li di yo: Dlo kay moun toujou pi fre. Manje deyò toujou gen pi bon gou! (Pwovèb 9.13-17)

Premye fi a rele sajès. Li reprezante verite a. Kris se verite a. Premye fi a ofri

### **Vèsè Memwa W' :**

Pitit mwen, louvri zòrèy ou pou tande sa m'ap di ou. Louvri je ou byen pou ou wè jan m'ap viv. Fanm jennès se tankou yon twou pèlen, fanm adiltè se tankou yon pi jis jis.

(Pwovèb 23.26-27)

chemen Kretyen an ki se tras pye Jezi a.

Dezyèm fi a se yon fi mechan. Li reprezante tout sa ki mal nan mond lan, sitou move dezi seksyèl, oubyen sa lemonn nan rele « lamou », ak peche seksyèl yo.

Kounyeya nou pral etidyé sou de (2) medam sa yo pou wè kisa yo ofri anplis pase sa.

Premye bagay premye fi a ofri a se krent Senyè a, vrè lajwa, avèk yon satisfaksyon ki dire epi ki sòti nan yon respè pou Bondye. Fi sa a ofri sentete ansanm ak tout sa ki bon.

Dezyèm fi a fè anpil pwomès men li pa kenbe yon gress ladan yo. Tout sa l' ofri se manti yo ye. Men sa dyab la te fè : li te pran plezi Bondye ofri yo epi li te tòde yo epi te kowonpi yo yon fason pou kondisip li yo kapab al ofri yo devan moun. Plezi sa yo dezyèm fi a ofri se pou yon ti tan yo ye epi yo pa gen kras verite nan yo menm. Li fè konnen bwè dlo ki pa pou ou se yon bagay ki dous, men sa se yon manti. Li fè konnen yon pen ou

## Tras Pye Kris yo

manje an sekrè se bon bagay nèt, men ankò, se twonpe li twonpe w'. Bagay sa yo se mechanste yo ye epi yo pa ka janm pote yon vrè kontantman.

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Fòk ou chwazi ki tras pye ou pral swiv. Èske w' ap swiv tras pye sajès la oubyen tras pye fanm ki san konprann nan ? Ou bezwen fè chwa sa a chak jou. De (2) medam sa yo ofri machandiz yo a chak moman nan chak jou. Mwen ta renmen montre w' ki konsekans ki genyen lè ou chwazi toude medam sa yo pou w' ka fè yon bon chwa.

Fi mechan sa a san konprann epi li toujou bay sèl gress « bèl » bagay li genyen an anvan. Bagay sa a se plezi chanèl. Apre sa li bay lanfè a ki byen prepare pou chak moun ki swiv li.

Si ou deside pou w' mennen yon lavi seksyèl ki imoral, ou dwe konnen ou pral peye sa chè, menm nan lavi sa a. Fi mechan sa a ap ba ou manti ! Koute avètisman fanm saj la ban nou konsènan jan move fi a bay manti :

Bouch madanm lòt moun ka dous kou siwo myèl, pawòl ka koule nan bouch yo tankou dlo. Men, lè tout bagay fini, bouch li anmè kou fyèl, lang li file tankou kouto de bò. L'ap mennen ou kote mò yo ye a. Tou sa l'ap fè se pou touye ou. Li p'ap chache chemen lavi. L'ap pwonmennen toupatou, li pa konnen kote li prale. Koulye a, pitit mwen yo, koute m' byen. Pa janm blyiye sa m' pral di nou la a. Rete lwen yon fanm konsa. Pa janm pwoche bò pòt lakay li, pou fanm deyò pa fini avè ou, pou ou pa fè nèg ankòlè touye ou anvan lè ou! Si se pa sa, se etranje ki va pran tout

byen ou yo. Se lòt moun ki va jwi tou sa ou te travay fè. Lè w'a prèt pou ou mouri, w'a kouche sou kabann ou ap plenn. Maladi ap manje ou nan tout kò ou. Lè sa a, w'a di: Poukisa mwen pa t' vle kite yo rale zòrèy mwen? Mwen pa t' vle koute moun ki t'ap moutre m' sa pou m' fè. Mwen pa t' louvri zòrèy mwen lè yo t'ap pale m'. (Pwovèb 5.3-13)

Sajès pa janm ba ou manti, li toujou ba ou verite a. Si w' pral swiv tras pye li, w' ap oblige dakò pou w' soufri kounyeya. Ki kalite soufrans ou pral sibi konsa ? Soufrans sa a se nan jan w' ap bezwen egzante move plezi ki pa kòrèk. Plezi sa yo se detwi yo detwi w' ! Men lè ou fin reyisi nan eprèv sa a li pral ba ou rekompans li a. Li kite sa ki pi bon pou fen vwayaj la ! Koute sa li di :

Pitit mwen, pa janm blyiye sa mwen moutre ou yo. Kenbe tou sa mwen di ou fè yo nan kè ou. Se yo k'ap fè ou viv lontan. Se yo k'ap fè ou viv ak kè poze. Se pou ou toujou viv byen ak tout moun. Se pou ou toujou gen yon sèl pawòl. Mete pawòl mwen yo nan kou ou tankou yon kolye, kenbe yo nan kè ou pou ou pa janm blyiye yo. Si ou fè sa, Bondye va kontan avè ou, lèzòm va nonmen non ou an byen. Pitit mwen, kenbe pye konesans ou, pa pèdi konprann ou. Pa janm kite anyen fè ou blyiye yo. Y'ap ba ou lavi, y'ap fè lavi ou bèl tankou yon kolye ki pase nan kou ou. W'a fè chemen ou nan lavi san ou pa pè anyen. Ou p'ap janm bite sou anyen. Lè ou pral kouche, ou p'ap pè anyen. Lè w'a fin lonje kò ou, w'a dòmi nèt ale. (Pwovèb 3.1-4, 21-24)

Zanmi m' pandan w' ap deside kiyès ou pral swiv, m' ap sipliye w' pou w' fè sa m'

te fè lè m' te jenn. Lè sa a mwen pa t' konn li Bib la epi mwen pa t' konnen sa l' di nan Pwovèb. Men mwen te swiv egzanp sila yo ki te viv tout bò kote mwen.

Premyèman, mwen te swiv egzanp pi gran frè m' ki pa t' yon Kretyen. Li te swiv tras pye fi ki san konprann nan. Li te lage kò l' nan yon vi banbòch. Anvan sa mwen te renmen wè jan li te mete gwo bòt li yo, bèl chapo li, avèk bèl djin sere li yo. Pi gwo dezi mwen te genyen an se te pou m' sanble avè l'.

Men sa pa t' pran anpil tan pou tout bagay vin chanje. Talè konsa mwen te vin wè kijan peche te anbarase li. Mwen te konn wè l' ap goumen. Li te fè pitit san l' pa t' marye. Frè m' nan te menm gen gwo pwoblèm avèk leta a. Yo te fè l' peye manman pitit yo gwo kòb pou pran swen

timoun yo. Gen kèk fwa tou li te tonbe malad akòz vis li te konn pratike yo. Lè m' te wè tout sa mwen te di : « Se pa konsa mwen vle viv ! »

Men anmenmtan, mwen te gen yon lòt frè ki te konvèti nan levanjil la. Li te fè eksperyans ak yon gran chanjman nan lavi l'. Men sa ki te frape m' plis se fason menm vizaj li te montre lapè. Tèlman lavi m' te plen avèk yon gwo swaf pou lapè sa a ! Mwen te vin santi yon gwo anvi pou lapè. Malerezman, akòz rebelyon avèk kolè mwen an, olye pou m' te gen lapè, mwen te chaje avèk pwoblèm. Mwen te vin konstate pi gwo pwoblèm mwen te genyen an se te pwòp tèt mwen. Lè sa a, mwen te retounen pou m' al jwenn bon fanm sajès la, epi se konsa mwen te twouve lapè !



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Dapre ou menm, ekri yon ti eksplikasyon sou sa premye madanm nan reprezante.

---

2. Kissa dezyèm madanm nan reprezante ? \_\_\_\_\_

---

3. Site kèk nan bagay yo sajès ofri w' \_\_\_\_\_

---

4. Site kèk nan bagay yo fanm nan ki san konprann epi ki tou mechan ofri w' \_\_\_\_\_

---

## Tras Pye Kris yo

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Pwovèb 6.20-33. Dekouvri ki kalite erè sa ye lè ou swiv tras pye fanm mechan an.
2. Pwovèb chapit 7. Aprann plis sou fanm mechan an avèk ki dènye rekonpans k' ap tann moun ki swiv li yo.
3. Pwovèb chapit 8 ak chapit 9. Gade diferans yo ki genyen ant de (2) medam sa yo.
4. Women 1.18-32 ; 1 Korent 6.12-20 ; 2 Korent 6.14-7.1. Li pasaj sa yo ki sòti nan Nouvo Testaman an epi aprann konsènan tras pye toude medam sa yo.

### Priyè w'

« Papa m', mwen bezwen Ou jodi a menm ! Ou konnen fanm ki san konprann nan konn tante mwen. Se chak jou fi sa a ap eseye vegle je m' pou m' pa ka wè verite a. Sèl sa li vle pou m' wè se ti plezi yo k' ap dire yon ti moman. Li pa vle pou m' reflechi sou avni a. Men mwen remèsi Ou dèské Ou te montre m' verite a. Ou te montre m' sèl sa li ofri a se bagay pa Ou yo li te pèvèti. Li te vyole lwa sen Ou yo e l' ap ofri m' menm bagay sa yo li te vyole e te pèvèti. Ou te montre m' ki kote chemen pa l' la bout. Mèsi dèské Ou te pardonnen peche m' yo epi Ou te ban mwen lapè ki sòti nan Ou menm. Nan non Jezi, Amèn ! »



# KRIS AVÈK ESPÒ

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**V**enteyinyèm syèk sa a genyen yon dye ki ekstrèman popilè. Lemonn nan fou ap kouri dèyè dye sa a. Menm gen anpil moun ki swadizan Kretyen k' ap swiv dye sa a tou. M' ap pale sou dye a ki rele espò.

Ou kapab di : « Bon, kisa espò genyen ki fè li pa bon ? »

Malgre Bib la pa pale sou sijè espò a dirèkteman, li toujou ban nou ansèyman ki kapab oryante nou nan kesyon sa a. Jezi toujou kite yon tras pye pou n' swiv.

Pou n' kòmanse, ki kote nou jwenn nan Bib la kote Jezi te jwe yon espò, swa lè L' te piti, oswa lè L' te granmoun ? Ki tras pye Li te kite pou nou ? Lè l' te gen douzan nou wè Li te deja devwe pou L' swiv bagay Bondye yo. Li Lik 2.41-52 epi w' ap sezi pou w' wè seryozite Li avèk gran jwa Jezi te genyen an depi lè L' te jenn. Non sèlman nou pa ka jwenn yon kote nan Bib la kote Jezi te jwe yon espò, men nou konnen gen yon bagay nan espò ki pa mache dapre karaktè Jezi a, pa vre ?

Men kèk ansèyman biblik ki ede nou wè tras pye Jezi a konsènan sijè sa a :

### 1. Ansèyman an konsènan move zanmi :

Piga nou twonpe tèt nou: move za-nmi gate bon levasyon. (1 Korent 15.33)

Lè ou mache kole avèk lemonn nan

### **Vèsè Memwa W' :**

Si nan yon sans sa bon pou nou chache fè espò pou kenbe kò nou anfòm, sa pi bon toujou, epi nan tout sans, pou nou fè jefò nan sè-vis Bondye a, paske sa ap garanti nou lavi pou koulye a ak pou tout tan. (1 Timote 4.8)

afè espò, li vrèman fasil pou w' vin kowonpi. Nou dwe deside pou fè menm bagay avèk otè a nan Sòm 26.5 kote li te di :

Mwen rayi tout moun k'ap fè sa ki mal. Mwen pa chita ansanm ak mechan yo.

Yon Kretyen toujou evite tout move zanmi.

### 2. Ansèyman an sou seryozite : Bib la fè nou konnen nou dwe serye :

Tout bagay prêt pou fini. Se pou nou kenbe tèt nou anplas, veye kò nou pou n' ka lapriyè. (1 Pyè 4.7)

Fraz « *kenbe tèt nou anplas* » la vle di : « serye, modere. » Èske ou panse yon moun ki vrèman serye ta angaje l' nan yon pakèt jwèt lemonn ? Mwen pa kwè sa mwen menm. Kretyen an se yon moun ki dwe serye.

### 3. Ansèyman an sou fason nou dwe

## Tras Pye Kris yo

**jere tan nou :** Tan Bondye ban nou an vrèman presye. Nou dwe itilize l' yon faison ki bon.

Pran prekosyon pou nou aji byen avè moun ki pa kreyen yo. Pa kite okenn chans pase. (Kolosyen 4.5)

Kisa fraz : « *pa kite okenn chans pase* » a vle di ? Fraz sa a vle di ou achte tan an, ou ba l' valè, epi ou konsyan li se yon bagay ki koute chè epi li vrèman gen anpil valè. Se poutèt sa yon Kreyen pa dwe gaspiye l'. Èske ou te ka obeyi vèsè sa a pandan w' ap pase plizyè èdtan ap jwe oubyen ap pran plezi nan yon espò ?


**4. Ansèyman an ki montre nou kijan pou n' itilize lajan nou :** Moun depanse anpil lajan nan afè espò. Konbyen lajan moun yo depanse pou yo

gade yon match ? Tout sa a malgre gen anpil timoun ki grangou epi gen legliz ki manke fon pou fè lèv la mache. Èske sa fè Bondye plezi ?

**5. Ansèyman an konsènan pwòpte avèk modesti :** Lè gason avèk fi jwe espò ansanm, toujou gen tandans pou youn manyen lòt epi pou kèk pati nan kò a parèt. Nan pi fò espò yo, li pa posib pou w' vrèman jwe san kèk pati nan kò w' parèt deyò. Konsa, sa ka sèvi yon tantasyon pou lòt moun.

Mwen ta renmen tou pou medam yo abiye yon jan ki kòrèk, tou senp, san fè endesans. Yo pa bezwen nan fè gwo kwafi, mete gwo bijou lò ak bél grenn pèl ni rad ki koute chè sou yo. (1 Timote 2.9)

Èske ou kwè yon fi te ka obeyi vèsè sa a epi patisipe nan espò anmenmtan ?



Èske ou kapab patisipe nan vis sa yo pou glwa Bondye a ?

Pa fasil.

**6. Ansèyman an ki montre nou pou n' sispann viv tankou timoun :** Sa toujou bon pou timoun yo jwe. Yo bezwen jwe pou kò yo ka devlope. Men Apòt Pòl ban nou bon konsèy nan 1 Korent 13.11 :

Lè m' te timoun, mwen te pale tankou timoun, mwen te konprann tankou timoun, mwen te fè tèt mwen travay tankou timoun. Men, koulye a mwen fin gran, mwen kite tou sa timoun te konn fè.

### *Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A*

Lè nou gade tras pye Kris te kite pou nou konsènan afè espò, gen yon bagay ki ekstrèman klè : yon Kretyen pa ka mete ajenou devan dye espò a. Okontré, yon vrè Kretyen ki pridan epi ki gen matirite p' ap menm *gen yon dezi* pou l' gaspiye tan l' ap jwe epi ap gade espò.

Sa toujou bon pou timoun yo jwe, epi li bon pou paran yo jwe avèk yo lakay oubyen yon lòt kote konsa. *Se pa sa ki rele*

*jwe espò*. Men lè timoun sa yo vin gen laj konprann kote yo santi yo gen bezwen pou yo devni yon Kretyen, lè sa a yo dwe kite jwe espò avèk lòt bagay timoun yo dèyè pou yo ka grandi menm jan Kris te grandi a (jan nou te wè sa nan Lik 2.52).

Sa toujou nòmal pafwa pou yon Kretyen, kit se yon jenn, kit se yon gramoun, pou yo pran yon ti tan pou kite travay yo epi pou yo pran yon ti tan pou yo relakse kote yo patisipe nan kèk aktivite ki pa vyole okenn nan pwen yo nou te gade nan lesoun sa a. *Se pa sa ki rele jwe espò nonplis*. Jezi te konseye disip Li yo pou yo pran yon ti tan pou yo kite travay yo sou kote epi vin repoze (li Mak 6.31).

Sa vrèman bél pou wè yon gwoup Kretyen ki gen ni gramoun, ni jenn ap travay nan jaden Senyè a ! Gen anpil bon bagay Kretyen yo kapab fè ansanm pou fè wayòm Bondye a avanse tankou : chante, priye, etidye Bib la, evanjelizasyon, travay, ede vèv yo, oubyen fè travay mesaje pou yon gramoun. Konsa nou p' ap genyen ni tan, ni enèji pou n' bay dye espò a... beniswa Letènèl !



### **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Site youn nan dye popilè yo ki genyen nan venteyinyèm syèk sa a. \_\_\_\_\_
2. Ki sis (6) ansèyman nan Bib la nou dwe konsidere lè n' ap eseye deside si nou dwe patisipe nan yon jwèt oubyen non ? \_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

- 
3. Si ta gen yon zanmi w' ki mande w' poukisa ou pa jwe nan chanpyona, kisa ou t' ap reponn ? \_\_\_\_\_
- 

## Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Pyè 3.1-7. Dapre pasaj sa a nou we kijan yon fi Kretyen dwe viv. Dapre vèsè sèt (7), mari a dwe bay yon bon egzanp. Èske yon vi espò posib dapre tèks sa a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Tesalonisyen 5.6, 8 ; 1 Timote 3.2, 11 ; 2 Timote 4.5 ; Tit 1.8 ; 2.2 ; 1 Pyè 1.13 ; 5.8. Etidye pasaj sa yo epi gade kisa Bib la anseye nou konsènan yon lavi serye.

### Priyè w'

« Papa m', Ou te kreye m' kòm yon moun ki gen pati espirityèl ak pati fisik. Papa, fè m' sonje kijan jwèt pa pwofite anpil, men lè m' fè efò espirityèl, sa pwofite anpil. Plis pase sa, mwen mande W' pou W' ede m' nouri e fè espò nan kò espirityèl mwen an.  
Nan non Jezi, Amèn ! »



# KRIS AVÈK RENMEN LAJAN

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**S**e pou Senyè a tè a ye ansanm ak tou sa ki sou li. (Sòm 24.1)

Èske ou te konnen ou pa vrèman posede anyen ? Fè yon ti reflechi. Kisa ou genyen ki se pa w' li ye ? Èske bekàn nan se vrèman pa w' li ye ? Èske ou panse lajan ou genyen an se pou ou li ye ? Non. Pa gen anyen nan sa ou posede yo ki vrèman pou ou. Tout sa ou genyen se prete Bondye te prete w' yo. Se pou Li yo ye. Sèl sa ou genyen ki vrèman pa w', se volonte w' (fason ou kapab chwazi). Sa k' fè ou genyen yon volonte se paske Bondye vle pou pitit Li yo renmen L' volontèman. Apre sa, tout sa ou panse ki se pou ou, pa vrèman pou ou.

Malgré sa, genyen anpil moun ki pa konn verite sa a. Pifò moun renmen bagay materyèl, epi se menm bagay sa yo ki devni yon dye pou yo. Moun yo kouri dèyè bagay materyèl epi yo blyie si gen yon Bondye nan syèl la. Moun sa yo se yon kalite moun ki *materyalis*. Yon moun ki materyalis toujou mete bagay materyèl nan premye pozisyon. Menm jan vèsè memwa a esplike, yon moun ki materyalis va tonbe nan anpil pyèj.

Yon lè te genyen yon jenn mesye ki te materyalis. Li te genyen anpil byen epi li te sitèlman renmen byen sa yo. Yon jou jennonm sa a te vin jwenn Jezi epi te mande Li kisa li ta bezwen fè pou eritye lavi etènèl. Jezi te sonde kè nonm nan epi

## **Vèsè Memwa W' :**

Men, moun ki vle vin rich, yo tonbe nan tantasyon. Yo kite yon bann move lanvi san sans pran yo nan pèlen. Se lanvi sa yo k'ap fè moun pèdi tou sa yo genyen, k'ap fini nèt ak yo. (1 Timote 6.9)

Li te konnen jennonm sa a t' ap sèvi dye materyalis la. Se poutèt sa Li te sonde l' kote Li te di :

Vann tou sa ou genyen, separe lajan an bay pòv. Apre sa, w'a gen yon richès nan syèl la. Epi vin swiv mwen. (Lik 18.22)

Jennonm sa a te sitèlman atriste. Da-pre deklarasyon l', sa li te plis anvi genyen se te lavi etènèl. Men, sa te twòp. Li pa t' dakò pou l' pèdi richès li yo pou l' te ka jwenn sali. Konsa li te meprize sali pou l' te ka toujou kenbe richès li yo.

Bondye vle pou w' renmèt tout sa ou genyen ba Li. Nonsèlman sa, men Li menm mande pou w' renmèt Li dezi ou genyen an pou byen materyèl. Renmèt Li lajan w', mont ou, kay ou, pòtab ou, cheval ou, rad ou, si ou, sa vle di, tout bagay ! Fè sa kounyeya. Mete ajenou epi renmèt tout byen w' yo nan men Bondye. Petèt Li va pran yo. Konsa tou Li ka kite yo nan men w' pou w' jere yo pou Li.

Dapre 1 Timote 6.17-18, si genyen

## Tras Pye Kris yo

lajan oubyen byen Bondye te ba ou, ou pa dwe :

1. Kite lògèy vire tèt ou.
2. Mete espwa ou nan richès sa yo.

Men pito, si genyen byen Bondye prete w', ou dwe :

1. Enb, paske sa ou genyen an se pa vrèman pa w' li ye.
2. Mete espwa w' nan Bondye sèlman.
3. Fè byen (sèvi avèk lajan Bondye prete w' yo konsa; se poutèt sa menm Li te ba ou yo).
4. Rich nan bon zèv (ou dwe sèvi ak bagay materyèl pou w' beni lòt moun).
5. Tou prêt pou w' distribiye.
6. Tou prêt pou w' kominike. Se pou w' lib avèk tan w' kote w' pran tan pou

pale avèk moun ki anvi pale.

Se konsa ou pral etabli yon bon fon dasyon pou tan k' ap vini an ! (Gade vèsè memwa a.)

## Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Kijan ou kapab konnen si w' ap adore bondye richès la ? Kijan ou kapab konnen si bagay materyèl anbarase w' ? Poze tèt ou kesyon sa yo pou w' kapab egzaminen lavi w' :

### 1. Èske ou kontan ak sa ou genyen an ?

Nan yon sans se vre. Sèvis Bondye a se yon gwo richès pou yon moun si l' kontan ak sa li genyen an. Nou pa t' pote anyen lè nou te vin sou latè. Pa gen anyen nou ka pote ale nonplis lè n'a kite li. Se sa k' fè, si nou gen dekwa manje, si nou gen rad pou mete sou nou, sa dwe kont nou. (1 Timote 6.6-8)



*Senyè, jodi a mwen renmèt Ou tout byen m' yo  
paske mwen vle sèvi Ou menm sèl.*

Yon moun ki renmen Bondye plis pase bagay materyèl se yon moun ki kontan menmsi li sèlman genyen sa ki minim. Yon moun konsa se yon moun ki pa nan plenyen. Si ou konsa plenyen, byen petèt se paske ou anvi genyen plis epi ou vin enpasyan lè w' pa ka jwenn sa w' ap chache a. Si ou konsa plenyen, ou dwe kraze ziddòl materyalis la nan lavi w' epi rejwi nan Bondye.

**Y**on lè, yon frè ki te sèlman genyen detwa ti bèf te al nan jaden an epi li te jwenn youn nan yo te mouri frèt. Olye pou l' te fè kolè e kòmanse plenyen, li te mete pye l' sou bèf la, li te priye, epi li te remèsi Bondye. Frè sa a pa t' yon moun materyalis, pa vre ?

**2. Lè ou sibi yon pèd, kijan ou reyaji ?** Èske ou konsa fache epi kòmanse bougonnen ? Si ou fè sa, sa montre jan ou renmen bagay materyèl yo twòp.

**3. Lè yo vòlè yon bagay pou ou, kijan ou reyaji ?** Li temwanyaj espesyal sa a nou jwenn sou kèk frè nan Ebre 10.34 :

Nou te soufri... Menm lè yo te sezi tout byen nou yo, nou te kontan asepte pèdi yo, paske nou te konnen nou gen yon richès ki pi bon, k'ap la pou tout tan.

Yon moun ki materyalis pa ka sipòte sa lè yo vòlè yon bagay pou li paske li di : « Bagay sa yo se pa m' yo ye ! » Lekontré,

yon Kretyen ki gentan renmèt tout bagay bay Bondye kapab sipòte yon vol konsa paske li kwè se bagay Bondye yo moun nan te vòlè. Bay Bondye tout bagay ou yo, konsa yo p' ap ka vòlè anyen nan men w' ankò.

**4. Èske ou konsa chache fè lajan san ou pa oblige travay pou li ?** Si ou gen yon pwoblèm kote ou renmen lajan, ou pral chache fason kote ou ka vin rich san ou pa bezwen travay pou sa. Sa pa bon lè yon Kretyen konsa jwe bòlèt avèk aza. Se pa plan sa a Bondye te bati pou yon Kretyen. Bondye vle pou Kretyen an travay pou l' jwenn sa li gen bezwen.

**5. Èske ou dakò fè kèk travay ki ka donmaje lavi w' espirityèlman ?** Pa egzanp, kisa ou ta fè si yo ta ofri w' yon djòb avèk yon bon salè kote ou t' ap oblige travay jou Dimanch ? Kisa ou t' ap fè si djòb sa a ta mande w' pou w' pote yon zam oubyen pou w' vann likè oubyen cigarèt ? Kisa ou t' ap fè si ou ta papa yon fanmi epi djòb la ta mande pou w' kite fwaye lakay ou pou yon tan ? Si ou pa ta gen ase fòs pou w' reponn tout kesyon sa yo avèk yon gwo « Non ! », se adore w' ap adore dye « richès » la. Se konsa yon moun materyalis aji !

Pesonn pa ka sèvi de mèt byen anmenmtan. Li gen pou l' rayi yonn si l' renmen lòt la. L'ap sèvi yonn byen, men l'ap meprize lòt la. Nou pa ka sèvi Bondye ak lajan anmenmtan. (Lik 16.13)



## Tras Pye Kris yo

### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Ki dye ki vrèman popilè nan venteyinyèm syèk sa a ki rete nan pòch ou ? \_\_\_\_\_

---

2. Kissa yon *materyalis* ye ? \_\_\_\_\_

---

3. Si ou genyen kèk bagay Bondye te prete w', ki sis (6) bagay ou dwe fè avèk yo ? \_\_\_\_\_

---

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Sòm 62.10 ; Pwovèb 28.20. Etidye pasaj sa yo epi aprann kijan ou dwe kouri devan renmen lajan.

---

2. Detewonòm 8.11-20. Pasaj sa a montre nou ki atitud nou dwe genyen si Bondye beni nou avèk bagay materyèl. Ki atitud li ye ? \_\_\_\_\_

---

3. Matye 19.16-30 ; Mak 4.1-20. Reflechi sou sa Jezi te di konsènan byen materyèl. Sitou gade vèsè 18 ak 19 nan Mak chapit 4. Ekri pi gwo ansèyman yo nou jwenn nan de (2) vèsè sa yo. \_\_\_\_\_

---

### Priyè w'

« Papa, m' ap vini devan W' ankò avèk yon bezwen. Mwen twouve genyen yon lòt ziddòl nan mwen menm ki anvi dechire m'. Se dye mechan a ki rele « Richès ». Chak jou l' ap di m' bagay yo se pou mwen yo ye epi li vle pou m' adore yo. Ankò mwen remèsi W' dèské Ou te fè m' sonje sa se yon gwo manti epi se Ou menm ki se Mèt tout bagay. Jodi a mwen renmèt tout sa m' genyen nan men W' ankò. Si Ou vle prete m' bagay sa yo ankò, mwen va jere yo nan jan Ou vle pou m' jere yo, men mwen p' ap renmen yo. M' ap renmen epi sèvi Ou dabò. Mèsi Papa. Amèn ! »



# KRIS AVÈK MAJİ

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Èske ou kwè Bondye egziste ? Ou konn esa byen ! Epi ou konnen dyab la egziste tou, pa vre ? Sètènman. Èske ou kwè Bondye gen pouvwa ? Sa se kach ! Li genyen tout pouvwa. Ou konnen dyab la gen pouvwa tou. Dyab la pa gen menm kantite pouvwa avèk Bondye, men li gen pouvwa kanmenm pou fè nou mal.

Youn nan fason dyab la demontre pouvwa li nan lemonn se pa mwayen maji oubyen divinasyon. Bondye te avèti nou pou nou pa janm mele nan bagay sa yo. Bagay sa yo se peche grav yo ye. Ann gade kijan Bondye rayi tout kalite maji :

### 1. Fè maji

Se fasil pou nou wè sa egzijans kò a fè moun fè: Se sèvi zidòl, se fè maji. (Galat 5.19-20)

Nan vèsè sa a Bondye di fè maji fè pati « egzijans kò a » epi pi devan Li di moun ki fè bagay sa yo p' ap eritye wayòm Bondye a.

### 2. Divinasyon

Dezobeyi Bondye nan sa l' mande ou fè a se menm bagay ak fè maji. Fè tèt di ak Bondye se menm bagay ak sèvi zidòl. (1 Samyèl 15.23)

Divinasyon se yon lòt travay dyab la fè epi Bondye va jije l' san pitye. Si ou etidye pasaj sa a ansanm avèk lòt pasaj ankò, ou pral wè sa se yon peche Bondye rayi.

### Vèsè Memwa W' :

Piga gen pèsonn nan mitan nou k'ap fè divinò, k'ap etidye zetwal nan syèl la pou konnen sa ki gen pou rive, k'ap pran pwen, k'ap fè maji. Piga gen nan mitan nou moun k'ap sèvi ak cham, moun ki pral nan tab tounant, k'ap vizite moun ki konn tire kat, ak moun k'ap rele mò pou pale ak yo. (Detewonòm 18.10-11)

### 3. Astwoloji

Li revoke tout prêt ansyen wa peyi Jida yo te nonmen pou fè sèvis sou lotèl zidòl yo nan lavil peyi Jida yo ak nan zòn Jerizalèm, tout prêt ki t'ap fè sèvis pou Baal, pou soleÿ, pou lalin, pou douz gwooup zetwal yo ak pou tout lòt zetwal yo. (2 Wa 23.5)

Wi, Bondye rayi peche sa a. Epi, si ou pa konn sa, lè ou li oubyen kite yon moun li owoskòp pa w' la, sa se yon peche epi kote li pale sou « douz gwooup zetwal yo », l' ap pale sou peche sa a la.

### 4. Vye Kwayans

Men, wete lide ou sou istwa san sans ki pa dakò ak konfyans nan Bondye, ak sou radòt ki pa merite repete. (1 Timote 4.7)

Kwayans kote yo di si yon fi ansent

## Tras Pye Kris yo

gade yon kokobe, pitit li va kokobe tou, kote yo di si yon fi anvi manje yon manje lè l' ansent epi li pa jwenn li, pitit la pral pote yon mak konsa. Kwayans sa yo fè pati « istwa san sans » yo Pòl te di Timote pou l' wete nan lide l'.

### 5. Fo mirak

Lè jou sa a va rive, anpil moun va di m': Mèt, Mèt, se sou non ou nou f'ap bay mesaj ki sòti nan Bondye a. Se sou non ou nou te chase move les-pri yo. Se sou non ou nou te fè anpil mirak. Lè sa a, m'a di yo: Mwen pa t' janm konnen nou. Wete kò nou sou mwen, nou menm k'ap fè sa ki mal. (Matye 7.22-23)

Jounen jodi a gen anpil moun k' ap « fè mirak ». Gen kèk ki geri moun, men gerizon sa yo pa dire. Konsa tou gen anpil fwa yo dekouvri kote se manti moun nan t' ap fè pou l' te ka fè lajan oubyen pwofite sou moun ki pa konn sa k' ap pase. Alò, atansyon pou Senyè a pa oblige di w' : « Mwen pa t' janm konnen w' . »

### 6. Fo Vizyon

Enben! Se poutèt sa koulye a, nou p'ap fè vizyon pou twonpe moun ankò, ni nou p'ap ba yo manti sou sa ki pral rive yo. (Ezéchiel 13.23)

Se vre Bondye te konn pale, epi Li toujou konn pale avèk pèp Li a atravè vizyon. Men, atansyon. Bondye p' ap janm revele w' anyen nan yon vizyon ki opoze avèk Pawòl Li. Dyab la ka fè ou fè vizyon tou. Se konsa tou, lè yon moun ap chwazi pou l' viv nan peche,

pafwa li ka fè yon vizyon chanèl kote li panse se Bondye k' ap pale avè l' pou l' ka kontinye viv konsa. Vizyon Bondye yo sen epi yo toujou apiye Pawòl Li.

Poukisa ou ta konsilte avèk dyab la le ou kapab vin devan « pawòl » Bondye a avèk sa li « moutre nou an » ?

Si pèp la mande nou pou n' al kay divinò ak moun k'ap rele mò, yon bann moun k'ap pale chwichwi pou moun pa ka konprann, si yo di nou: Èske moun pa gen dwa mande bondye yo sa pou yo fè? Èske yo pa gen dwa al rele mò yo pou vivan yo? W'a reponn yo: Koute pawòl Senyè a, koute sa li te moutre nou an! Si nou koute moun k'ap di nou fè lòt bagay, n'ap toujou rete nan fènwa. (Ezayi 8.19-20)

Konsèy Bondye a nan Lalwa Li a (ki se Bib la) pi bon lontan pase konsèy de-prave Satan an avèk konsèy tout moun k' ap fè travay dyab la.

## Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Nan peyi pa nou an genyen anpil maji. Konsa tou, menm gen moun ki fè sèvis adorasyon pou dyab la menm.

Kòm yon Kretyen, ou pa janm dwe mele nan zafè lemonn kote yo nan afè pwen. Bagay sa yo se bagay ki mechan, ki djabolik, epi ki sòti nan lemonn. Moun fè bagay sa yo plis lè yon moun tonbe malad.

Ou pa dwe sèvi okenn nan vye priye yo moun yo konn fè pou jwenn « chans ». Pa egzanp, genyen moun ki fè priyè pou yo jwenn lajan. Bib la òdone yon metòd

## Lesson 16

pou moun fè lajan—se pou w' travay onètman. Menm gen kèk moun ki priye pou yo ka jwenn fanm. Mwen sipliye w' pou w' pa mele nan bagay sa yo, menm nan sans yon blag.

Toujou genyen yon owoskòp nan journal yo. Pa mele nan bagay sa yo. Evite tout kalite prediksyon ki fêt selon siy zodyak yo. Se sou sa yo menm owoskòp la baze ! Tout bagay sa yo se yon abominasyon devan Bondye.

Gen kèk kote moun yo pratike maji. Kouri devan bagay sa yo ! Gen moun ki pale sou maji nwa ak maji blan. Dapre yo menm, maji blan pa two mal, men se lèzòm menm ki vin avèk afè nwa e blan. Tout maji sòti nan dyab la epi Kretyen yo dwe evite l'.

Ou dwe rete lwen avèk moun ki swadizan doktè ki sèvi avèk kalite trètman ki pa syantifik. Pafwa tou yo itilize fèy ki pa gen anyen pou wè avèk maladi moun nan. Anplis pase sa, anpil nan moun sa yo ap chache fè lajan yon fason ki fasil. Konsa yo fè moun kwè yo genyen pouvwa pou yo geri moun. Nou konnen genyen vrè doktè ki konn preskri kèk kalite fèy ki ka geri yon maladi, men fòk ou toujou fè atansyon paske gen nan yo se doktè de (2) men yo

ye. Fèy yo bon. Tout sa Bondye kreye yo bon. Pwoblèm nan se pa fèy yo, men se moun k' ap sèvi avèk yo ki pa soumèt yo devan otorite Kris la. Yon bon bagay pou w' chache konnen anvan ou al konsilte kay yon doktè, se pou w' wè kisa li konnen nan afè pwen. Si l' konn fè sa, li konn mele nan afè maji. Men lè w' jwenn gerizon satanic sa a, dyab la tou kenbe w' nan yon esklavaj k' ap fè w' mal epi ki ka menm detwi w'.

Nou konnen genyen kèk moun ki fè gerizon diven. Kijan nou kapab konnen si yo sòti nan Bondye ou non ? Anvan tout, gade pou wè si y' ap obeyi tout Pawòl Bondye a. Si se pa sa, se fo pwofèt yo ye menmsi yo konn fè mirak. Èske moun sa yo konn mande lajan pou travay mirak yo fè a ? Si se konsa, yo p' ap sèvi Bondye. Le Jezi te konn geri moun, Li pa t' konn mande moun lajan.

Chak peyi genyen move kwayans ak koutim pa yo a. Fèt atansyon ! Bagay sa yo pa fè Bondye plezi nonplis. Bib la rele bagay sa yo « istwa san sans » (1 Timote 4.7).

Si yon bagay pa sanble l' dwat nèt, pa mele ladan l'. Fòk ou asire ou p' ap antrave nanm ou kote w' ap jwe avèk pouvwa lènmi Bondye a. Sa Bondye fè a klè, li dwat, epi li biblik. Swiv tras pye Kris la.



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

- Ki bagay ki genyen nan kilti pa w' la ki fè pati maji, divinasyon, fo mirak, vye kwayans, elatriye ? \_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

2. Ki kalite kwayans ki fè pati « istwa san sans » ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Lè yon moun vin fè gerizon nan zòn ou a, kijan ou kapab konnen si moun sa a sòti nan Bondye ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Detewonòm 18.9-14. Ki bagay ki se yon abominasyon devan Bondye ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. 1 Samyèl 28.3-25. Pou kòmanse nou wè Sayil te mete tout divinò yo ak tout moun ki te konn rele mò yo deyò nan peyi a, men apre sa kisa li te fè ? Dapre 1 Kwonik 10.13, ki gwo peche Sayil te fè ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. 2 Tesalonisyen 2.1-12. Dapre vèsè 9, kisa dyab la pral fè nan dènye jou a pou l' twonpe Kretyen yo ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Priyè w'

« Papa ki nan syèl la, mwen kwè nan Ou ak nan pouvwa Ou. Kòm yon Kretyen, mwen pral sèvi Ou menm sèl. Nan non chè Ptit Gason W', mwen mande W' pou W' kenbe m' kont pouvwa lènmi W' yo. Ou konnen gen pafwa pouvwa l' yo fè m' anvi wè sa k' ladan yo. Men jodi a mwen remèsi W' dèske Ou te fè m' sonje bagay sa yo se mechanste yo ye. Papa, nan fon kè m' m' ap mande W' èd. Mwen renmen W' epi mwen vle sèvi Ou menm sèlman. Mèsi Papa ! Amèn ! »



KATRIYÈM PATI

# KRIS AVÈK SOSYETE





# KRIS AVÈK SEPARASYON AK LEMONN

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**N**an mond sa a genyen de (2) sèl wayòm : wayòm Bondye a avèk wayòm Satan an. De (2) wayòm sa yo vrèman diferan youn avèk lòt. Tèlman yo diféran, ou pa kapab yon sitwayen nan toude wayòm sa yo alafwa. Men dyab la renmen konfonn moun epi li fè yo panse yo kapab swiv li, kote yo kapab jwi tout plezi li ofri yo, epi li fè yo santi yo kapab toujou rete sitwayen nan wayòm Bondye a tou.

Men gade sa Bondye te di kareman :

Pa mete tèt nou ansanm ak moun ki pa gen konfyans nan Kris la. (2 Korent 6.14)

Men sa Li di ankò :

Se poutèt sa, Bondye te di nou: Sòti nan mitan moun sa yo. Pa mele ak yo. Pa manyen anyen nou pa dwe manyen. Lè sa a, mwen menm, m'a resevwa nou. (2 Korent 6.17)

Poukisa Papa nou ki nan syèl la vle pou nou separe tèt nou avèk wayòm dyab la ?

Se paske Li sen epi Li vle pou pitit Li yo pataje nan sentete sa a. Li pa vle pou pitit Li yo sal menm jan avèk dyab la. Dapre 2 Korent 6.14-16 Li poze plizyè kesyon epi Li rann sa klè kote nou dwe separe tèt nou avèk tout sa ki sal :

Se pa sosyete konsa ki bon pou nou. Ki jan nou ta vle wè sa pou bagay ki bon, bagay ki dwat, mele ak bagay ki mal? Ki jan pou limyè ta ka mache ak fènwa? Kouman Kris la ta ka antann li ak Satan? Osinon, kisa yon moun ki kwè gen

## **Vèsè Memwa W' :**

Se poutèt sa, Bondye te di nou: Sòti nan mitan moun sa yo. Pa mele ak yo. Pa manyen anyen nou pa dwe manyen. Lè sa a, mwen menm, m'a resevwa nou. M'a tankou yon papa pou nou. Nou menm, n'a tankou pitit gason m' ak pitit fi mwen. Se Mèt ki gen tout pouvwa a ki di sa.

(2 Korent 6.17-18)

pou wè ansanm ak moun ki pa kwè?  
Kisa kay Bondye a gen pou wè ak zidòl?

Separasyon avèk lemonn se yon bagay ki vrèman bél epi nesesè pou yon pitit Bondye ! Se konsa nou ini nou ansanm avèk Wa de Wa a pou tout tan. Kisa ou ta vle genyen plis pase sa ? Gade pwomè la Bondye te bay tout moun ki separe tèt yo avèk lemonn pou yo kapab pwoche pre Bondye :

M'a vin rete, m'a viv nan mitan yo. M'a tounen Bondye yo, y'a tounen pèp mwen . . . Lè sa a, mwen menm, m'a resevwa nou. M'a tankou yon papa pou nou. Nou menm, n'a tankou pitit gason m' ak pitit fi mwen. Se Mèt ki gen tout pouvwa a ki di sa. (2 Korent 6.16-18)

## *Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A*

Èske ou pral swiv tras pye Jezi a jodi a ?  
Reflechi sou sa li di nan 2 Korent 7.1 :

## Tras Pye Kris yo

Mezanmi, se pou nou wi Bondye te fè tout pwomès sa yo. Ann kenbe kò nou ak nanm nou nan kondisyon pou n'sèvi Bondye! Ann voye tout bagay ki ka wete nou nan kondisyon sa a jete! Ann chache viv apa pou Bondye! Ann viv nan krentif li!

Si Bondye pèmèt ou antre nan wayòm Li kote Li se yon Papa espesyal pou ou, kijan ou te ka dezobeyi L'? Ou dwe dedye tout lavi w' pou w' kapab sen menm jan Li menm Li sen. Sepandan Bondye te konnen lemonn nan tapral atrap atan-syon w'.

Se poutèt sa, Li ba w' avètisman sa a :

Pa renmen lemonn, ni anyen ki sòti nan lemonn. Si yon moun renmen lemonn, li pa gen renmen pou Papa a nan kè li.  
(1 Jan 2.15)

Si nou ònèt, fòk nou rekonèt si pou n'kenbe tèt nou apa avèk lemonn, sa mande yon efò chak jou. Nou bezwen chwazi ant Bondye avèk lemonn nan chak jou. Lemonn nan toujou ofri anpil bagay. Bondye ofri anpil bagay tou. Gen anpil fwa nou mal chwazi. Men, si ou renmen Bondye, sa vle di ou pral lite pandan tout lavi w' kont lemonn pou w' ka viv pou Bondye.

Pandan ou pral lite avèk lemonn, ou dwe mete w' djanm epi veye kont bagay yo ki konn tante w'. Èske li saj pou w' gade televizyon si w' gentan konnen sa

mete anpil tantasyon chanèl devan w' ? Èske li saj pou w' koute radyo a kote pifò nan sa l' pwopaje se pwopagann lemonn nan ? Repons la klè. Annegad televizyon nou dwe reponn menm jan ak Salmis la kote li te di :

Mwen p'ap mete okenn move lide nan tèt mwen. (Sòm 101.3)

Annegad radyo a, ou dwe obeyi avèk Salomon, ki se te nonm ki te pi saj nan lemonn antye :

Cesse, mon fils, d'écouter l'instruction,  
Si c'est pour t'éloigner des paroles de la science. (Proverbes 19.27)

Chè frè m' ak sè m' yo, mwen vle pataje yon ti sekrè avè w' : rete toupre lakwa Jezi a. Mwen gentan aprann tout tan mwen rete pi pre lakwa Jezi a, lemonn nan pa aji sou mwen menm jan. Tout tan ou pi pre avèk Jezi, lemonn nan toujou rete pi lwen. Men, lè ou mache pi pre avèk lemonn nan, lè sa a ou rete pi lwen avèk Jezi.

Kle a ki genyen nan mennen yon vi separasyon ak lemonn, se pou w' mache toupre avèk Jezi. Si ou mentni yon bon relasyon avèk Li, epi si ou gen yon renmen aktif pou Bondye, enben, lè sa a lemonn nan pèdi atirans li. Men lè relasyon w' avèk Bondye kòmanse frèt, lè sa a lemonn nan va tante w' fò. Pa dekole w' avèk Jezi !



## Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Si se de (2) sèl wayòm ki genyen, nan ki wayòm moun yo tonbe ki gen yon pye nan lemonn, epi yon pye nan legliz la ? \_\_\_\_\_

- 
- 
2. Gade mo espesyal sa yo : *zanmitay, kominyon, fratènité, patisipasyon*, avèk *akò*. Èske ou vle pratike sa mo sa yo siyifi avèk Bondye oubyen avèk dyab la ? \_\_\_\_\_
- 
- 
3. Si ou rekonesan avèk Bondye dèské Li kite w' antre nan wayòm Li, kisa ou pral fè pandan tout rès lavi w' ? \_\_\_\_\_
- 
- 
4. Ki kle ki genyen nan separasyon avèk lemonn ? \_\_\_\_\_
- 
- 

### **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. Li Kolosyen 1.3-14. Dapre vèsè 13, ki bagay espesyal Kris te fè pou nou ? \_\_\_\_\_
- 
- 
2. Efezyen 5.1-20. Nou dwe mache kòm pitit limyè. Kijan ou kapab fè sa, e kisa k' ap anpeche w' fè sa ? \_\_\_\_\_
- 
- 
3. Jan 15.1-17. Pasaj sa a pale avèk nou konsènan sekrè a pou w' rete separe avèk lemonn. Kijan ou kapab « fè youn ak pye rezen an » ? \_\_\_\_\_
- 
-

## Tras Pye Kris yo

### Priyè w'

« Bondye m' nan, mwen remèsi W' dèské Ou te retire m' nan fènwa epi te fè m' antre nan wayòm Pitit Ou a. Anvan, mwen te nan fènwa, mwen te pèdi epi san espwa. Men avèk amou W', Ou te sove m' epi te pote m' nan bwa W'. Kounyeya mwen sipliye W' pou W' ede m' rete la epi pou m' pa okipe lemonn nan ankò. Senyè, Ou konnen sa pa fasil pou mwen, e si pou m' viv nan sentete, mwen bezwen èd Ou. Papa, nan non Jezi a, mwen mande W' pou W' ede m' chak jou pou m' viv selon estanda wayòm Ou a, pou W' ka toujou Papa m' ansanm avèk Bondye mwen. Mèsi ! Mèsi etènèlman ! Amèn ! »



# KRIS AVÈK LEGLIZKI CHITE YO

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**K**ounyeya mwen ta renmen pou nou pran yon ti vwayaj ansam. Mwen vle montre w' yon bèl imaj nou jwenn nan Revelasyon chapit 1. Men sa nou jwenn Apòt Jan di :

Alò, mwen vire pou mwen wè ki vwa sa a ki t' ap pale avè m' nan. Lè mwen vire, mwen wè sèt chandelye ann ò. Epi, nan mitan sèt chandelye yo, te genyen yon moun ki sanble ak yon Pitit Lòm. (Revelasyon 1.12-13)

Si w' ta kontinye li nan chapit sa a ou ta wè jan yo dekri mayifik Pitit Lòm lan nan yon fason ki vrèman bèl. Sèt (7) chandelye sa yo se sèt (7) legliz yo ye. Sa ki pi bèl seke mayifik Kris la kanpe nan mitan legliz fidèl yo. Plas Jezi okipe a kòm tèt legliz la se *nan mitan* pèp Li a Li ye.

Apre sa, nan Revelasyon chapit 2 ak chapit 3, nou jwenn mesaj la Kris te bay chak nan sèt (7) legliz yo. Mesaj sa yo toujou bon pou legliz la jounen jodi a. Jezi te fè lwanj sèt (7) legliz yo pou byen yo te fè a. Men, se konsa tou Li te repwoche moun yo ki te kite move bagay antre nan lavi yo oubyen ki te menm pratike yo. Gade sa Jezi te di legliz Efèz la poutèt yo te kite premye renmen yo te genyen pou Li a :

Chonje kote ou te ye anvan ou tonbe a, tounen vin jwenn Bondye. Repran lavi ou t'ap mennen anvan an. Si ou pa tounen vin jwenn Bondye, m'ap vini

## Vèsè Memwa W' :

... Kris la te renmen legliz la, jouk li te asepte mouri pou li. Li te fè sa pou li te ka mete legliz la apa pou Bondye. Li lave legliz la nan dlo ak nan pawòl li. (Efezyen 5.25-26)

kote ou ye a, m'ap wete chandelye ou la nan plas kote l' ye a. (Revelasyon 2.5)

Se menm avètisman sa a Jezi fè legliz ki chite yo jounen jodi a. Li rete la nan mitan legliz ki fidèl yo, epi Li pran swen yo tankou yon bon bèje. Men si yo kite premye renmen yo a, Li oblige retire chandelye yo a nan plas li.

Jezi ta pito legliz yo frèt oubyen cho. Kote Li di « frèt », L' ap pale sou yon legliz ki konnen epi ki admèt yo pèdi chemen yo a. Kote Li pale sou yon legliz ki « cho », L' ap pale sou yon legliz ki kenbe premye renmen yo a epi ki sèvi Bondye avèk tout kè yo. Men Li pa ka sipòte yon legliz ki pretann yo rete fidèl avè L', poutan se pa vre. Li pa ka sipòte yon legliz ki rele L' « Senyè, Senyè », epi ki dezobeyi L' nan lavi yo. Men sa Jezi di konsènan legliz sa yo :

Mwen konnen tou sa w'ap fè. Mwen konnen ou pa ni cho ni frèt. Pito ou te cho osinon ou te frèt. Men, ou tyèd, ou pa cho, ou pa frèt. Mwen pral vonmi ou sòti nan bouch mwen. (Revelasyon 3.15-16)

## Tras Pye Kris yo

Kisa ki kle a pou n' genyen yon legliz Kris asepte epi dirije ? Nan Matye nou jwenn yon istwa kèk moun relije ki te panse yo se te bon Kretyen. Moun relije sa yo te trè aktif nan travay legliz la. Men, sa te trè etonan pou yo lè yo te rive nan jijman final la kote Jezi pa t' rekonèt yo !

Se pa tout moun k'ap plede di m': Mèt, Mèt, ki pral antre nan peyi Wa ki nan syèl la, men se sèlman moun ki fè volonte Papa m' ki nan syèl la. Lè jou sa a va rive, anpil moun va di m': Mèt, Mèt, se sou non ou nou t'ap bay mesaj ki sòti nan Bondye a. Se sou non ou nou te chase move lespri yo. Se sou non ou nou te fè anpil mirak. Lè sa a, m'a di yo: Mwen pa t' janm konnen nou. Wete kò nou sou mwen, nou menm k'ap fè sa ki mal. (Matye 7.21-23)

Men kle a : « se sèlman moun ki fè volonte Papa m' ki nan syèl la ... » Lè yon

legliz renmen Jezi ase kote li *obeyi* Li, lè sa a Kris asepte legliz la epi Li dirije l'.

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A


Sa se yon bagay ki difisil pou w' rete yon Kretyen pou yon bon ti tan si w' pa ini w' avèk yon legliz Kretyen. Men sa Bib la di w' :

Pa pran egzamp sou moun ki pran abitid pa vin nan reyinyon nou yo. (Ebre 10.25)

Enben, ki kalite legliz ou pral chwazi ? Ou dwe chwazi yon legliz ki gen Jezi nan mitan l'. Sa pa ta vo anyen pou w' ini w' avèk yon legliz Jezi gentan vonmi nan bouch Li, oubyen avèk yon legliz kote Jezi tou prêt pou L' etenn limyè gwo lanp yo a. Men kijan ou kapab distenge ant yon legliz ki chite avèk yon legliz ki fidèl ?

Men kèk kalite legliz ou dwe evite :

Ki kalite legliz ou pral chwazi ?



**1. Legliz emosyonèl.** Yon legliz emosyonèl se yon legliz k' ap plis chache yon eksperyans emosyonèl pase pou yo obeyi Kris. Se legliz sa yo ki fè kòmsi Bondye soud. Yo rele epi yo fè plis bri pase sentete. Legliz sa yo blyi si Bib la di ou va rekonèt yon Kretyen selon *donn* li :

N'a rekonèt yo sou sa y'ap fè. Yo pa keyi rezen sou pye pikan. Ni yo pa keyi fig frans sou pye rakèt. (Matye 7.16)

Lè ou pwoche kote y' ap louwe, li plis sanble avèk yon bal pase yon sèvis ki gen respè menm jan apòt yo te konn fè. Fèt atansyon !

**2. Legliz k' ap sèvi ziddòl.** Legliz sa yo genyen anpil rit relijye poutan yo posede yon vye ti kras lavi espirityèl. Yo kwè nan « sen »yo epi yo priye devan yo tou. Yo fè Mari devni yon dye epi yo ranplase Jezi kòm sèl medyatè ant Bondye avèk lòm. Yo pi fidèl avèk Sen Syèj yo a pase pou Pawòl Bondye a. Yo pa konnen lavi ki gen nan Kris la. Fèt atansyon !

**3. Legliz ki gen tandans pou yo mele nan bagay lemonn yo.** Legliz sa yo kapab cho nan afè evanjelizasyon, men yo pa bay obeyisans devan Bondye enpòtans. Yo kwè nan sali selon Lafwa epi yo blyi si sila a ki sove a va vle pou l' renmèt nouvo Mèt li a lavi l' pou

l' obeyi L' nan tout pati nan lavi l'. Yo kwè nan libète espirityèl epi yo itilize libète sa a pou yo fè sa yo vle, olye pou yo fè sa Kris vle pou yo fè. Se poutèt sa lavi yo pa janm rive nan nivo sentete Bondye mande pitit Li yo pou yo genyen. Fèt atansyon !

**4. Legliz relijye.** Legliz sa yo kwè obeyisans avèk zèv se tout afè a. Yo blyi si sali se atravè Lafwa, epi zèv yo vini kòm yon rezulta yon kè ki sensè epi rekonesan. Yo kwè se deyò a ki pi enpòtan epi yo neglige kè a. Fèt atansyon !

Legliz w' ap chache a dwe yon legliz ki biblik. Chache yon legliz ki jwenn tout satisfaksyon nan Jezi ak nan Pawòl Li. Manm yon legliz biblik resevwa sali avèk yon gwo remèsiman epi yo tèlman kontan, yo renmèt nouvo Mèt yo a tout lavi yo pou yo obeyi Li akòz renmen yo genyen pou Li a. Moun sa yo se pitit Sila a ki pi wo a epi yo sèvi Bondye avèk krentif epi avèk respè paske yo konnen Li sen epi Li mande pou pitit Li yo sen tou. Sa vin rann manm yon legliz biblik toujou mennen yon lavi ki sen. Sa pa vle di yo pafè, men y' ap chache pou yo pafè kòm bi yo a. Konsa tou, manm yon legliz konsa toujou viv byen youn avèk lòt epi yo toujou renmen youn lòt. Nou swete Bondye va ede w' jwenn yon legliz konsa. Kou ou jwenn yon legliz konsa, degaje w' rapid pou w' vin yon manm ladan l'.



## Tras Pye Kris yo

### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Si ou t' ap chache pou yon bon legliz, ki kalite bagay ou t' ap chache nan lavi manm yo ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

2. Site kat (4) kalite legliz ou dwe evite.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. Dapre ou menm, kisa yon legliz biblik ye menm ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

Etidye mesaj Jezi yo anvè sèt (7) legliz yo nan Revelasyon :

1. Revelasyon 2.1-7 : Efèz.
2. Revelasyon 2.8-11 : Esmin.
3. Revelasyon 2.12-17 : Pègam.
4. Revelasyon 2.18-29 : Tiyati.
5. Revelasyon 3.1-6 : Sad.
6. Revelasyon 3.7-13 : Filadèlfia.
7. Revelasyon 3.14-22 : Lawodise.

#### Priyè w'

« Bondye m' nan, mèsi dèské Ou te envite m' pou m' fè pati legliz pa W' la. Ede m' pandan m' ap chache yon legliz kote mwen ka ini ansanm avèk moun yo. Ban mwen sajès Ou pou m' kapab fè yon bon chwa. Ede m' pou m' pa twonpe selon aparans, men ede m' chache sentete. Mèsi Papa m' ! Mwen mande sa nan non Kris la. Amèn. »



# KRIS AVÈK SENPLISITE NAN ABIMAN

## Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou

**K**èk ane pase mwen te konnen yon sè ki te gen yon pwoblèm avèk vanite. Gen yon fwa li te mande m' : « Men pastè, èske li pa t' ap fè Bondye plezi si m' te fè kò m' yon ti jan bél ? Èske ou pa wè Bondye te fè papiyon yo vrèman bél ? Li te abiye yo avèk anpil koulè. Èske ou pa panse Li ta renmen wè fi Kretyen abiye bél tou ? »

Mwen gentan reflechi anpil sou sa sè a te di m'. Malgre li sanble sa l' te di a kapab gen rezon, mwen kwè gen yon gwo diferans ant yon papiyon avèk yon fi Kretyen.

Lè ou wè yon papiyon k' ap vole, èske ou konn di : « Gade fason papiyon an fè kò l' bél ! Tèlman li konn chwazi, gade koulè li chwazi yo ! »

Non. Ou pa konn di sa paske se pa papiyon an ki fè kò l' bél. Se Bondye ki fè sa. Mwen poko janm wè yon papiyon k' ap gade nan yon glas pou « fè kò l' bél ». Poutan mwen kwè gen anpil medam ki kanpe gade nan yon glas pou yo fè kò yo bél pou gason yo kapab di : « Ala yon fanm ! Gad jan l' fè kò l' bél ! »

Èske ou wè diferans lan ? Papiyon an rann glwa avèk onè pou Kreyatè l' la. Se pandan yon fi ki « fè kò l' bél » rann glwa pou tèt pa l'. Bondye pa vle sa.

Dapre vèsè memwa a ansanm avèk anpil lòt vèsè ki nan Bib la, nou kapab wè sa pa fè Bondye plezi lè moun eseye atire

### Vèsè Memwa W' :

Nou pa bezwen fè kò nou bél ak bagay moun ka wè, tankou lè n'ap fè anpil kwafi estraòdinè, lè n'ap mete kantite bijou an lò ak kantite rad ki koute chè sou nou. Okontrè, se sa ki nan kè nou ki tout bélte nou, yon bélte ki p'ap janm pase. Se pou nou gen yon karaktè dou, yon karaktè poze. Se sa ki gen valè devan Bondye. (1 Pyè 3.3, 4)

atansyon sou pwòp tèt pa yo olye pou yo atire atansyon lòt moun sou Bondye. Se sa menm. Men kijan nou kapab fè menm jan avèk papiyon an kote nou fè atansyon lòt moun atire plis sou Bondye pase sou tèt pa nou ? Bib la di nou kapab fè sa atravè *senplisite*.

Pwoblèm ki genyen an seke tras pye sa a Kris te kite pou nou swiv kontrè avèk nati lòm nan. Depi lè yo touputi, medam yo ap toujou bat pou yo bél. Se depi lè sa a yo déjà tonbe renmen avèk glas la. Men kisa vèsè memwa nou yo di ? Vèsè sa yo fè nou konnen fi a dwe pran dezi sa a li genyen pou l' fè kò l' bél, epi chache fè *andan* li bél pito. Li ka fè andan li bél tout jan ki posib lè l' devlope yon lespri ki dou epi trankil.

Men sou deyò a, li dwe abiye senp. Se konsa Bondye vle pou l' atire atansyon sou Li.

## Tras Pye Kris yo

L è mwen panse sou bagay sa yo, mwen toujou panse avèk sè Lidi Ismith. Se pandan li te gen disetan, li te al vizite matant li pou lapremye fwa depi li te konvèti. Lidi te konn mache avèk cheve l' lage nan yon fason byen atiran, men kounyeya li te mete yon wòb modès e senp epi li te kache cheve l' anba yon vwal. Lè matant Lidi te wè l' pou lapremye fwa, li prèske pa t' rekonèt li. Apre yo te pase yon bon ti tan ap pale, Lidi te di matant li or-evwa. Matant la te mete men l' sou zepòl Lidi epi te di l' : « Kareman, w' ap mennen yon vi ki sen. »

Kijan matant lan te konnen Lidi t' ap mennen yo vi ki sen ? Èske li te konn sa atravè jan li t' ap pale ? Sa kapab nan yon sans, men sa ki te konvenk matant lan plis se fason Lidi te abiye. Li te konnen man-mzèl la te tèlman serye nan fason li te mennen yon vi sentete.

Mesye yo, èske ou kwè afè sentete nan abiman se yon ansèyman ki pou medam yo senpman ? Nou konnen medam yo abitye pi sansib pase mesye yo pou aparans yo. Gen pafwa yo tèlman sansib yo pèdi rezon. Petèt se pou rezon sa a ki fè Bib la pale avèk medam yo dabò sou sijè sa a. Men, se konsa tou mwen konnen kèk gason ki tonbe damou pou yon glas tou. Nonm sa a pa sèlman renmen glas la, men li renmen pwòp tèt pa l' la tou. Sou ki moun yon nonm atire atansyon lè l' abiye avèk

yon eksè kote li mete yon bél pantalon, yon soulye pwent kare, yon vès, yon kòl, epi yon chemiz wouj ? Ou konnen. L' ap atire atansyon sou tèt pa l' la epi sa pa fè Bondye plezi.

Anpil fwa nou rann tèt nou esklav devan sa lòt moun panse. Gade sa Apòt Pòl te di nan Galat 1.10 :

Lè mwen di sa, èske sa vle di se favè moun m'ap chache? Non. Se favè Bondye m'ap chache. Èske se plezi m'ap chache fè lèzòm plezi? Si m' t'ap chache fè lèzòm plezi, se pa Kris la mwen ta ap sèvi.

Èske ou vle fè lèzòm plezi oubyen èske ou vle sèvi Kris ? Mwen vle sèvi Kris epi mwen pa vle tounen esklav mòd yo kote m' ap toujou panse : « Kisa moun yo va di ? »

## Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Kijan ou dwe abiye si ou se yon Kretyen ? Mwen sonje sa yon zanmi m' te di m' kèk ane pase kote li te di : « Yon moun dwe mete abiman pou l' kouvri kò l' ; li pa dwe abiye yon fason pou fè moun wè. » Se sa menm ! Fè yon triyaj nan rad ou genyen yo. Jodi a menm se pou w' jete tout rad yo ki pa demonstre senplisite Kretyen an. Bat pou w' toujou mete rad ki pratik epi enb.

Eseye abiye yon fason kote pa gen anyen nan sa ou mete yo (tankou mont ou, soulye w', cheve w', wòb ou, oubyen chemiz ou), k' ap di : « Gade m' ! » Okontrè, tout sa ou mete dwe rele : « Gade Jezi ! » Ou dwe aplike prensip sa a, nonsèlman nan afè abiman w', men nan tout bagay—kay ou, moto w', cheval ou, epi menm dan w'. Kisa sa itil lè ou mete lò avèk ajan nan dan w' ? Plis pase sa, kisa Bib la di nan Nouvo

Testaman an sou afè lò ? Li tout ansèyman yo nan Nouvo Testaman an ki pale sou moun ki pote lò, epi kite Lespri Bondye a anseye ou.

Pandan w' ap triye abiman ou yo, sonje twa (3) prensip biblik sa yo :

1. Rad ou yo dwe modès epi yo dwe kouvri kò w'. Bondye rayi lè moun mache toutouni.
2. Rad ou yo dwe senp, san okenn eksè. Bondye rayi sa lè moun k' ap « fè moun wè » .
3. Rad ou yo dwe pratik epi ekonomik. Ou dwe byen jere lajan Bondye te ba ou.

Bib la pale nou sou kijan nou pa dwe

konfòme nou avèk « mond sa a » (Women 12.2). Moun yo ki nan lemonn jounen jodi a ap toujou bat pou yo fè kò yo bèl epi pou yo swiv mani ak mòd lemonn yo. Si pèp Bondye a ta pratike senplisite avèk modesti menm jan Bib la mande, enben lè sa a yo t' ap diferan avèk lemonn. Sa pa vle di y' ap sèlman gen yon dezi pou yo gen rad ki *diferan* avèk lemonn, men yo va gen yon dezi pou yo mete rad ki dakò avèk karaktè Jezi a. Lè sa a, moun ki anvi swiv Jezi yo va sanble youn avèk lòt paske nou tout anvi swiv tras pye enb Jezi a. Si nou abiye dapre egzanzp dou e enb Jezi te kite pou nou an, lè sa a nou va yon lamè ki abiye avèk senplisite k' ap swiv Kaptenn nou an. Annou swiv tras pye Li !



### **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Ki diferans ki genyen ant yon bèl papiyon avèk yon fi ki « fè kò l' bèl » avèk makiyaj ak yon seri eleman ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Site youn nan fason yo Bondye itilize pou atire atansyon moun sou sentete Li a.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Nou dwe mete abiman ki \_\_\_\_\_ avèk karaktè Jezi a.
4. Nou dwe mete abiman pou kouvri kò nou ; nou pa dwe abiye yon fason pou \_\_\_\_\_.  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Ezayi 3.16-26. Esplike kijan Bondye santi lè moun fè eksè epi yo pretansye nan abiman yo. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. 1 Timote 2.9-10. Pasaj sa a pale nou klè sou ki fason Bondye vle pou nou abiye.
3. Jenèz 3.1-21. Kisa ki te rive lè lèzòm te eseye abiye pwòp tèt li ? Avèk kisa Bondye te sèvi pou fè rad pou yo ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Priyè w'

« Papa ki nan syèl la, mwen remèsi Ou dèské Ou ban nou ansèyman sou kijan nou dwe abiye yon jan pou fè Ou plezi. Padonnen m' pou lè mwen te konn abiye yon fason pou atire atansyon sou tèt pa mwen. Papa, mwen te eseye pran onè avèk glwa ki se pou Ou menm sèlman. Ban mwen yon kè ki senp epi ki enb, avèk yon kè ki ònèt epi modès kote mwen vle abiye yon fason ki fè Ou plezi. Konsa mwen va bay lemonn lan yon temwanyaj sou sentete Ou. Alelouya ! Amèn. »



# KRIS AVÈK RENMEN POU LÈNMI W' YO

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**S**i ou se yon Kretyen, Bondye gentan ba ou yon kado espesyal. Kado sa a se renmen pa L' la Li mete nan kè w'. Epi, mwen asire w' Li pa ba ou l' ak yon ti mezi piti. Men sa Bib la fè nou konnen :

Lamou Bondye *gaye* nan kè nou grasa Lespri Sen Bondye te ban nou an.  
(Women 5.5)

Si ou kite L', Sentespri a va plen kè w' avèk renmen sa a jiskaske ou debòde. Lè l' debòde, sa rann renmen an va touche tout moun ki bò kote w' : Fanmi w', zanmi w' yo, vwazen w' yo . . . epi menm *lènmi* w' yo. Enkwayab, pa vre ? Wi, sa vrèman enkwayab men li se yon verite !

Petèt ou patko janm tandem ansèyman sa a sou kijan ou dwe renmen *lènmi* w' yo. Si se konsa, se pa fòt Bondye. Se fòt legliz yo ansanm ak pastè yo ki pa preche bél doktrin biblik sa a.

Kèk ane pase, sa te konn fèt souvan kote vòlè te konn atake fanmi mwen. Yo te konn fè nou kouche fas atè pandan yo te pran tout sa yo te vle. Pami vòlè sa yo, te gen youn ki te vini senk (5) fwa nan espas twa (3) mwa. Nou te menm rive rele mesye sa a « ti vòlè pa nou an » paske nou te konnen li t' ap vini prèske chak de (2) semenn. Yon fwa apre vòlè a te ale, vwazen m' yo te vle ede m'. Yon fi te di m' pou m' tann vòlè a avèk yon gwo baton epi lage l' nan tèt li « BLO ! » Gen yon lòt vwazen ki te di m' pou m' achte yon

### **Vèsè Memwa W' :**

Men mwen menm, men sa m'ap di nou: renmen tout lènmi nou yo, lapriyè pou moun k'ap pèsekite nou. (Matye 5.44)

zam epi tann li avèk yon grenn katouch. Gen yon lòt ki te di m' pou m' al kot lapolis. Men mwen te di yo konsa : « Mwen pa vle fè sa. Bib la pa di m' pou m' bat lènmi m' nan, ni pou m' touye l', ni pou m' rele lapolis. Okontré, Bib la di m' pou m' priye pou li, epi pou m' ba li manje avèk bwè. »

Se sa menm nou te fè nan sware anvan an. Lè vòlè a te fin pran tout sa l' te vle, nou te ba li manje nou te prepare a tou. Nan lè sa a nou pa t' menm grangou akòz kè nou ki te sote.

Mwen sonje nan epòk sa a mwen te ekri yon lis ki te site tout sa Bib la di mwen dwe fè ak sa m' pa dwe fè ak yon vòlè. Men sa m' te jwenn :

**A. Sa m' pa dwe fè lènmi m' yo dapre Matye 5.38-48 avèk Women 12.17-21.**

1. Mwen pa dwe reziste avè l' (mwen pa dwe fè l' vyolans).
2. Mwen pa dwe rayi l'.
3. Mwen pa dwe revandike tèt mwen.

## **Tras Pye Kris yo**

### **B. Sa m' dwe fè ak lènmi m' yo da-pre Matye 5.38-48 avèk Women 12.17-21.**

1. Si l' ban m' kalòt sou yon bò figi m', mwen dwe vire lòt bò a ba li.
2. Si l' pran chemiz mwen, mwen dwe ba li palto mwen tou.
3. Si l' mande m' pote yon chay distans yon kilomèt, mwen dwe fè de (2) kilomèt avè l'.
4. Mwen dwe ba li sa l' mande a.
5. Mwen dwe prete l' sa l' mande m' nan.
6. Mwen dwe renmen l'.
7. Mwen dwe beni li.
8. Mwen dwe priye pou li.
9. Mwen dwe salye l'.
10. Si l' grangou, mwen dwe ba l' manje.
11. Si l' swaf, mwen dwe ba l' yon bagay pou l' bwè.
12. Mwen dwe renmèt byen pou mal.

Se tras pye sa a Jezi te kite pou ou. En-kwayab ? Si ou panse se yon bagay ki

enposib pou w' viv konsa, sonje renmen Bondye a gaye nan kè ou epi sitèlman renmen Bondye a gran, l' ap menm rive jwenn lènmi w'. Jezi vle pou w' swiv nan tras pye Li. Èske ou dakò pou w' renmen lènmi w' menm jan Kris te renmen lènmi pa L' yo ?

### **Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A**

Kiyès ki lènmi w' ? Depi yon moun mande mal pou ou oubyen genyen ou rankin, moun sa a se lènmi w' li ye. Petèt se vwa-zzen w'. Petèt se frè w' oubyen paran w'. Petèt se menm madanm ou ! Petèt se yon frè ki nan menm legliz avè w' ki pote yon jalouzi sou ou. Petèt se yon vòlè ou pokonjanm wè.

Olye pou w' vin fache epi tire revanj sou lènmi w', Bondye vle pou w' lage tout chay ou yo nan men L'. Si se volonte Li, Li pral revandike w' sou lènmi w' yo (gade Women 12.19). Se konsa tou Bondye ka deside pou L' montre lènmi w' mizèrikòd pou l' ka sove. Kèlkeswa sa L' fè a, se pa pwoblèm pa w' paske ou te lage l' nan men Bondye. Pa bliye tou, ou va renmen lènmi ou avèk yon renmen diven, w' ap bat pou w' genyen l' pou Kris, epi w' ap fè tout sa k' posib pou fè l' vin zanmi w'.



### **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Renmen Bondye a sitèlman gran, li rive touche menm \_\_\_\_\_ ou yo.
2. Site kèk bagay lemonn nan di ou dwe fè avèk lènmi w' yo. \_\_\_\_\_

- 
- 
3. Site kèk bagay Bib la di ou dwe fè avèk lènmi w' yo. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Avèk kisa ou dwe konbat epi venk mechanste ? \_\_\_\_\_

### **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. 1 Pyè 2.23. Etidye pasaj sa a epi esplike kijan Jezi te reponn lènmi L' yo. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Lik 6.27-36. Li pasaj sa a avèk swen, epi aprann kijan pou w' renmen lènmi w' yo.
3. Lik 23.26-49. Kisa Jezi te mande pou lènmi L' yo dapre vèsè 34 ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Dapre Matye 26.53, kisa Li te ka mande pou yo ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

### Priyè w'

« Papa ki nan syèl la, jodi a mwen tris dèské mwen konn fayi souvan. Ou montre m' kijan mwen dwe toujou renmen sila yo ki mande mal pou mwen. Mwen te aprann kijan mwen toujou dwe aji byen avèk yo epi pa janm kite kolè antre nan kè m'. Papa, sa se yon bagay ki vrèman difisil pou mwen. Se poutèt sa m' pral mande Ou yon bagay espesyal kounyeya. M' ap mande W' pou W' ban m' yon pòsyon doub nan renmen W' pou m' kapab renmen menm lènmi m' yo. Ban m' gras pou m' venk mechanste avèk byen. Mèsi pou lapè a mwen jwenn lè m' fè sa. Nan non Jezi Kris, Amèn. »



# KRIS, LETA A, AVÈK POLITIK

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**K**i kalite atitud yon Kretyen dwe genyen konsènan leta a ? Kesyon sa a se yon kesyon ki vrèman enpòtan epi Bib la gen yon repons pou li. Annou wè kisa Bib la di.

Anpremye, fòk nou rekonèt se Bondye ki etabli leta a, menmsi se yon leta ki kowonpi.

Tout moun dwe soumèt devan otorite k'ap gouvènen peyi a, paske nanpwen otorite ki pa sòti nan men Bondye, epi tout otorite ki la, se Bondye ki mete yo. Se poutèt sa, moun k'ap kenbe tèt ak otorite yo, yo refize obeyi lòd Bondye etabli. Moun ki refize obeyi lòd la, y'ap rale yon jijman sou tèt pa yo. (Women 13.1-2)

Bondye konnen kote gen moun, fòk gen moun k'ap dirije. Imajine w' ki kalite dezòd ki ta genyen si yon peyi pa ta gen ni leta, ni lwa ! Se poutèt sa Bondye te planifye pou chak peyi gen yon leta yon fason oubyen yon lòt.

Men kesyon nou genyen pou jodi a : « Ki kalite relasyon yon Kretyen dwe genyen anvè yon leta sivil ? » Etidye pwen ki swiv yo :

### *A. Sa ou dwe fè.*

1. Ou dwe soumèt devan leta a : 1 Pyè 2.13-14 ; Tit 3.1
2. Ou dwe aji byen epi fè bon zèv : Women 13.3

### **Vèsè Memwa W' :**

Soumèt devan tout otorite lèzòm etabli. Fè sa pou Bondye. (1 Pyè 2.13)

3. Ou dwe respekte epi onore leta a : Women 13.7 ; 1 Pyè 2.17
4. Ou dwe peye taks : Women 13.6

### **B. Sa ou pa dwe fè.**

1. Ou pa dwe reziste avèk leta : Women 13.2
2. Ou pa dwe goumen ni kont leta a, ni pou leta a : Jan 18.36 ; Matye 26.51-52
3. Ou pa dwe patisipe nan afè politik : 2 Korent 6.14-15
4. Ou pa dwe fè pati leta a : Jan 15.18-19 ; 17.14-16 ; 2 Korent 6.17-18

Kretyen an dwe respekte epi obeyi leta a. Menmsi sa, li p' ap pral mete tèt li ansanm avèk òganizasyon lemonn yo. Bondye mande legliz la avèk leta a pou yo rete kòm de (2) branch diferan. Nan Ansyen Testaman an sa pa t' konsa paske nasyon an se te yon nasyon espirityèl epi nasyonal anmenmtan. Men, lè Jezi te vini Li te separé legliz la avèk leta a.

Lè Jezi te antre triyonfal nan lavil Jérusalèm nan, èske Li te moute yon cheval blan menm jan lòt wa yo te konn fè nan

## Tras Pye Kris yo

epòk sa a ? Non. Li te moute yon bourik menm jan avèk yon senp sèvitè. Èske Li te moute nan pale wayal la pou L' pran kontwòl gouvènman an ? Non. Li te monte nan tanp lan, ki se te kay Bondye a, pou L' te ka pirifye l' epi pou l' tounen yon kay lapriyè pou pèp la. Jezi pa t' janm mele nan afè politik. Malgre moun yo te eseye moute L' wa pandan plizyè fwa, Li pa t' janm dakò avèk yo. Poutèt sa nou konnen Bondye vle pou nou lapriyè olye pou n' fè pati leta a. Se tras pye sa a Jezi te kite pou nou. Si nou swiv tras pye sa a, nou va jwenn yon bon rekompans pou sa.

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Kijan ou dwe aji anvè leta peyi a ? Bon, anvan tou, aji byen.


Tande byen: moun ki fè sa ki byen pa bezwen pè chèf k'ap gouvènen yo. Se moun ki fè sa ki mal ki pou pè yo. Èske ou ta vle pa pè chèf? Enben, fè sa ki

byen; se lwanj ase w'a resevwa nan men yo. (Women 13.3)

Menmsi leta a kowonpi, nou toujou dwe respekte l'. Nan epòk Apòt Pòl te ekri liv Women an, se te yon anperè mechan ki t' ap gouvènè peyi a. Anperè sa a te rele Newon. Newon te touye pwòp manman l', li te viv san kontwòl, epi li te fè touye plizyè mil Kretyen tou. Gen nan yo li te fè tranpe yo nan lwil, apre sa yo te mare yo sou yon poto epi te limen yo pou yo te ka klere jaden l' yo leswa. Lèfini, Newon te moute cha li a pou pwomennen pamitòch sa yo. Dapre istwa, se Newon menm ki te bay lòd pou yo te koupe tèt Apòt Pòl.

Kounyeya, li Women 13.1-7. Kòm se nan epòk reny Newon a menm vèsè sa yo te ekri, èske ou pa wè li parèt fasil pou w' respekte epi soumèt devan leta peyi ou la ? Ou dwe respekte leta a san ou pa mele ladan l'.

Kite m' di w' sa k' te rive yon frè nan



legliz pa nou an tou dènyèman. Anvan li te konvèti, li te tèlman angaje nan afè politik. Apre li te konvèti, zanmi l' yo te bay l' cho pou l' te toujou mele nan afè politik. Gen yon jou kote kandida pati li te fè anvan an te vini nan yon vil toupre a. Frè sa a te bezwen ale lavil pou l' achte kèk bagay, epi kòm bis yo t' ap pote moun yo gratis jou sa a, li te tou pwofite chans lan pou l' ale. Men, lè l' te rive lavil, sa l' t' ap fè a te pèdi gou l' epi li te pèdi tèt li nan foul la, nan mizik la, e nan pakèt bri yo.

Nou di Bondye mèsi dèské frè sa a te sensè epi enb. Sa pa t' pran anpil tan pou l' konfese peche sa a devan Bondye, epi anvan lontan li te konfese l' devan legliz la tou. Apre li te mande eskiz, li te di : « Mwen pa t' santi m' byen lè m' te nan foul la jou sa a. Mwen te moute sou tèt yon machin kote mwen te ka byen wè tout sa ki t' ap pase. Malgré sa, mwen pa t' renmen l'. Tout tan mwen te la, mwen te santi kòm yon Kretyen, plas mwen pa t' la pam foul moun fou sa yo. »

E sou sijè vòt la menm ? Èske li pa ta

bon pou yon Kretyen vote pou yon kandida ki pwopaje lapè avèk jistis ?

Bon, mwen rete nan peyi Nikaragua men mwen pa yon sitwayen peyi a. Menmsi mwen ta vle vote nan peyi a, sa rann mwen pa kapab *paske mwen se yon etranje*.

Ann eseye dakò sou yon pwen ki enpòtan : Nan ki peyi ou sòti ? Èske ou se yon Kanadyen ? Èske ou se yon Afriken ? Èske ou se yon Angletè ? Èske ou se yon Meksiken ? Èske ou se yon sitwayen Ozetazini ? Kote ou dwe alien ou ? Dapre vrè nasyonalite ou a, ou se yon Kretyen dabò ! Epi, konsènan vwayaj ou sou tè sa a, ou se yon etranje avèk yon peleren. *Konsa li pa dwat pou w' patisipe nan eleksyon isiba.*

Si yon moun ta mande w' si w' pral vote, ou dwe di yo ou se yon etranje ak yon peleren sou tè a epi :

nou se sitwayen peyi ki nan syèl la. Se tann n'ap tann Delivrans nou, Jezikri, Senyè a, ki gen pou desann sot nan syèl la. (Filipyen 3.20)



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

- Èske sa pral fè yon diferans nan nivo respè ou genyen an selon kiyès ki genyen nan eleksyon an ? \_\_\_\_\_
  
- Site kèk bagay Bib la di ou dwe fè dapre respè ou genyen pou leta a. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

3. Kisa ou pral di sila yo ki mande w' si ou p' ap pral vote ? \_\_\_\_\_

### *Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo*

1. Matye 17.24-27. Gade byen. Menm Jezi te peye taks.
2. Matye 22.15-22. Reflechi sou sa ou dwe bay Seza ak sa ou dwe bay Bondye.
3. Matye 26.47-56. Pasaj sa a se yon istwa nan Bib la ki anseye nou kijan nou pa dwe itilize yon nepe. Sa vle di nou pa dwe goumen, menmsi se pou byen peyi a n' ap goumen.

### *Priyè w'*

« Papa ki nan syèl la, mwen remèsi W' dèské Ou te etabli lòd nan peyi nou yo atravè gouvènman yo avèk lwa yo. Ede m' pou m' respekte leta a, epi pou m' obeyi lwa peyi m' yo. Ede m' pou m' pa kritike otorite yo menm jan moun lemonn yo konn fè. Ede m' pou m' aji byen yon jan pou m' pa tonbe nan pwoblèm avèk yo. Ede m' tou pou m' kenbe tèt mwen apa avè yo nan afè politik. Mwen vle fikse je m' sou Ou ak sou peyi a Ou gentan prepare pou mwen depi mwen rete fidèl kòm yon Kretyen. Amèn. »



# KRIS AVÈK MIZÈ

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Èske ou pokò janm jwenn yon moun ki poze w' kesyon sa a : « Si Bondye se yon Bondye renmen Li ye, enben, poukisa gen tout mizè ak soufrans sa a nan mond lan ? Poukisa gen anpil lenjistik, laperèz, avèk doulè ? »

Si ou ta jwenn yon moun ki poze w' kesyon sa a, reponn li konsa : « Èske lè Bondye te fè mond lan Li te fè l' ak tout mizè, doulè, ansanm avèk pwoblèm li yo ? » Si moun k' ap pale avè w' la se yon moun ki konnen Bib la, epi ki ònèt, l' ap blije di : « Non, Bondye pa t' kreye yon mond ki te lèd. Li te kreye l' tou bèl, pa t' gen mizè ladan l' menm. »

Enben, sa k' te pase bèl mond sa a Bondye te kreye ? Jaden Edenn nan se te yon kote ki te pafè. Pa t' gen kras mizè, lenjistik, ni doulè la a. Bon, malgre pa t' gen mizè nan Jaden Edenn nan, Bondye te toujou bay lòm yon chwa kote li te ka chwazi si li t' ap sèvi Bondye, oubyen si l' t' ap sèvi dyab la.

Èske ou konn sa k' te pase ? Lèzòm te dezobeyi. Depi lè sa a te toujou genyen mizè avèk boulvès nan mond lan. Fòt ki moun sa te ye—fòt Bondye oubyen fòt lòm ? Sa vrèman klè tò a tonbe sou sila yo ki te chwazi rebel kont Bondye.

Pa egzanp, panse avèk kalite mizè, ni emosyonèl, ni fizik, yon madanm avèk pitit yon tafyatè konn pase. Sa vrèman lèd ! Men ki kote mizè sa a k' ap peze timoun malere

## Vèsè Memwa W' :

Yo te konn Bondye byen pwòp, men yo pa bay Bondye lwanj ki pou li, yo pa di l' mèsi jan l' merite l' la. Lekontrè, y'ap mete yon bann lide ki pa gen sans nan tèt yo, yo san konprann, fènwa fin plen kè yo.  
(Women 1.21)

sa yo sòti menm ? Sa sòti dirèkteman nan peche ras lòm nan menm, se pa nan Bondye sa sòti !

Ann ale nan liv Women an pou nou kapab wè istwa lòm nan dapre Apòt Pòl :

Se poutèt sa, n'ap wè kòlè Bondye sòti nan syèl la, li tonbe sou tout mechanste ak tout lenjistik moun fè. Sitèlman kè yo pa bon, y'ap chache anpeche verite a fè travay li. Yo te konn Bondye byen pwòp, men yo pa bay Bondye lwanj ki pou li, yo pa di l' mèsi jan l' merite l' la. Lekontrè, y'ap mete yon bann lide ki pa gen sans nan tèt yo, yo san konprann, fènwa fin plen kè yo. Lèzòm vin sitèlman fou, Bondye kite yo tonbe nan fè tout kalite bagay ki pa dakò ak volonté li dapre vye lanvi ki nan kè yo. Se yon wont pou wè sa yo fè ak pwòp kò yo. Yo refize bay Bondye premye plas nan kè yo. Bondye tou kite yo tonbe anba pouvwa lespri yo ki fin deraye pou yo fè bagay yo pa t' dwe fè. (Women 1.18, 21, 24, 28)

## Tras Pye Kris yo

Sa klè, men ki tras pye Kris te kite pou nou parapò avèk kisa nou dwe fè nan ka terib sa a ? Sosyete a, ansanm avèk anpil moun ki rele tèt yo Kretyen, ap bat jounen jodi a pou yo swa elimine, oubyen amelyore mize ki genyen nan mond lan. Men èske sa se vrèman pi bon travay nou kapab fè a ? Ki bi Kris te genyen ? Ki tras pye Li te kite pou nou ?

Bi primè Kris te genyen pandan Li te mache sou tè a se te pou L' retire rasin pwoblèm nan ki se peche. Men sa Jan Batis te di konsènan travay Jezi a :

Epitou, rach la tou pare pou koupe rasin pyebwa yo. (Matye 3.10)

Jezi te ale dirèk nan rasin nan, san L' pa t' eseye taye branch yo. Se vre Li te sousye pou mizè moun yo, men bi primè pa L' la se te pou L' geri maladi peche a. Depi Li ta fè sa, enben, pa ta gen mizè ankò ! Dapre istwa a nou jwenn nan Matye 9.2, nou kapab wè kijan Kris te okipe L' avèk peche nonm malad la dabò. Apre sa Li te okipe afè maladi ki te nan kò l'.

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Jezi te atake peche. Se sa menm legliz Jezikri a dwe fè tou. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou n' goumen kont peche. Apre sa, nou dwe fè tout sa nou kapab pou amelyore mizè ki genyen an poutèt peche. Men, kisa k' ap pi bon nan de (2) bagay sa yo : toujou bay madanm avèk pitit tafyatè a manje, oubyen ede tafyatè a konvèti pou l' sispann bwè ?

Jezi toujou genyen konpasyon pou mizè moun k' ap domine yo a. Men anmenmtan tou, Li byen konnen sa k' rann yo nan eta sa a. Se poutèt chwa yo fè yo. Se sa k' fè Jezi toujou bat pou L' retire

rasin pwoblèm nan (ki se peche) dabò.

Ki reskonsabilite ou gen nan sa ? Ou dwe aji kont peche menm jan ak Jezi. Chache retire peche nan pwòp lavi pa w' anpremye. Kite Bondye netwaye kè w', epi apre sa, viv nan sentete ! Konsa ou va kraze chenn mizè a nan pwòp lavi pa w'. Peche toujou kale plis peche avèk plis mizè. Men, avèk pouvwa Bondye a, ou kapab kraze move sik sa a ki nan lavi w'.

Dezyèmman ou dwe panse avèk bezwen espirityèl vwazen w' yo epi sou ki fason l' ap pase mizè san Bondye. Si ou sèlman okipe mizè kò l', kote ou ba l' lajan pou l' kapab achte manje oubyen medikaman, konsa vwazen an kapab vin santi Bondye sanble avèk Tonton Nwèl. Men Bondye pa sanble avèk Tonton Nwèl ! Bi primè Bondye a, se pou lèzòm kapab repanti, pou yo kapab jwenn lapè, epi pou peche yo kapab padonnen. Apre sa, malgré y' ap viv nan yon mond ki plen mizè, y' ap toujou kontan.

Twazyèm bagay ou dwe fè, se pou w' chache amelyore mezi mizè yon moun ki posib. Si ou wè yon moun ki nan pwoblèm, epi ou gen mwayen pou ede l', fè sa. Men, pa janm mete nan tèt ou se byen w' ap fè yo ki va rann yon moun vin konvèti. Pa gen yon moun ki pral sove, sòf si yo repanti e kite peche yo, epi sèvi Senyè Jezikri a avèk tout kè yo.

Ou p' ap janm ka retire tout mizè ki genyen nan lemonn paske va toujou gen peche nan lemonn. Men, ou kapab bat pou w' swiv tras pye Kris la. Li te anseye nou pou n' sèvi lòt moun pandan n' ap viv isiba. Lè nou fè sa, Kris va rekonpanse nou toutbon :

Apre sa, wa a va pale ak sa ki sou bò dwat li yo, la di: Vini non, nou menm

ki resevwa benediksyon Papa m', vin pran posesyon peyi ki te pare pou nou depi lè Bondye t'ap kreye lemonn lan. Mwen te grangou, nou ban m' manje; mwen te swaf dlo, nou ban m' bwè. Mwen te lwen peyi m', nou te resevwa m' lakay nou. Mwen te toutouni, nou te ban m' rad. Mwen te malad, nou pran swen m'; mwen te nan prizon, nou vin wè mwen. Lè sa a, moun ki te fè byen yo va reponn li: Mèt, kilè nou

te wè ou grangou pou n' te ba ou manje? Kilè nou te wè ou swaf dlo pou nou te ba ou bwè? Kilè nou te wè ou lwen peyi ou, pou nou te resevwa ou lakay nou? Osinon toutouni, pou n' te ba ou rad? Kilè nou te wè ou malad, osinon nan prizon, pou n' te al wè ou? Wa a va reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: chak fwa nou te fè sa pou yonn nan pi piti pamí frè m' yo, se pou mwen nou te fè li. (Matye 25.34-40)



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Si yon moun ta mande ou poukisa gen mizè nan mond lan si Bondye se yon Bondye renmen toutbon, kisa ou va di moun sa a ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Gen yon sèl fason pou elimine mizè nan mond lan. Kisa li ye ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Èske nou kapab fè sa jounen jodi a ? \_\_\_\_\_
4. Èske Bondye vle pou nou ede pechè yo ki an difikilte ? \_\_\_\_\_

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Women 1.21-22. Kijan mizè te antre nan lemonn ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

2. Pwovèb 11.19 ; Ezayi 64.7 ; Women 6.23. Li pasaj sa yo epi gade kijan se nou menm ki te « ranje kabann nou an » .
3. 1 Jan 1.5-10. Gade byen pou wè kijan ou kapab kase vye sik peche a ansanm ak konsekans li yo.
4. Matye 25.31-46. Vèsè sa yo montre nou kijan Bondye va jije moun yo ki pa sousye pou mizè lòt moun.

### Priyè w'

« Papa ! Mwen bezwen W' paske m' ap viv nan yon mond ki plen avèk mizè ak doulè. Mwen remèsi W' jodi a dèske Ou te montre m' kijan sa pa sòti nan Ou menm. Okontré, sa sòti nan lènmi W' ki simen zèb nan lemonn. Papa, ede m' pou m' konbat peche nan mond sa a—nan lavi pa mwen dabò, epi nan lavi pwochen mwen yo tou. Alelouya ! Amèn. »



SENKYÈM PATI

# KRIS AVÈK FRATÈNITE A





# KRIS AVÈK RENMEN FRATÈNÈL

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**N**an leson sa a nou va etidye sou *renmen fratènèl*. Tèm sa a sòti nan yon mo Grèk ki se « *filadèlfì* ». Mo sa a siyifi renmen oubyen afeksyon pami frè yo. Men sa Bib la di nan Ebre 13.1 :

Se pou nou toujou yonn renmen lòt tankou frè k'ap viv ansanm nan Kris la.

Poukisa Bondye mande w' pou w' renmen frè ou yo ki nan menm legliz ansanm avè w' ? Se paske se *frè w'* yo ye ! Bib la fè nou konnen nou chak fêt selon yon « jèm ki pa ka mouri ». Sa vle di nou chak genyen menm Papa espirityèl la. Nou chak sòti nan menm ras epi nan menm fanmi espirityèl la. Se poutèt sa nou dwe genyen yon renmen avèk yon afeksyon espesyal youn pou lòt.

Se konsa tou, dapre vèsè memwa a, nou dwe renmen frè yo avèk « tout kè » nou. Mo renmen sa a, kote li di « renmen lòt ak tout kè nou », se yon mo Grèk ki rele *agape*. Yon renmen *agape* se yon renmen ki pa yon renmen natirèl, men se yon renmen diven Bondye mete nan kè w'. Ou pa ka pwodwi renmen sa a, li se yon fwi Sentespri a bay (gade Galat 5.22). Renmen sa a se pa yon *emosyon*, men anverite li se yon *desizyon*. Se kote ou deside nan kè w' pou toujou chache byennèt frè w', kèlkeswa sa k' pase, kèlkeswa sa l' ta fè, ou va toujou renmen l' epi chache byen l'. Se sa ki rele yon renmen *agape*.

Lè Bondye fin mete renmen *agape* sa a,

## Vèsè Memwa W' :

Koulye a, lè n'ap obeyi verite a, nou nan kondisyon pou nou fè sèvis Bondye, pou nou sa gen yon renmen sensè pou frè yo. Se sak fè, se pou nou yonn renmen lòt ak tout kè nou, ak tout fòs nou. (1 Pyè 1.22)

ki se yon renmen espirityèl, nan kè w', lè sa a sa va rann ou renmen fratènité a. Bondye vle pou w' fè tout sa ki posib pou w' demonstre afeksyon avèk jantiyès avèk pwochen ou yo ki nan menm kongregasyon ansanm avè w'. Sa se pi gran temwanyaj legliz Kris la kapab genyen sou tè a. Men sa Jezi te di :

Si nou yonn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye. (Jan 13.35)

Se tras pye sa a Kris te kite pou ou.

## *Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A*

Ou kapab pase anpil tan kote ou renmen pifò moun yo. Ou kapab menm renmen sila yo ki plis merite sa pandan majorite lavi w'. Men, tan sa di pou renmen tout moun, toutan ! Anverite, sa pa posib pou w' rive fè sa avèk pwòp fòs pa w'. Pa menm eseye fè sa. Fòk ou resevwa renmen diven Bondye a pou w' kapab renmen tout moun, toutan.

Kijan ou pral fè genyen renmen sa a ?

## Tras Pye Kris yo

Ou pa ka achte renmen sa a nan mache a. Bondye se renmen, epi se Li menm sèlman ki kapab ba ou l'. Fòk ou vin kote Bondye chak jou pou w' resevwa gran kado espesyal sa a nan men L'.

Malgre l' enposib pou w' gen renmen fratènèl sa a pou frè yo ki nan legliz la nan pwòp fòs pa w', toujou genyen kèk bagay ou kapab fè pou renmen sa a kapab grandi epi avanse. Kite m' ba ou kèk kon-sèy pratik :

**1. Ou dwe rekonèt tout frè ou yo gen fòt epi ou oblige dakò avèk yo.** Si w' rekonèt tout frè w' yo se lòm yo ye ki fayi, enben sa va pèmèt ou gen plis pasyans avè yo. Kanmenm ou gentan wè frè yo gen fòt, pa vre ? Si ou pa antann pou l' pafè, lè sa a ou p' ap two dekoraje lè w' vin rekonèt fayit li yo. Lèfini, pa blyie, Kris te toujou resevwa w' malgre ou te fayi tou (gade Women 15.7).

**2. Ou dwe pale sou bon karakteristik frè ou yo. Ou pa dwe pale sou fayit li yo.** Gen pafwa ou oblige pale sou fayit frè ou yo, sitou lè w' ap chache yon solisyon oubyen yon konsèy pou ede l'. Men renmen p' ap pèmèt ou pale sou yon frè avèk lòt moun nan sans tripotay. Si fòt frè a ba ou pwoblèm, ou dwe pale avè l' dirèk. Men lè w' ap pale avèk lòt moun, ou dwe sèlman pale byen pou frè a. Èske se pa konsa ou ta renmen l' pale pou ou ? (gade Jak 4.11).

**3. Fòk ou aprann padonnen frè ou.** Yon moun ki pokò aprann padonnen frè l' va toujou genyen pwoblèm andan legliz la. Poukisa ? Se paske nou

tout fayi. Men sa Bib la di :

Nou tout nou bite nan plizyè sans.  
(Jak 3.2)

Padon se yon kado ou bay frè w' chak fwa li gen bezwen l'. Ou dwe fè sa paske se menm kado sa a Bondye ba ou chak fwa ou bezwen l' tou (gade Matye 6.14).

**4. Lè ou santi gen yon baryè ant ou menm avèk yon lòt frè, ale, epi pale avèk li.** Li vrèman difisil pou w' toujou kenbe yon bon relasyon avèk tout moun nan legliz la, men sa dwe rete kòm bi ou. Sa pa vle di fòk ou pwòch avèk tout frè yo nèt menm jan. Sa pa vrèman posib. Men, fòk ou genyen yon bon relasyon avèk yo tout. Si w' santi gen yon bagay ki pa fin kòrèk ant ou menm avèk yon lòt frè, ale, epi pale avè l'. Li kapab yon bagay li te fè w', konsa tou ou kapab sisplèk li pa t' dakò avèk yon bagay ou te fè. Kèlkeswa sikonstans lan, ou gen yon res-konsabilite pou al pale avè l'. Li se frè w' nan Lafwa a epi ou pa dwe fache avè l'. Pa poze tout tan ou pa ranje koze a (gade Matye 5.23-24).

**5. Ou dwe demonstre renmen ou genyen an pou frè w' la.** Kris te kite yon bèl fason pou n' demonstre renmen nou genyen pou frè yo. Fason sa a se bo sen a. Bib la bay kòmandman sa a pandan senk (5) fwa.

Yonn bo lòt pou mwen tankou frè.  
(Women 16.16)

Ou kapab gade 1 Korent 16.20 ; 2 Korent 13.12 ; 1 Tesalonisyen 5.26 ;avèk 1

Pyè 5.14 tou. Mwen toujou wè sa lè gen de (2) frè ki gen pwoblèm youn avèk lòt, kijan yo pa fè bagay sa a ankò.

Genyen kèk frè ki di : « Mwen pa gen anyen avèk entèl . . . » Poutan, yo pa fè

yon pa pou rann moun sa a sèvis. Èske yo vrèman renmen frè yo ? Sonje, yon moun ki pa renmen yon lòt, se rayi li rayi l'. Epi, yon moun ki rayi frè l' se asasen li ye !



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Dapre ou menm, kisa mo *agape* a vle di ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Dapre ou menm, kisa renmen fratènèl vle di ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Ki pi gran temwanyaj legliz Jezikri a kapab genyen ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Kisa ou kapab fè pou renmen fratènèl ou genyen an kapab grandi ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. 1 Jan 4.7-21. Ki kote vrè renmen an sòti ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Filipyen 1.9 ; 1 Tesalonisyen 4.9-10 ; 1 Pyè 4.8-9. Li pasaj sa yo epi esplike kijan

## Tras Pye Kris yo

yon Kretyen dwe renmen frè l' yo. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

3. 1 Jan 2.7-11. Aprann plis sou renmen fratènèl la.
4. Matye 7.1-5. Vèsè sa yo montre w' kijan ou pa dwe jije frè ou, epi li montre w' kijan ou gen fòt tou.

### Priyè w'

« O Papa m' ! Jodi a mwen te egzaminen kè m'  
epi mwen te dekouvri gen yon gwo defo ladan  
l'. Seke mwen manke renmen. San Ou menm,  
kè m' vid. Pa gen renmen la a. Se sa k' fè mwen  
vin kote W'. Jodi a, nan non Jezi a, mwen mande  
W' pou W' ranpli m' avèk renmen W', paske se  
Ou menm ki se sous renmen an. O Bondye, ranpli  
m' epi fè m' debòde pou renmen mwen an kapab  
rive jwenn tout frè m' yo nèt. Mwen konnen se sa  
ou vle pou mwen. Amèn. »



# KRIS AVÈK SÈVIS ADORASYON FRÈ YO

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Petèt ou gentan tande yon konvèsesyon konsa : « Bonjou, Frè Jan. Èske ou konnen poukisa Wonal pa t' vin legliz Mèkredi swa ? Èske li malad ? »

« Non, mwen pa konn pouki. Sèl bagay, mwen te wè li pa t' la tou. Li kòmanse rate anpil sèvis nan jou sa yo. Èske ou panse se dekorajman espirityèl ki nan lavi li ? »

Poukisa li vrèman enpòtan pou nou pa neglige reyini ansanm ? Men kèk rezon nou ka wè atravè tras pye Kris la :

**1. Ou bezwen louwe Bondye.** Fè lwanj yon bagay, se yon nesesite pou tout moun. Se konsa Bondye te fè nou. Epi si nou pa fè lwanj pou Bondye, sa p' ap pran anpil tan anvan nou kòmanse adore yon lòt bagay.

Bondye te toujou vle pou pitit Li yo reyini ansanm pou fè lwanj pou Li prèske depi nan kòmansman an. Gade sa Li te di pèp Izrayèl la nan tan lontan :

Se Bondye menm ki pral chwazi yon kote pou l' rete nan mitan pèp la, kote pou yo fè sèvis pou li. Se la n'a vin jwenn Senyè a, Bondye nou an. (Detewonòm 12.5)

Bondye te konnen depi pèp Izrayèl la pa t' ale nan lye adorasyon an pou yo adore, lè sa a yo t' ap tonbe adore zidòl. Konsa tou, si nou pa reyini nan

### Vèsè Memwa W' :

Pa pran egzanp sou moun ki pran abitid pa vin nan reyinyon nou yo. Okontré, se pou yonn ankou raje lòt fè sa, koulye a pi plis pase anvan, paske nou wè jou Seyè a ap pwoche. (Ebre 10.25)

kay legliz la pou n' adore Bondye, talè ou kapab twouve w' ap prale kote lem'onn nan konn reyini ansanm pou yo louwe yon plezi chanèl.

### 2. Ou bezwen tande Pawòl Bondye

a. Nou ale nan sèvis legliz yo pou n' kapab aprann nan Pawòl Bondye a. Nan sèvis sa yo, se Bondye menm k' ap anseye nou atravè devosyon an, le-kòl Dimanch lan, avèk mesaj la tou. Bondye menm pale avèk nou atravè chan yo avèk temwanyaj yo lè nou reyini ansanm avèk frè yo nan lafwa a.

Nou dwe vin legliz avèk yon respè ansanm ak yon krentif paske nou konnen Bondye pral pale avèk nou la a. Se Bondye menm ki nouri nou espirityèlman lè nou vin nan sèvis yo avèk yon grangou ak yon swaf pou jistis Bondye a. Men sa Bondye di :

Moun ki fè m' plezi se moun ki pa gen lògèy nan kè yo, se moun ki regrèt sa yo fè ki mal, se moun ki gen

## Tras Pye Kris yo

krentif pou mwen lè m' pale. (Ezayi 66.2)

**3. Ou bezwen reyini avèk frè yo.** Nou ale nan sèvis yo pou nou kapab genyen kominyon ak zanmitay avèk frè ak sè yo nan lafwa a. Pafwa nou santi nou pa bezwen youn lòt, men se pa vre. Si nou ta eseye viv pou kont nou sou yon zile, nou ta twouve kijan nou youn bezwen lòt. Bondye te fè nou kòm moun sosyal. Sa vle di nou bezwen pase tan, epi pale youn avèk lòt.

Gen yon lòt rezon ankò ki fè nou dwe reyini ansanm. Bib la egzije nou pou nou egzòte youn lòt. Frè a ki pataje devosyon an, se egzòte l' ap egzòte frè yo. Konsa tou, pandan pastè a ap bay mesaj la, se egzòte l' ap egzòte moun yo. Apre sèvis la tou, tout moun ankouraje pandan yo pale ansanm pou yo bay konsèy epi egzòte youn lòt. Se tras pye

sa a Kris te kite pou nou.

## Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Si ou vrèman vle swiv tras pye Jezi a, p' ap gen moun k' ap oblige di w' pou w' al legliz. Okontré, ou va santi yon gwo bezwen pou w' ale, kote ou kapab temwaye ansanm avèk David kote li te di :

Ala kontan mwen te kontan lè yo di m':  
-Ann ale lakay Senyè a. (Sòm 122.1)

Konsa ou va ini vwa w' avèk vwa Salmis la kote li te di :

Ala bèl kay ou a bèl, Senyè ki gen tout pouvwa! Jan mwen anvi wè kay Senyè a sa! M'ap deperi sitèlman m' anvi al lakay Senyè a. M'ap chante, m'ap fè fèt pou Bondye vivan an. (Sòm 84.1-2)

Se pou w' prezan nan tout sèvis yo nèt. Rive bonè ! Epi, pa al lakay kou sèvis la lage ; rete epi salye frè yo.

Èske ou pokò patisipe nan yon sèvis

Si nou pa fè  
lwanj Bondye ...



talè nou va adore  
yon lòt dye.



Kretyen kote moun yo kòmanse salye youn lòt apre sèvis la ? Sa sanble etranj pou anpil moun, men plan Bondye se pou gen yon kominyon entim pami frè yo. Gen anpil kongregasyon kote frè yo prèske pa salye menm. Gen anpil moun ki menm kite legliz la nan yon fason ki sanble kòmsi yon bêt devoran ap kouri dèyè yo pou manje yo. Si se konsa kongregasyon pa w' la ye, enben, m' ap ankouraje w' pou w' ede chanje bagay sa a. Bondye vle pou nou youn salye lòt. Se sa Li di menm nan 1 Tesalonisyen 5.26 :

Di **tout frè yo** bonjou, bo yo pou mwen tankou moun k'ap viv pou Bondye konn fè l' la.

Pou salitasyon espesyal sa a kapab toujou rete sen, frè dwe salye frè yo sèlman, epi sè yo dwe salye sè yo senpman. Sa pa dwat pou yon frè salye yon sè avèk yon bo. Lè frè yo ap salye sè yo, se lamen pou yo ba yo senpman.

Salitasyon sa a se yon kòmansman sèlman. Ou dwe al vizite frè yo tou. Degaje w' pou ankouraje, konsole, epi egzòte frè yo nan lafwa a.

**M**iryam Awouz se yon béllegzanz nan sijè sa a. Kòm yon manm nan Fratènite Kretyen

Waslala a, li te toujou prezan nan sèvis yo chak Dimanch maten pandan katran. Pa gen yon lòt manm ki te fè sa. Menm pastè a pa t' fè sa. Sa ki plis enteresan, seke Miryam te rete pi lwen legliz la, epi wout pa l' la te pi di pase tout lòt manm yo. Li te oblige pase nan yon gwo rak bwa, epi janbe anpil raje. Gen yon lè kèk nèg ak zam te sòti nan rak bwa a epi te fè kè l' sote. Malgre sa, li toujou pa t' rate sèvis la jou sa a.

Apre yon tan li te bwote nan yon lòt kay ki te pi pre legliz la. Malgré sa, chak Dimanch li te oblige janbe yon rivyè, pase nan raje, epi pandan wit (8) mwa nan ane a, li te oblige bat labou nan wout la. Gen yon fwa li prèske pa t' ka janbe rivyè a paske dlo a te dessann. Men, li te mare senti l' pou l' travèse epi li te janbe kanmenm. Gen pafwa li pa t' jwi sante, men li pa t' janm rate yon sèvis. Pa menm yon sèl, pandan katran ! Poukisa Miryam genyen temwanyaj sa a ? Se paske li renmen Bondye epi li santi yon bezwen pou l' reyini avèk pèp Bondye a.



## Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Site twa (3) rezon ki fè ou mache nan sèvis yo. \_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

2. Bondye te kreye lòm pou yo te ka louwe Li. Kisa moun yo, ki refize adore Bondye, konn fè menm ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. Dapre ou menm, poukisa Jezi te kite ansèyman an sou bo ki sen an ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. 1 Jan 4.4-26 ; Sòm 95.6 ; 96.9 ; 99.5. Etidye vèsè sa yo epi aprann kijan ou dwe adore.  
\_\_\_\_\_
2. Sòm 27.4 ; 65.4 ; 84.1-8 ; Miche 4.1-5. Pasaj sa yo esplike kijan yon moun ki vle reyini avèk frè yo konn santi, epi kisa li konn fè.  
\_\_\_\_\_
3. Matye 13.1-9 ; 13.18-23. Dapre parabòl sa a, esplike ki atitud ou dwe genyen anvè Pawòl Bondye a, ni lè ou ale nan yon sèvis, ni lè ou pa nan sèvis.
4. Women 16.16 ; 1 Korent 16.20 ; 2 Korent 13.12 ; 1 Pyè 5.14. Li vèsè sa yo ki pale sou bo ki sen an.

### Priyè w'

« Papa ! Padonnen m' pou lè mwen konn reyini  
avèk frè yo kòm yon obligasyon. Mèsi pou jan  
ou montre m' si m' pa reyini avèk yo, lavi m'  
cheche menm jan avèk yon ti flè yo koupe nan  
solèy cho. Mwen bezwen louwe. Mwen bezwen  
tande vwa Ou atravè Pawòl Ou. Mwen bezwen frè  
m' yo. Mèsi Papa. Amèn. »



# KRIS AVÈK Jou SENYÈ A

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Jodi a, men yon bél kesyon ki devan nou : « Poukisa anpil legliz obsèvè jou Dimanch olye pou yo obsèvè jou Samdi (Saba a) tankou Izrayelit yo te konn fè nan Ansyen Testaman an ? » Annou gade kèk nan repons yo nou jwenn nan Bib la.

**1. Se paske genyen diferans ant de (2) kontra yo.** Genyen anpil moun ki panse ni Ansyen Testaman an, ni Nouvo Testaman an, yo egal. Men, se pa sa.

Bondye te enspire toulede kontra sa yo, epi yo toulede fè pati Pawòl Bondye a. Men Ansyen Kontra a te la pou kwayan yo nan tan lontan. Nan epòk sa a n' ap viv la, se Nouvo Testaman an ki aplike pou nou. Sonje byen, menm Bib la di sa. Jezi te akonpli Lalwa a ki te genyen nan Ansyen Testaman an. Ansyen Testaman an anseye nou anpil sou karaktè Bondye a, epi nou kapab aprann anpil bagay dapre ni bon, ni move egzanp yo moun yo te kite pou nou nan Ansyen Testaman an (gade 1 Korent 10.6). Yon Kretyen kapab vin twouble anpil si l' pa rekonèt diferans lan ki genyen ant de (2) kontra sa yo.

Anverite, se yon bagay ki pa posib pou w' obeyi toulede testaman sa yo anmenmtan. Pa egzanp, nan Ansyen Testaman an, gen pafwa Bondye te kòmande pèp Li a pou yo ale nan ba-

### Vèsè Memwa W' :

Donk, menm saba a, Pitit Lòm nan se Mèt li tou. (Mak 2.28)

tay epi pou yo touye lènmi yo. Men nan Nouvo Testaman an, legliz la separe avèk leta a epi Bondye defann yo ni goumen, ni touye moun. Nan Ansyen Testaman an, moun yo te kapab divòse, epi yo te gen dwa gen plizyè madanm. Men Nouvo Testaman an pa dakò youn nan bagay sa yo. Nan Ansyen Testaman an, moun Bondye yo te konn obsèvè dènye jou nan semenn nan. Nan Nouvo Testaman an, nou obsèvè premye jou a.

**2. Se paske yon jou repo se yon bagay nou jwenn ki pratike depi nan kreyasyon an.** Depi nan kòmansman an, Bondye te vle pou pèp Li a kenbe yon jou nan chak semenn apa pou Li. Li te kite egzanp sa a pou nou nan kreyasyon an :

Sou sis jou, Bondye te fin fè tout sa l' t'ap fè a. Setyèm jou a, li sispan travay. Li beni setyèm jou a, li mete l' apa pou li, paske se jou sa a li te sispan travay apre li te fin kreye tout sa l' t'ap kreye a. (Jenèz 2.2-3)

Menmsi nou pa obsèvè jou Saba a ankò, se pou rezon sa a nou toujou mete yon jou nan semenn nan apa.

## Tras Pye Kris yo

**3. Se paske nou jwenn yon egzanp ki klè nan legliz apòt yo. Yo te obsève jou Dimanch lan pou sonje rezireksyon Kris la.** Sa se pi gwo rezon ki fè nou obsève jou Dimanch lan—se paske se sa apòt yo te fè.

Premye jou nan semenn lan, nou te reyini nan aswè pou n' te separe pen an ansanm. Pòl t'ap pale ak asanble a. (Travay 20.7)

Apòt yo te kòmanse obsève premye jou nan semenn nan olye dènye jou a pou yo te ka sonje rezireksyon Jezikri a (gade 1 Korent 16.2).

Sa byen enteresan pou wè kijan tout liv Levanjil yo pale sou kijan Jezi te resisite nan premye jou nan semenn nan. Pwen sa a se te yon pwen enpòtan paske se jou sa a ki tapral sèvi kòm yon jou espesyal ki se te Jou Senyè a. Byen gade sa Matye te di :

Lè jou repo a te fin pase, Dimanch maten byen bonè, Mari, moun lavil Magdala a, ak lòt Mari a te al vizite kavo a. (Matye 28.1)

(Konsa tou ou kapab gade Mak 16.9 ; Lik 24.1 ; avèk Jan 20.19, 26.)

**4. Se paske Kretyen yo nan premye épòk legliz la te obsève premye jou a.** Mwen gen yon ansiklopedi kèk ansyen ekriti ki sòti nan épòk lè legliz la te vrèman jenn. Malgré se pa Pawòl Bondye a sa, li toujou montre nou kisa legliz la te anseye nan épòk sa a. Panse sou sa Ignatis te ekri anviwon sansen-kan apre Jezikri :

« Nou pa obsève jou Saba a ankò, men nou obsève Jou Senyè a. »

Gade sa Jesten Mati te ekri sanswasant ane apre Jezikri :

« Epi sou jou sa a ki rele Dimanch, tout sila yo ki rete lavil, ak sa ki rete andeyò yo, yo tout reyini yon sèl kote pou yo tandé yo li ekriti apòt yo. »

Jounen jodi a, se poutèt rezon sa yo, ansam avèk kèk lòt toujou, ki fè nou obsève Jou Senyè a sou premye jou lase-menn, ki se Dimanch.

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

E nou menm, kisa nou dwe fè sou jou espesyal sa a ? Gen yon bagay ki vrèman klè—nou pa dwe eseye obsève jou Dimanch menm jan pèp Izrayèl la te obsève jou Saba a nan Ansyen Testaman an. Pa egzanp, si nou ta obsève Dimanch menm jan avèk ansyen Saba a, nou pa ta ka menm sanble bwa pou n' fè manje jou Dimanch.

Dimanch se Jou Senyè a li ye. Se konsa premye Kretyen yo te rele l'. Pa egzanp, Apòt Jan te di : « Yon jou dimanch, jou Mèt la menm, Lespri Bondye a pran m' » (Revelasyon 1.10). Ou dwe dedye jou sa a ba Li espesyalman.

**1. Ou dwe reyini avèk frè yo pou w' louwe Bondye nan sèvis adorasyon yo.** Tou dènyèman mwen te kòmanse reflechi sou adorasyon sen yo chak Dimanch. Nan peyi Nouvèl Zelann, lè sen yo kòmanse louwe Bondye nan Dimanch maten, lè sa a li t' ap fè twazè pou senkè Samdi swa ann Ayiti. Konsa pandan trannsis (36) èdtan, t' ap toujou gen lwanj k' ap moute jwenn Bondye jiska solèy la kouche nan zòn Alaska jou Dimanch. Imajine Bondye k' ap chita sou twòn Li nan syèl la k' ap resevwa tout lwanj sa a kòm yon bon odè k' ap moute

jawenn Li san sès pandan jou sa a. Ala nou beni pou n' kapab fè yon pati nan gran koral sa a pou n' louwe Bondye !

**2. Ou dwe medite sou rezireksyon Jezi a.** Sòti nan lè nou leve nan maten, jiskaske nou kouche lannwit, kè nou dwe kontan lè nou sonje pouvwa a avèk espwa a nou genyen poutèt rezireksyon Jezi a. Se menm pouvwa rezireksyon an sa a ki rann nou kapab venk peche nan lavi nou.

**3. Ou dwe mete Jou Senyè a apa kòm yon jou pou w' fè byen ak lòt moun.** Ou kapab sèvi Jezi atravè sèvis ou rann lòt moun yo. Al vizite òfelen yo avèk sila yo ki an dèy. Sa se yon bon lè pou w' al vizite sila yo ki anba tray, ki dekoraje, ki malad, oubyen ki nan prizon.

**Y**on lè Ozetazini, te gen yon mesye enkonvèti ki t' ap vwayaje yon jou Dimanch sou wout ki te plen nèj lè l' te pèdi kontwòl machin nan epi machin nan te tonbe nan yon rigòl. Te gen anpil Kretyen ki te nan wout pou yo al legliz ki te pase devan mesye. Mesye enkonvèti a te gen yon chenn epi li te mande Kretyen yo yon kout men pou rale machin nan youn apre lòt. Lè l' te wè pa gen youn nan yo ki te vle ede l', li te ale nan yon magazen kote mèt la te yon mesye enkonvèti pou mande èd. Mèt biznis la te di : « Wi, vin moute nan djip mwen an, m' ap ba ou yon kout men. »

Mesye a te rakonte nouvo zanmi sa a tout sa ki te pase l' avèk frè leg-

liz yo. Li te di konsa : « Lè mwen te chache èd nan men Bondye, Li pa t' gen tan. » Li te fè yon ti souri epi li te di : « Men, lè mwen te al jwenn dyab la, li te ede m' touswit. »

**4. Ou dwe poze nan travay ou yo.** Nou pa dwe bat pou n' kenbe lwa Ansyen Testaman yo sou jou Saba a. Anmenmtan, nou vle bat pou n' pa okipe afè travay pou n' kapab okipe travay Bondye yo tankou sa nou gentan site yo. Men, annou pa kite sa mennen nou two lwen. Menm nan Ansyen Testaman an, malgre règ yo te di, yo te pran swen bët yo epi chape yo si te gen yon malè ki te ka rive yo (gade Matye 12.11-12 ; Lik 13.15-16).

Pa egzanp, fòk nou tire lèt bëf yo jou Dimanch, men sa pa vle di nou oblige ba yo vaksen, oubyen taye kòn yo jou sa. Nou kapab fè travay sa yo ant Lendi pou Samdi. Li bon pou fè manje, men jou Dimanch ou pa dwe fè yon gwo manje kote ou oblige pase plis tan pou w' prepare l'. Bat pou w' pa al nan mache. Ou ka fè sa nan lòt jou lasemenn yo.

Sonje kijan Jezi te di :

se mèt jou repo a mwen ye. (Matye 12.8)

Se poutèt sa a, Li gen dwa pou L' di w' sa pou w' fè jou sa a. Ou dwe gen yon gwo kontantman pou w' sispann fè yon bann bagay materyèl pou w' kapab ba Li pifò nan jounen an.

Epi, pa bliye, tout lòt jou yo nan semenn nan se pou Li tou.

## Tras Pye Kris yo



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Ki evènman ki te chanje jou a kote pèp Bondye a dwe adore L' yon fason espesyal ?  
\_\_\_\_\_
2. Kiyès ki te premye kòmanse reyini ansanm jou Dimanch ? \_\_\_\_\_
3. Site kèk bagay ou dwe fè jou Dimanch. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Site kèk nan bagay ou pa dwe fè yo. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Li Matye 12.1-14. Jezi te diskite afè jou Saba a avèk Jwif yo anpil. Li istwa sa a epi ekri sa Jezi te vle anseye Jwif yo.  
\_\_\_\_\_
2. Li Mak 3.1-6. Gade byen ki bi Jezi te genyen pou jou Saba a dapre vèsè 4.
3. Etidye Jan 20.19 avèk Revelasyon 1.10-11. Vèsè sa yo apiye kijan nou dwe adore Bondye jou Dimanch.

#### Priyè w'

« Papa m', mwen remèsi W' dèské Ou ban mwen  
yon jou espesyal chak semenn kote mwen ka  
repoze nan travay mwen yo. Mwen santi mwen  
bezwen sa. Mwen remèsi W' tou pou jou espe-  
syal sa a kote nou kapab reyini avèk lòt Kretyen  
pou n' adore W'. Chak Dimanch mwen vle ini tèt  
mwen avèk koral entènasyonal fidèl yo k' ap louwe  
W' nan lespri epi nan verite. Nan non Jezi, Amèn. »



# KRIS AVÈK SÈVIS PAMI FRÈ YO

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Poukisa Bondye te rachte ou ? Èske Li te fè sa pou ou te ka chita nan lonbraj yon pyebwa kote pou w' jwi tout bendifiksyon Kris yo san ou pa fè anyen ankò ? Non ! Tande byen sa Apòt Pòl te di moun Efèz yo :

Se Bondye ki fè nou. Nan Jezikri li kreye nou pou nou ka fè anpil bon zèv nan lavi nou, dapre sa li te pare davans pou nou te fè. (Efezyen 2.10)

Gen anpil moun ki pa renmen vèsè sa a. Moun sa yo fè konnen Bib la anseye kijan se pa pamwayen bon zèv nou yo ki fè nou sove. Sa yo di a se yon verite. Men Efezyen 2.10 anseye nou klèman kijan nou sove *pou n'fè* bon zèv. Si ou vrèman rekonesan dapre sa Bondye fè pou ou, enben ou pral demontre sa dapre jan ou fè bon zèv.

Bondye antann anpil bon zèv nan men yon Kretyen. Nou pral site yon travay byen espesyal :

Se pou nou yonn sèvi lòt nan renmen nou yonn gen pou lòt. (Galat 5.13)

Kiyès ou dwe sèvi ?

Li vèsè memwa a ankò.

Gen pafwa nou oblige di zanmi enkonvèti nou yo konsa : « Mwen regrett sa pou ou zanmi m'. Mwen vrèman vle ede w' tout jan sa posib, men frè m' yo nan lafwa a gen premye plas. » Bondye vle pou frè yo ede youn lòt nan tout bagay. Se paske nou se manm nan yon sèl kò.

## Vèsè Memwa W' :

Se sa k fè, toutotan nou jwenn okazyon, ann fè byen pou tout moun, sitou pou frè ak sè nou yo ki gen menm konfyans ak nou nan Bondye. (Galat 6.10)

Kijan ou dwe sèvi ? Bib la fè nou konnen Kris bay lòm kèk don espesyal (gade Efezyen 4.8). Donk, ou dwe sèvi lòt moun pandan w' ap itilize don Bondye te ba ou yo.

Nan Women 12.6-8 nou kapab li kon-sènan don yo. Don sa yo se yon kalite abilite espesyal yon pitit Bondye jwenn pou l' kapab sèvi pamí frè yo. Annou site yo pou n' wè ki don yo ye :

- Yon don pou anonse mesaj ki sòti nan Bondye.
- Yon don pou fè yon travay.
- Yon don pou moutre lòt moun anpil bagay.
- Yon don pou bay ankourajman.
- Yon don pou bay sa ou genyen.
- Yon don pou dirije.
- Yon don kote ou gen kè sansib.

Pou ki rezon tout don sa yo egziste ? Men sa Bib la di :

Lespri Bondye a fè travay li yon jan nan lavi chak moun, men li fè l' pou byen tout moun. (1 Korent 12.7)

## Tras Pye Kris yo

Men sa li di ankò :

Se pou tou sa k'ap fèt ede legliz la grandi nan lafwa. (1 Korent 14.26)

Pou byen ki moun ? Pou edifye kiyès ? Asireman se pou byen fratènité a ak pou edifikasyon kò Kris la ki sou tè a. Se poutèt sa Bondye ba ou yon don. Li vle pou w' itilize l' pou sèvi pitit Li yo.

### *Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A*

Gen kèkfwa Kretyen yo gade lis don yo ki nan Bib la epi yo santi yo wo. Yo ka di konsa : « Bon, mwen gen plizyè don. Mwen gen don dirije a. Mwen gen don ankourajman an. Mwen se yon gran sèvèt Senyè a. »

Si ou ta wjwenn ou posede youn, oubyen plizyè don, ou pa dwe ògèye. Poukisa ? Se paske se yon kado li ye. Se yon kado Bondye ba ou. Se pa yon bagay ou te fabrike, pa vre ? Se poutèt sa ou dwe enb, epi ou

dwe chache yon fason pou w' itilize don sa a pou Jezi, se Li menm ki te ba ou l'.

Frè m', sè m', pa konsantre sou don yo. Konsantre sou renmen. Se renmen ki dwe motive sèvis pou Kris. Gade sa Apòt Pòl te di nan 1 Korent 13.1 :


Menm si mwen ta konn pale tout kalite lang moun pale ansanm ak lang zanj yo pale, si m' pa gen renmen nan kè m', bèl pawòl mwen yo pa pi plis pase yon tanbou k'ap fè anpil bwi, pase yon klòch k'ap sonnen.

Enben, kisa ou dwe fè ? Tande byen konsèy la Apòt Pyè te kite pou ou :

Chak moun dwe pran kado Bondye ba yo a pou yo rann lòt yo sèvis. Konsa, tankou bon jeran, n'a pran kado Bondye yo, ki divès kalite, n'a fè yo travay. (1 Pyè 4.10)

Sa vrèman bèl lè gen yon fratènité kote frè yo ede youn lòt ! Sa se plan Bondye

Frè ap ede frè.



epi li vrèman bèle pafè. Ozetazini genyen plizyè kongregasyon ki gen yon bèle kou tim kote yo youn ede lòt nan renmen. Lè gen yon fanmi ki pase anba yon dezas, tout lòt frè yo mete tèt ansanm pou ede yo. Pa egzanp, si kay yon frè ta vin boule, sa pa pran anpil tan pou frè yo mete an sanm pou konstwi yon lòt kay pou frè a. Yo fè yon jounen travay espesyal pou ede frè a. Jou sa a tout frè yo twouse manch yo pou yo travay ansanm ! Tout moun yo travay gratis epi tout moun ede akòz renmen yo genyen youn pou lòt. Sè yo

prepare manje a epi a midi tout moun manje ansanm avèk kè kontan. Apre sa, y' al travay ankò.

Èske nou kapab tire yon lesson nan sa ? Asireman !

Men pa blyie, frè ou yo pa sèlman bez wen èd ou lè gen yon dezas. Se tout tan ou dwe atantif pou bezwen yo. Li bon pou w' toujou prêt pou ede yo. Bondye te beni ou pou w' kapab sèvi avèk sa L' ba ou a nan wayòm Li dapre renmen ou genyen nan kè w'. Itilize l' pou byen frè ou yo !



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Ki kalite pitit Bondye vle pou ou ye ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Ki bagay espesyal Bondye ba ou pou w' itilize nan sèvis Li ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Kisa ki menm pi enpòtan pase don ou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Efezyen 2.4-10. Pasaj sa a rann li klè kijan bon zèv nou yo pa sove nou, men kijan nou sove pou n' fè bon zèv.
2. 1 Korent 12. Etidye chapit sa a ki pale sou don Sentespri yo.
3. 1 Korent 14. Site kèk nan don yo. Ki kalite lòd Bondye mande ? \_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

- 
- 
4. 1 Korent 4.1-7. Li vèsè sa yo epi note sa Bondye vle pou ou.

### Priyè w'

« O Bondye, gen anpil bagay ki fè mwen dwe remèsi W' ankò. Jodi a Ou te montre m' plis nan kado Ou ban mwen yo. Kiyès mwen ye pou W' ta ban m' yon don espesyal ? Mèsi dèske Ou te fè m' sonje kijan Ou te ban mwen don sa a pou m' kapab sèvi lòt moun olye pou m' itilize l' yon fason egojis. Poukisa pou m' pa ta itilize don mwen an pou m' ede epi beni lòt moun apre tout sa Ou gentan fè pou mwen ? Mèsi, Papa. Akòz sa Ou te fè pou mwen, mwen vle sèvi Ou pandan m' ap sèvi lòt moun jiskaske mwen mouri. Amèn. »



# KRIS AVÈK PRENSIP LEGLIZ YO

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**M**en yon kesyon moun ap poze souvan jounen jodi a nan legliz Kretyen yo : Èske legliz la gen dwa pou yo mete tèt yo ansanm epi etabli prensip ki pa vrèman detaye konsa nan Bib la ? Gen moun ki di wi, gen lòt moun ki di non. Ki tras pye Kris te kite pou nou nan Bib la ?

Men sa Kris te di disip Li yo :

Se vre wi, sa m'ap di nou la a: Tou sa n'a defann moun fè sou latè, yo p'ap kapab fè l' nan syèl la non plis. Tou sa n'a pèmèt moun fè sou latè, y'a kapab fè l' nan syèl la tou. Men sa m'ap di nou ankò: Si de nan nou mete yo dakò sou latè pou mande nenpòt ki bagay lè y'ap lapriyè, Papa m' ki nan syèl la va ba yo li. (Matye 18.18-19)

(Li Matye 16.19 tou.) Dapre Bib la, li vrèman klè kijan Kris bay frè yo dwa pou yo etabli prensip nan kongregasyon yo. Se kach prensip sa yo dwe baze konplètman sou prensip yo nou jwenn nan Bib la. Kris pa bay okenn moun, ni okenn kongregasyon, dwa pou yo etabli prensip dapre pwòp volonté pa yo.

Souvan tout frè yo pa tonbe dakò sou yon sijè ki pa dekri klèman nan Bib la. Poutèt sa frè yo dwe reyini pou yo sòti dakò sou pwen sa a. Konsa vin gen yon akò Bondye beni, epi tout frè yo toujou dwe swiv akò sa a.

Pa egzanp. Bib la pale sou afè modesti avèk senplisite nan fason nou dwe abiye.

## Vèsè Memwa W' :

Nan tout lavil kote yo pase yo te mete disip yo an konesans desizyon apòt yo ak ansyen yo te pran lavil Jerizalèm, yo t'ap mande yo pou yo te soumèt devan desizyon an.

(Travay 16.4)

Men, Bib la pa antre nan detay. Yon kongregasyon ki pran sa an chaj pou yo tonbe dakò konsènan detay abiman yo vrèman beni. Konsa tout manm yo kapab swiv akò a ansanm.

Bib la anseye kijan fanm nan dwe vwale tèt li tou. Si l' pa fè sa, li dwe retire tout cheve nan tèt li nèt (gade 1 Korent 11.1-16). Konsa pa gen dout sou afè vwal fi a, pa vre ? Men Bib la pa detaye ki kalite vwal, ki koulè, ni ki gwosè vwal la dwe ye. Kongregasyon an, oubyen plizyè kongregasyon k' ap travay ansanm, dwe gade pwen sa a pou yo pran kèk desizyon. Dapre analiz yo fè a yo va sòti sou yon akò biblik tout frè yo kapab swiv.

Bib la pa di se yon peche pou yon moun fimen. Enben, èske se yon peche si yon Kretyen ta fimen ? Bon, men sa Bib la di :

Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè lwanj Bondye. (1 Korent 6.20)

## Tras Pye Kris yo

Èske ou kapab rann Bondye glwa pandan w' ap detwi tanp Sentespri a ? Asireman, non ! Se poutèt sa Kretyen yo deside, avèk èd Pawòl la, se yon peche pou yon moun fimen.

Bib la pa di se yon peche pou yon moun danse, ni pou l' bat kòk, oubyen pou l' gade pònografi, oubyen pou fè anpil lòt bagay. Èske legliz la dwe rete bouch pe poutèt sa ?

Dapre plan Bondye, lidè legliz yo dwe sèvi rès manm yo pandan yo pran devan pou yo ede oryante legliz la nan desizyon sa yo (li 1 Pyè 5.1-3). Manm yo dwe obeyi avèk lidè yo pou kapab genyen yon amoni nan kongregasyon an, epi pou lèv Senyè a kapab avanse. Sa se yon kòmandman Bondye bay (li Ebre 13.17) !

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

E ou menm ? Kisa ou va fè ? Ou dwe sipòte desizyon frè ki fidèl yo. Ou dwe soumèt youn devan lòt (li Efezyen 5.21). Si kongregasyon pa w' la etabli kèk prensip, se devwa w' pou w' ba yo jarèt, menmsi ou pa santi yo tèlman enpòtan.

Anmenmtan, annou gade twa (3) danje ki genyen nan prensip legliz yo. Premye danje ki genyen an se lè moun yo vin santi prensip legliz etabli yo egal avèk Pawòl Bondye a. Bib la se Pawòl Bondye a ki pa ka chanje. Prensip legliz yo se kote legliz la aplike ansèyman Bib yo. Prensip sa yo ka vrèman differan youn avèk lòt selon sikonstans yo avèk kilti yo, men Bib la toujou rete menm jan pou tout tan.

Dezyèm danje ki genyen an se lè frè yo kòmanse gade prensip sa yo kòm yon sali pou yo. Prensip sa yo pa ka sove yon moun. Yo se kèk akò pou kenbe lapè avèk linyon nan fratènité a. Sali se yon kado

nou jwenn atravè lafwa nan Jezi Kris. Kisa ki vin rive lè frè yo panse dèské y' ap mache annakò avèk prensip legliz yo, enben nanm yo tou sove devan Bondye, menmsi y' ap viv nan peche ? Sa p' ap mache kras ! Premye travay Bondye toujou fè nan kè yon moun se transfòme Li transfòme kè l'. Li pa kòmanse deyò a anvan. Bondye sèlman gade sa ki deyò a kòm yon fwi sali, se pa sa ki sove yon moun.

Twazyèm danje ki genyen an se lè yon kongregasyon vin santi prensip pa yo se sèl fason pou aplike sa Bib la anseye sou yon sijè. Prensip yo kapab varye ant kongregasyon yo. Pa egzanp, nan kongregasyon pa nou an, sè yo mete yon gwo vwal blan. Men nan peyi Gwatemala, sè yo mete yon vwal nwa. Bib la pa di nou kilès nan de (2) prensip sa yo ki pi bon, li sèlman di nou sè a dwe vwale.

Mwen genyen de (2) zanmi ki se frè m' yo nan lafwa a, epi toude frè sa yo se evèk yo ye. Mwen apresye toude frè sa yo anpil epi Bondye itilize toulede nan wayòm Li. Men, pandan yo te toujou jenn, frè sa yo te zele epi toulede frè sa yo te eseye etabli yon legliz ki te tèlman espirityèl yo pa t' ap bezwen okenn prensip oubyen akò. Nan toulede ka sa yo, bagay yo te kòmanse byen, men dèské yo te baze sou yon prensip ki te di : « tout moun fè sa Lespri a di yo fè », toulede legliz sa yo te vin gen gwo pwoblèm. Frè sa yo te di vin

rive yon lè manm yo te fè diskisyon sou tout bagay nèt. Yo pa t' ka dakò menm. Toulede frè sa yo te oblige kite kongregasyon yo pou yo rekòmanse. Jounen jodi a toulede

frè sa yo reskonsab nan yon legliz. Toulede legliz sa yo gen prensip ak akò ki ekri. Nan moman sa a, mwen kapab di toulede frè sa yo ap jwi yon siksè nan travay yo.



### **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Bay twa (3) fason prensip kapab ede yon legliz. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Bay de (2) nan danje ki genyen lè yon legliz mete prensip, epi esplike kijan nou kapab evite danje sa yo. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Sa k' rive lè yon moun kòrèk deyò a, poutan andan an pa dwat ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Èske se fason prensip la aplike a, oubyen fason manm legliz yo mete aplikasyon Bib la nan lavi yo ki pi enpòtan ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. Travay 15.1-30. Etidye pasaj sa a pou w' wè kijan frè yo te etabli prensip selon bezwen ki te genyen an.

## Tras Pye Kris yo

2. Travay 15.31 ; 16.5. Sa k' te pase lè legliz la te etabli prensip ? \_\_\_\_\_
- 
- 

3. Matye 18.18 ; 16.19 ; Ebre 13.17. Li vèsè sa yo pou w' aprann konsènan otorite legliz la genyen sou tè a.

4. 1 Korent 16.16. Ekri vèsè sa a anba epi note kijan Bondye mande pou nou enb epi pou nou soumèt tèt nou youn devan lòt. \_\_\_\_\_
- 
- 

### Priyè w'

« Papa m' ki nan syèl la, premyèman mwen vle remèsi W' dèské mwen fè pati yon legliz ki fè pati kò Piti Ou a. Papa, mwen konnen gen anpil ide diferan epi ide pa m' yo pa toujou pi bon. Ede m' soumèt devan sa lòt yo panse ki pi bon. Senyè, sitou ede m' pou m' kapab dakò avèk akò yo nan fraternite a, menmsi se pa konsa mwen t' ap fè bagay yo. Senyè, mwen konnen ou vle pou nou soumèt youn devan lòt. Mèsi pou lapè a ki genyen nan legliz Ou a ! Amèn. »



# KRIS AVÈK REGLEMAN RENMEN LI A

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**K**i regleman Kris genyen ? Se ansèy-man an Jezi te kite pou nou nan Matye 18.15 avèk vèsè ki swiv yo. Regleman sa a aplike lè gen yon pwoblèm ant frè, oubyen lè peche parèt nan lavi yon frè nan legliz la. Chak frè dwe pran reskonsabilite pou yo al pale avèk lòt moun pèsonèlman pou yo rezoud pwoblèm lan. Jezi te kite kat (4) etap pou nou swiv nan regleman sa a. Nan lesyon sa a nou pral gade premye etap la. Nan pwochen lesyon an nou va gade lòt twa (3) etap yo ki gen nan regleman sa a Jezi te bay.

Kisa ou konn fè lè ou wè yon frè w' k' ap peche kont ou ? Kisa ou *dwe fè* ? Jezi gen yon regleman pou ou epi ou ka jwenn li nan vèsè memwa a.

Konbyen pwoblèm ki ta rezoud si nou ta mete regleman sa a Jezi te bay la an pratik ?

## *Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A*

Kisa regleman Jezi a gen pou wè avèk nou ? Premyèman, sa vle di ou reskonsab pou kenbe lavi w' pwòp. Apre sa, ou reskonsab pou w' ede frè w' kenbe lavi pa l' pwòp lè l' peche kont ou. Kisa ou dwe fè pou swiv tras pye Kris la ? Premyèman ann gade kèk bagay ou *pa dwe fè* :

- Jezi pa vle pou w' kouri al pale pastè a konsènan peche yon frè w'.
- Li pa vle pou w' reyini djak yo pou w' pale yo sou peche frè w' la.

## VÈSÈ MEMWA W' :

Si frè ou fè ou yon bagay ki mal, ale jwenn li, rele l' apa. Fè l' wè sa li fè a mal. Si li koute ou, se mete w'a mete frè ou ankò sou bon chemen.

(Matye 18.15)

- Li pa vle pou w' al pale lòt moun sou peche frè w' la.
- Li pa vle pou w' chita ap rete tann pou yon lòt moun al ede frè a.
- Sa ou *dwe fè* :
- Jezi di w' pou wete bout bwa a nan je pa w' dabò (gade Matye 7.3-5).
- Apre sa, ou dwe al pale avèk frè a pou kont ou (gade Matye 18.15).

Lè ou fè sa, ou demontre frè a kijan ou kwè pwoblèm lan kapab rezoud antre nou de (2) a. Nonsèlman sa va grandi konfyans frè a, men konsa tou, sa va demontre l' kijan ou respekte vi prive li. Li va twouve kijan ou pa vle devwale peche li. Okontrè l' ap konnen ou pa ta renmen okenn lòt moun konnen bagay sa depi pwoblèm lan ka rezoud. Si l' sensè, li pral remèsi w' anpil pou sa ou fè a.

Sè, ann sipoze yon jou w' ap pwomen-nan nan vil la, epi konsa ou wè de (2) sè nan legliz la k' ap sòti nan biwo Kasèk la. Se pandan ou wè kijan yo te prese lè y' ap sòti, ou vin sonje kijan de (2) sè sa yo te gen yon pwoblèm avèk kèk lòt sè nan

## Tras Pye Kris yo

vwazinay la tou dènyèman. Konsa ou sonje pwoblèm sa a te di epi ou pa t' janm tandem si pwoblèm lan te rezoud ou non. Kisa ou pral fè kounyeya ? Ou te ka al kot pastè a pou w' di l' yon bagay konsa : « Pas, mwen sispek Sè Mat ak Sè Elèn t' ap pote plent kont lòt sè yo lè yo te nan biwo Kasèk la. Sanble yo t' ap voye yon manda bay lòt sè yo pou y' al jije ansanm avèk yo. Mwen pa kwè se yon bon bagay yo t' ap regle nan biwo Kasèk la. » Konsa tou, ou ka deside pou w' pale avèk kèk frè nan legliz la sou sa ou te wè a. Konsa vin gen yon rimè k' ap kouri sou kijan Sè Mat ak Sè Elèn ap eseye mennen lòt sè yo tribinal.

Men Jezi pa vle pou w' fè sa. Li vle pou

w' al devan de (2) sè sa yo ou te wè nan biwo Kasèk la epi mande yo avèk pasyans ak renmen konsènan kisa yo t' ap regle la a. Ala etone ou t' ap etone pou w' tandem repons yo ! « *Se vann nou konn vann pen, epi se Kasèk la ki se pi bon kliyan nou. Lèfini, pwoblèm nou te gen avèk lòt sè yo a gentan rezoud deja.* »

Gen yon bagay konsa ki te rive nan legliz kote m' ap dirije a . . .

Mwen konnen li pa vrèman fasil pou w' fè sa, pa vre ? Ou konn sa byen. Gen pafwa frè a vin fache epi bagay yo pa tèlman mache byen. Si sa rive, nou pral wè atravè twochen lesion an kisa nou dwe fè nan ka sa.



## Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Dapre ou menm, dekri kisa regleman Jezi a ye.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Poukisa li difisil pou pratike regleman sa a ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Ki tandans nou tout konn genyen lè nou tandem yon move bagay sou yon frè nou ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Poukisa regleman Jezi a vrèman efikas ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. Matye 18.15-22. Etidye pasaj sa a avèk yon lespri ki ouvri devan ansèyman li yo epi chache konprann regleman Jezi a.
2. Efezyen 5.25-28. Dapre vèsè sa yo, ki kalite legliz Jezi va chache pou pran ansanm avè L'?
3. Galat 6.1 ; 1 Tesalonisyen 5.14 ; Matye 7.1-6, 12. Li pasaj sa yo ki montre ou kijan pou w' ede frè w'.

## Tras Pye Kris yo

### Priyè w'

« Chè Papa etènèl, mèsi dèské Ou te pèmèt  
mwen devni yon manm nan kò Ptit Ou a sou  
tè a. Mèsi pou chak frè ki fè pati menm kò  
sa a. Ede m' pou m' reyalize reskonsabilite  
m' nan anvè chak frè ki nan menm kongre-  
gasyon avè m'. Epi si yon moun ta fayi epi  
ta peche kont mwen, ban m' ase kouraj avèk  
renmen pou m' al pale avèk li. Konsa tou, lè  
m' mande koreksyon, ede m' resevwa l' avèk  
imilite ak gras. Mèsi dèské Ou rann li posib kote  
nou tout kapab devni Fiyanse Kris la kote nou  
pi e sen. Bondye, mèsi tou pou regleman Kris la !  
Mwen priye tout sa nan non Jezi, Amèn. »



# KRIS AVÈK DISIPLIN NAN FRATÈNITE A

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Nan dènye lesson an nou te aprann kisa ou dwe fè lè yon frè w' peche kont ou. Konsa nou te wè tou kijan li toujou pi bon pou w' jere yon ka pèsonèlman. Si nou fè sa, legliz la va gen mwens pwoblèm epi l' ap rete pwòp. Men nou tout konnen gen pafwa ou pa ka rezoud yon bagay ou menm sèl. Se poutèt sa Jezi te kite twa (3) lòt etap pou nou swiv si premye etap la pa mache.

Men sa Jezi di nou pou n' fè lè premye etap la pa mache :

Men, si li pa vle koute ou, pran yonn osinon de lòt moun avè ou. Konsa, tout bagay va regle sou depozisyon de osinon twa temwen. (Matye 18.16)

Gen plizyè avantaj lè nou pran temwen ansanm avè nou apre premye etap la pa mache :

- Dezyèm etap la toujou respekte vi prive frè a ki te fè peche a.
- Temwen yo sèvi pou bay plis prèv ak otorite nan sijè a (2 Korent 13.1).
- Temwen yo bay plis sajès pou mete yon solisyon nan pwoblèm nan (Pwovèb 15.22).
- Temwen yo la pou wè kijan moun nan reyaji
- Temwen yo kapab evalye travay moun k' ap bay koreksyon an. Petèt moun sa a ap aji selon lachè. Si wi, temwen yo ka ede l'.

Aaa ! Tèlman regleman Jezi a saj ! Si frè

## **Vèsè Memwa W' :**

Wete vye ledven peche sa a pou nou ka tounen yon lòt kalite moun. Lè sa a, n'a tankou yon pa t' ki fèk bat, san ledven ladan li. (1 Korent 5.7)

a wè erè l' epi l' vin repanti apre nou pran dezyèm etap la, lè sa a se sove l' sove tèt li epi legliz la netwaye tou. E si l' pa koute konsèy temwen yo ?

Men sa Jezi di lè dezyèm etap la pa mache :

Si l' refize koute yo tou, lè sa a w'a di legliz la sa. (Matye 18.17)

Lè sa a sila a ki te premye bay koreksyon an, ansanm avèk temwen yo va prezante ka a devan legliz la. Apre sa, li ka lese sityasyon an nan men pastè yo avèk lòt frè yo ki nan legliz la. Si gen késyon, temwen yo va tou bay lide pa yo a. Kounyeya se legliz la ki pral aji.

Si sila ki nan erè a dakò pou l' chita avèk manm yo, lè sa a yo kapab tou bay l' yon avètisman lapoula epi mande l' pou l' repanti. Diran dele sa a legliz la dwe fè jèn epi priye pou li. Kèk frè dwe al pale avèk li pèsonèlman tou. Konsa li va wè kijan nou renmen l'. Si l' koute konsèy frè yo epi l' repanti pou l' ranje pye l', bagay la fini epi ledven ki te ka gate pat la elimine. Men si sa pa mache, toujou gen yon lòt

## Tras Pye Kris yo

etap pou pran.

Si twazyèm etap la pa mache, men sa Jezi di :

Si l' refize koute legliz la, ou mèt gade l' tankou yon etranje pou ou, tankou yon pèseptè kontribisyon. (Matye 18.17)

Katriyèm etap sa a se denyè etap Jezi te bay la. Donk, etap sa a se pi gwo disiplin legliz la kapab bay. Etap sa a se lè legliz la separe yo avèk moun nan ki nan erè. Se sa ki rele eskominyon. Konsa tou, lòt manm yo dwe kenbe respè yo ak moun sa a si l' pa repanti. Menmsi etap sa a vrèman difisil, li se yon nesesite pou kenbe lòd ak disiplin nan legliz la.

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Kisa Jezi ap antann nan men w' chè lektè ? Jezi konnen moun ki parese p' ap swiv che-men sa a. Men kisa ou va fè lè tras pye a difisil pou w' swiv ? Men kèk rezon ki fè Jezi antann pou w' swiv tras pye sa a :

1. Pou sila a ki nan erè kapab kon-prann jan l' ap mal aji pou l' ka repanti.
2. Pou kenbe legliz la pwòp.
3. Pou rès legliz la kapab krent epi pou yo wè peche se pa yon jwèt li ye.

Si legliz pa w' la ta oblige swiv regleman Jezi a, kisa ou pral fè ? Bon. Ou dwe fè sa avèk kouraj ak renmen. Gen anpil moun ki di : « *Non. Mwen p' ap mele nan sa. Mwen pa vle gen pwoblèm. Mwen pa vle sal tèt mwen epi mwen pa vle moun rayi m'.* » Kite m' di w' yon bagay. Sa se yon mank renmen pou Jezi, pou fratènite a, ak pou frè a ki nan erè. Si ou kite bagay yo mache konsa, non Jezi a va sal. Legliz la va kontinye sal, epi frè ki nan erè a va kontinye nan peche l'. Men si w'

deside pou w' antre nan koze a, sa pa vle di menm bagay. Konsa non Jezi a pral akite, legliz la va rete pwòp, epi swa moun ki nan erè a va chape oubyen l' ap eskominyen.

Si w' kòmanse aplike regleman Jezi a, ou dwe kontinye swiv etap yo jiskaske ou fini. Si ka a vin difisil e konplike, sa pa vle di anyen. Fòk yon moun aji. Se ou menm menm. Chwazi temwen yo avèk swen e sajès. Pa chache zanmi ki va aji ak patipri. Chache kèk frè ki avanse nan lafwa a, e si l' posib, ki gen laj sou tèt yo tou. Se byen petèt pi bon temwen yo se pastè legliz yo menm.

Si ka a ta rive prezante devan legliz la, pa janm mete nan tèt ou ou se yon ewo epi lòt moun nan se yon mechan. Toujou kenbe yon lespri ki enb kote w' ap chache restorasyon. Sonje tout bagay sa yo dwe fèt pou sali sila a ki nan erè.

Si legliz la oblige eskominyen moun nan, enben, kenbe respè w' ak moun nan pou legliz la pa kontamine. Sonje sa Apòt Pòl te di nan 2 Tesalonisyen 3.15 :

Men, se pa poutèt sa pou nou fè lènmi avè li. Okontré, pale avè l' tankou yon frè.

Nou bezwen aji avèk moun sa a nan renmen, kote n' ap toujou chache reconsilyasyon frè a. Malgre nou separe tèt nou avèk moun nan, akòz renmen nou genyen pou li nou pa ka blyi l'. Okontré, nou dwe priye pou li. Nou dwe ede l' si l' gen yon bezwen, epi nou dwe egzòte l' lè nou jwenn chans pou n' fè sa. Renmen ap rele sila a ki eskominyen a byen fò pou l' retounen nan pak Bon Bèje a.

Chak fwa legliz la eskominyen yon moun, legliz la dwe eklèsi ki relasyon manm yo dwe genyen avèk moun ki eskominyen an. Konsa, tout moun nan

legliz la kapab aji avè l' menm jan epi avèk yon vwa ki ini ap rele moun nan pou l' repanti. Lè tout frè yo pa aji avèk moun nan menm jan, sa rann eskominyon an pa gen menm efè. Si gen kèk frè ki toujou

kenbe yon zanmitay ki pwòch avèk moun nan, poutan tout lòt manm yo kenbe respè yo avè l', kisa moun na va konprann nan sa ? L' ap konprann pa gen linyon.



### **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Ekri kat (4) etap yo ki gen nan regleman Jezi. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Si w' te kòmanse jere yon ka konsa, kilè ou kapab lage tout bagay nan men legliz la ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Ki kalifikasyon ou dwe chache nan yon moun lè w' ap chache temwen pou dez-yèm etap la ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Poukisa nou dwe kenbe respè nou ak yon moun ki eskominyen ? Bay twa (3) rezon.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. Women 16.17-18 ; 2 Tesalonisyen 3.6, 14-15 ; 1 Timote 5.20, 6.3-5 ; Tit 3.10 ; 2 Jan 9-11. Etidye vèsè sa yo epi ekri kèk fraz konsènan eskominyon ak jan ou dwe kenbe respè w'. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. 1 Korent 5. Li chapit sa a epi gade yon egzanp sou kijan yo te eskominyen yon moun nan epòk Apòt Pòl. Ekri kèk bagay ki atire w' plis nan pasaj sa a.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo


3. Matye 5.21-24. Kilè ou dwe al pale avèk frè w' pou kont ou ? \_\_\_\_\_
- 

### Priyè w'

« Chè Bondye, mwen remèsi W' pou jan Ou ban  
m' sentete W' pou m' kapab viv pamí pèp Ou  
a. Mèsi dèské mwen pa oblige viv nan bafon  
peche a ankò. Papa, lè mechanste vle antre  
nan legliz Ou, mèsi dèské Ou itilize m' pou  
retire peche a lè m' swiv regleman Jezi a avèk  
imilite e avèk anpil renmen. Mwen pa ka fè sa  
pou kont mwen, men Ou te pwomèt pou W'  
ede m'. Nan non W' m' ap fè tout sa m' kapab.  
Ede m' swiv regleman Jezi a. Mèsi ! Amèn. »



SIZYÈM PATI  
KRIS AVÈK FANMI AN





# KRIS AVÈK FÈ MENNAJ

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Bib la pa vrèman pale anpil sou afè fè mennaj la. Men kanmenm gen anpil vèsè ki ban nou bon konsèy sou kijan yon moun dwe fè mennaj epi sou kijan li *pa* dwe fè mennaj. Nan lesion sa a nou va chache gade yon pasaj espesyal pou n'tire kèk verite konsènan afè mennaj la. Nou jwenn pasaj sa a nan 1 Tesalonisyen 4.3-7. Pi devan nou va pran chak gress vèsè youn apre lòt pou n' etidye pasaj sa a.

Pou n' gade premye vèsè a nan pasaj sa a, gade vèsè memwa a.

Youn nan rezon ki fè Bondye te etabli maryaj se te pou kenbe pwòpte nan ras lòm nan :

Men, sitèlman gen dezòd lachè deyò a, se pou chak gason gen madanm pa yo. Konsa tou, se pou chak fanm gen mari pa yo. (1 Korent 7.2)

Donk, anvan l' kapab marye, jenn gason an oblige etabli yon zanmitay avèk yon jenn fanm. Relasyon sa a bezwen annakò avèk prensip paran yo ansanm avèk prensip legliz la. Bi relasyon sa a se pou de (2) moun yo kapab fè konesans youn ak lòt kote yo kapab marye pi devan. Se sa nou rele fè *mennaj*. Men kijan yon moun dwe fè mennaj menm ?

Se pou chak gason konn chwazi madanm li yon jan ki respektab, ki dakò ak volonte Bondye. (1 Tesalonisyen 4.4)

## Vèsè Memwa W' :

Men sa Bondye vle pou nou: Se pou nou viv apa pou Bondye, pou nou pa lage kò nou nan imoralite.

(1 Tesalonisyen 4.3)

Kote nou wè mo « chwazi » a, sa se yon mo Grèk (*tomay*) ki vle di : « asire yon bagay pou tèt ou, vin genyen, pwokire. » Si se konsa, enben vèsè sa a ap pale sou afè fè mennaj. Vèsè sa a ban nou yon bon ide sou kijan Jezi vle mennaj la mache. Lè yon Kretyen ap fè mennaj, sa dwe yon bagay ki sen epi respektab. Yon koup Kretyen anvi genyen yon maryaj ki sen e respektab. Se poutèt sa yo rekonèt fòk mennaj la konsa tou.

## Vèsè 5 :

Pa kite move lanvi pouse nou tankou moun lòt nasyon yo ki pa konnen Bondye.

Lè yon Kretyen fè mennaj, sa pa menm jan avèk lè lemonn fè mennaj. Lemonn ap bat pou yo jwenn plezi nan mennaj la. Se konvwatiz k' ap mennen yo. Se pa konsa pou Kretyen an. Bondye vle pou sistèm mennaj la rete kòm yon bél zanmitay. Men se konsa tou Li vle pou l'mache dapre sentete Li.

## Vèsè 6-7 :

Okenn gason pa dwe fè frè l'lapenn, ni

## Tras Pye Kris yo

fè l' lenjistis . . . Senyè a gen pou pini moun ki fè bagay konsa. Bondye pa rele nou pou nou viv nan vye kondisyon lèd. Men, li rele nou pou nou viv yon jan ki dakò ak volonte li.

Fraz la ki di « fè frè l' lapenn » se yon fraz ki sòti nan yon mo Grèk ki vrèman enteresan. Mo Grèk la se *iperbanyo*, epi mo sa a vle di « peche kont ». Mo sa a siyifi : « yon moun ki depase baliz la ki separe pwòpte avèk salte, sentete avèk peche. » Èske ou pa wè sa Bondye ap di w' nan Lekriti sa a ? Gen anpil jenn ki santi yo kapab bay akolad ansanm, karese youn lòt, fè ti bo . . . oubyen menm kenbe men youn lòt. Men yon gason ki fè sa *depase baliz* la avèk mennaj li. Li depase baliz la ki separe pwòpte avèk salte epi li fè yon seri santiman vin moute ki pa ka jwenn bout yo nan yon fason ki pwòp. Si gason an aji avèk fi a konsa, se vyole l' ap vyole l'. Sa se yon peche li ye epi li mennen nan fònikasyon ! Konsa, tras pye Kris te kite pou nou an, se pou youn pa manyen lòt jiskaske ou fin marye.

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

E ou menm, kisa ou va fè ? Èske ou va swiv tras pye Jezi a ? Jenn frè, jodi a mwen vle demontre w' reskonsabilite w' la atravè yon istwa ki sòti nan Ansyen Testaman an. (Ou menm jenn sè, koute byen tou.) M' ap pale sou istwa Abraram nan, kote li te voye Elyezè, sèvitè l' la, al chache yon madanm pou Izarak. Gen plizyè lesон ou kapab kapte atravè lavi, ni Abraram, ni Izarak dapre Jenèz 24 :

**Paran ou yo dwe enkli nan chwa a.** Li vèsè 1-9 epi note kijan Abraram te vrèman angaje l' pou l' chache yon madanm pou Izarak. Sa pa vle di fok ou fè l' menm

jan ak Izarak ak Abraram. Non. Kilti pa nou an vrèman diferan ak kilti pa yo a epi mès nou yo pa menm jan. Men an-sèyman Bib yo rete menm jan : Paran ou yo dwe enkli ! Èske ou fye paran w' yo menm jan ak Izarak kote w' ap kite yo ede w' nan sa ? Si paran ou yo se Kretyen yo ye, ou dwe konfye yo konsa. Menmsi paran ou yo pa Kretyen, ou toujou dwe respekte yo epi koute konsèy yo.

Si paran ou yo pa Kretyen, ou dwe adopte, swa pastè a, oubyen yon lòt frè ki gen matirite kòm papa w'. Si ou se yon jenn sè ki bezwen pran yon desizyon sou afè mennaj, enben ou dwe fè menm bagay avèk yon sè nan legliz la ki gen matirite. Chak jenn bezwen yon manman oubyen yon papa espirityèl pou l' ka antre nan etap mennaj la paske se yon etap serye.

**Ou dwe chache direksyon Bondye a.** Li vèsè 10-55 epi wè kijan Elyezè te swiv direksyon Bondye a avèk swen.

Jenn yo (ni gason, ni fi), pwen sa a si en-pòtan. Bondye p' ap janm beni yon mennaj ki baze sou konvwatiz. Ou dwe antre nan yon relasyon mennaj menm jan Moyiz te parèt devan touf bwa ki t' ap boule a— avèk respè ak swen. Koute vwa Bondye a avèk atansyon menm jan Moyiz te fè a. Ou dwe priye epi fè jèn. Ou dwe mande Bondye direksyon menm jan ak Elyezè. Epi, menm jan Bondye te reponn priyè Elyezè a, se konsa Li va reponn priyè pa w' la tou.

**Jenn gason, ou dwe respekte repons jenn fi ou te mande pou fè mennaj ansanm avè l' la.** Li vèsè 57-60 epi wè kijan ou dwe respekte santiman fi a.

Gen anpil jenn gason ki chache volonte Bondye anvan yo chache fè yon mennaj. Yo pran sa an chaj epi yo pran yon desizyon.

Apres sa yo al poze fi a kesyon. Si fi a reponn « non », yo santi yo dekouraje. Yo poze tèt yo kesyon konsa : « Sa k' pase ? Mwen te konnen se te volonte Bondye a. Èske Bondye te twonpe m' ? Èske se fi a ki pa t' chache volonte Bondye a, e konsa li te fè yon erè ? »

Jenn frè, ou dwe rekonèt Bondye pale avèk fi a menm jan Li pale avèk ou. Fi a te priye e Bondye ap bay direksyon atravè repons fi a. Ou dwe bay fi a libète pou l'

reponn dapre sa l' santi Bondye mete sou kè l'. Si l' reponn ou non, ou dwe gen ase matirite pou w' dakò ak sa.

**Ou dwe prepare kè w'.** Li vèsè 61-66 pou w' wè kisa Izarak t' ap fè pandan Elyezè t' ap fè travay li.

**Ou va jwi bèl rezilta ki vini yo lè w' swiv plan Bondye a.** Li vèsè 67 pou w' wè benediksyon Bondye a sou Izarak ak sou maryaj li a.



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Kòm fònikasyon pa ladan, kisa Bondye ap antann nan men w' ? \_\_\_\_\_
  
  
  
  
2. Tomay se yon mo Grèk. Kisa mo sa a siyifi ? \_\_\_\_\_
  
  
  
  
3. Kijan ou dwe fè sa ? \_\_\_\_\_
  
  
  
  
4. Kisa mo iperbanyo a vle di ? \_\_\_\_\_
  
  
  
  

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Sòm 37.3-6 ; 118.5-9 ; Pwovèb 3.5-8 ; Ezayi 26.3-4. Li vèsè sa yo epi aprann kijan pou w' konfyé Bondye nan afè renmen an.
2. Sòm 5.8 ; 25.5 ; 27.11 ; 143.10. Li pasaj sa yo pou w' wè kijan li tèlman enpòtan pou w' chache direksyon Bondye nan afè renmen an.
3. Egzòd 20.12 ; Pwovèb 23.22 ; 30.17 ; Mak 7.10 ; Efezyen 6.1-3. Pasaj sa yo demonstre kijan sa enpòtan pou paran w' enkli lè w' ap fè mennaj.

## Tras Pye Kris yo

### Priyè w'

« O chè Papa, jodi a m' ap pote yon demann es-pesyal ki sòti nan fon kè m'. Papa, Ou konnen kijan mwen anvi marye yon jou. Jodi a mwen te wè kijan Ou vle pou renmen an mache nan sanktifikasyon avèk onè. Papa, se konsa mwen vle sa mache. Men mwen konnen mwen pa ka fè sa pou kont mwen. Mwen bezwen èd Ou. Ede m' chwazi yon mennaj epi ede m' mennen yon renmen Kretyen. Mèsi dèské mwen konnen Ou tande priyè mwen. Nan non Kris la, Amèn. »



# KRIS AVÈK MARYAJ

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Chè lektè, dapre ou menm, kiyès ki te etabli maryaj ? Èske se te yon nèg save ki te fè bèl ide sa a ? Èske se yon pyej lènmi an te tann pou nou ? Èske se yon tras pye Kris te kite pou nou ? Ann pa fè erè, maryaj sòti nan Bondye ! Se sèlman Bondye ki te ka envante yon bagay tankou maryaj ki si bèl e si pafè.

Sa k' rele maryaj ? Dapre sa nou konprann nan Pawòl Bondye a, maryaj se lè yon gason ki pa marye, ak yon fi ki pa marye, kite paran yo pou Bondye ini yo pandan yo fè pwomèz nan yon seremoni espesyal.

Bondye te gen kat (4) bi nan tèt Li lè L' te fonde maryaj :

**1. Sa pa t' bon pou gason an rete pou kont li.** Lè Adan te fin bay tout bêt yo non, li te vrèman dekouraje. Tout bêt yo te gen parèy, men li pa t' genyen li menm (li Jenèz 2.20). Se poutèt sa Bondye te fè yon operasyon espesyal avèk zo kòt Adan an kote Li te fè youn ki sanble avè l' pou ede l'. Bondye te konnen sa pa t' bon pou Adan rete tou sèl. Se konsa li toujou pa bon pou pifò moun jounen jodi a. Bondye konnen anpil moun bezwen yon men imen pou yo kenbe pou yo kapab viv lavi sa a. Ala bèl ide Bondye a te bèl !

**2. Bondye te vle gen yon kote frankil e sòf pou timoun yo.** Bondye te vle

### Vèsè Memwa W' :

Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l' pou l' mete tèt li ansanm ak madanm li, pou toulede fè yon sèl. (Jenèz 2.24)

wè timoun, ki se fwi maryaj la, k' ap jwe sou tè a ap ri epi ap prepare tèt yo pou avni a. Se poutèt sa Li te etabli maryaj, ki se yon relasyon kote gason an avèk fi a angaje tèt yo ansanm pou viv ann amoni. Sa rann lakay yon kote ki sòf e bon pou timoun yo. Ala bèl ide Bondye a bèl !

**3. Bondye t' ap chache kenbe ras lòm nan pwòp.** Bondye te mete yon gwo dezi seksyèl nan gason an, e nan fi a tou. Men Bondye te konnen si pa t' gen limit nan bon dezi sa a, enben lòm t' ap kontamine epi t' ap detwi tèt yo atravè salte. Se poutèt sa Bondye te di :

Men, sitèlman gen dezòd lachè deyò a [relasyon seksyèl andeyò maryaj], se pou chak gason gen madanm pa yo. Konsa tou, se pou chak fanm gen mari pa yo. (1 Korent 7.2)

Ala bon ide Bondye a bon !

**4. Bondye te vle kite yon bèl egzanp konsènan relasyon Pitit Li ak leg-liz la.** Pandan plizyè fwa nan Bib la, Bondye itilize maryaj pou demonstre

## Tras Pye Kris yo

relasyon Li avèk pèp Li a. Gade sa Bondye te di nan Ezayi :

Menm jan yon jenn gason marye ak yon jenn fi, Senyè a pral marye avè ou. Menm jan yon nonm marye kontan madanm li, Bondye ou la pral kontan ou. (Ezayi 62.5)

Efezyen 5.21-33 pale klè sou kijan maryaj montre nou kijan nou dwe viv kòm yon legliz.

Kisa Bondye di sou afè plasaj ? Gen an-pil peyi kote plasaj se yon bagay nòmal tout moun dakò. Moun sa yo pa marye, yo sèlman plase poutèt bezwen tèt yo. Men sa Bondye di :

Maryaj se yon bagay tout moun dwe respekte anpil. Moun ki marye yo dwe rete fidèl yonn ak lòt. Bondye gen pou jiye moun k'ap mennen movèz vi yo ansanm ak moun k'ap fe adiltè yo. (Ebre 13.4)

Anverite, prèske tout kote nan mond nan, moun ki ònèt yo rekonèt plasaj pa bon. Koup sa yo konnen yo manke yon bagay . . . Bagay sa se yon pwomès maryaj. Se pwomès sa a ki kreye yon maryaj ki ranpli bi Bondye a.

Ann fè yon ti gade nan lis bi yo Bondye genyen pou maryaj. Ou kapab wè kijan plasaj mache kont chak bi sa yo.

- **Sa pa bon pou gason an rete pou kont li . . .** men si se plase yo plase senpman, se menm bagay ak rete tou sèl, paske pa gen yon angajman antre de (2) moun yo.

- **Pou timoun yo kapab gen yon kote ki sòf e ki anpè . . .** men èske timoun yo k' ap viv avèk de (2) paran ki pa gen ase kouraj pou angaje tèt yo youn avèk lòt pou tout vi yo, vrèman gen yon sekirite ?

- **Pou pwòpte ras lòm nan . . .** men

èske ka gen pwòpte nan yon fwaye kote paran yo ap viv nan fònifikasyon chak jou ?

- **Pou montre nou kijan Bondye sancti L'anvè pèp Li a . . .** men èske Bondye tèlman vag kote Li t' ap dakò pou L'sèlman « plase » avèk nou menm ki se pèp Li ? Asireman, non !

Kisa Bondye di konsènan kesyon divòs la ? Gade sa L' di nan Mak 10.9 :

Se poutèt sa pèsonn pa gen dwa separe sa Bondye mete ansanm.

Epi, men sa L' di nan Women 7.2-3 :

M'ap pran yon egzanp: yon madanm marye gen angajman avèk mari l'devan lalwa toutotan mari a vivan. Men, si mari a mouri, madanm lan lib devan lalwa annegad mari a. Si pandan mari a vivan toujou, madanm lan vin fanm yon lòt gason, y'ap rele madanm lan adiltè. Men, si mari a mouri, li lib devan lalwa. Lè sa a, si l' vin fanm yon lòt gason, li pa yon adiltè.

Alò, sa lèzòm rele « divòs », Bondye rele sa « peche ». Dapre Bondye, bann papye sa yo ki « otorize » yon divòs se yon pil fatra yo ye pou Li.

Nan kèk ka, sanble Bondye dakò pou de (2) moun separe, men Li pa janm otorize moun sa yo pou yo remarye tout tan madanm oubyen mari yo toujou vivan. Li 1 Korent 7.10-13, 15 avèk Matye 5.32

## Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Bondye te kite yon tras pye ki vrèman klè konsènan maryaj. Kèlkeswa sikontans w' ap viv, Bondye esplike w' sa pou w' fè.

Si ou pokò marye, Bondye egzije w' pou w' fè abstinans. Lavi selibatè a se yon bél tan fòmasyon Bondye bay chak moun nan lavi li (1 Korent 7.32-34). Li vle pou

w' aprann kontwole tèt ou pandan ou jenn anvan w' marye paske Li konnen yon moun ki marye epi ki pa konn kontwole tèt li pral fè fas avèk plis tantasyon pase yon moun ki aprann kontwole tèt li. (Li istwa Samson an nan Jij 13-16.)

Si ou se yon gason oubyen yon fi ki marye, dapre plan Bondye a ou gentan konnen Li te ba ou yon sèl konpanyon

jiskaske lanmò separe ou avè l'. Jwi lavi a avèk konpanyon ou an. Gen anpil moun ki panse relasyon seksyèl andan maryaj se yon bagay ki pa bon ou oblige sibi. Sa se yon manti dyab la bay. Relasyon seksyèl se yon bèl bagay andan relasyon maryaj la. Ou dwe jwi l' epi di Bondye mèsi pou sa.

Jwi lavi avèk fanm ou renmen an.  
(Eklezyas 9.9a)



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Ekri kat (4) bi Bondye yo konsènan maryaj. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Dapre ou menm, dekri mo maryaj la. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Dapre Bondye, kisa divòs la ye ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Poukisa plasaj pa bon ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Jenèz 1.26-29 ; 2.1-25. Li vèsè sa yo ki bay istwa premye maryaj la.

## Tras Pye Kris yo

2. Malachi 2.15-16 ; Matye 5.31-32 ; 19.1-12 ; Mak 10.1-12. Li pasaj sa yo epi kwè sa Bib la di konsènan divòs.
3. Pwovèb 5.15-20 ; 1 Korent 7.1-5. Pandan ou li pasaj sa yo, aprann kijan Bondye gade relasyon seksyèl andedan maryaj.

### Priyè w'

« Papa, kè m' remèsi W' anpil pou bél plan Ou te gen lè Ou te etabli maryaj. Ede m' pou m' dakò avèk lwa sen Ou yo annegad maryaj. Kèlkeswa pozisyon m', mwen vle kontan e mwen vle jwi chak moman nan lavi sa a Ou te ban mwen. Mwen se sèvitè W'. Nan non Jezi, Amèn. »



# KRIS AVÈK LOTÈL FANMILYAL LA

*Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**K**è m' tris pandan m' ekri sou lotèl familyal la. Èske ou konn poukisa ? Se paske pifò fanmi yo pase plis tan ap gade televizyon ansanm. Menm genyen anpil fanmi Kretyen ki adore zidòl sa a. Se poutèt sa, anpil fwaye ap kraze. Fwaye sa yo se pa yon kote lapè kote timoun yo ka byen elve. Fwaye sa yo plis sanble avèk yon restoran, yon otèl, oubyen yon kote pou moun amize yo. Se sa k' fè tou, legliz yo ki gen kalite fwaye sa yo ranpli ak dezòd ak tout kalite eskandal.

Chè papa yo ak manman yo k' ap li liv sa a, sivouplè, aprann yon bagay nan egzanp Abraram nan. Premye sa Abraram te fè chak kote li te moute tant li a, se te bati yon lotèl. (Li Jenèz 12.7-8 ; 13.1-4, 18.) Poukisa Abraram te fè lotèl sa a ? Se pou l' te ka adore Bondye. Li te konn reyini la souvan avèk fanmi li. Lè sa a yo te touye yon ti mouton oubyen yon ti kabrit kòm yon ofrann pandan Abraram t' ap remèsi Bondye e t' ap mande Bondye pou l' bay fanmi an tout sa yo te bezwen.

Imajine w' si te gen yon moun Kanaran ki rive kote Abraram te moute tant li yon fwa. Petèt li t' ap sèlman wè kote Abraram te sanble dife pou fè manje ansanm ak tras kote bèf li yo te pase. Se byen si tou moun sa a te ka wè pil wòch yo kote Abraram te fè yon lotèl. Petèt moun peyi Kanaran an te di zanmi l' lan konsa : « Abraram te isit. Gade lotèl

## Vèsè Memwa W' :

Kanta nou menm, manman ak papa, pa aji ak timoun nou yo yon jan pou eksite yo. Men, ba yo bon levasyon, korije yo, pale ak yo daprè prensip Senyè a. (Efezyen 6.4)

la kote li t' ap adore Bondye. » Chak kote Abraram te pase li te kite yon tras pye—se te lotèl la kote l' te adore Bondye.

Chè papa, ou dwe reyini fanmi w' chak jou pou louwe Bondye. Se sa nou rele « lotèl fanmilyal la ». Ou dwe dedye yon tan pou w' louwe Bondye e pou li Pawòl sen Li a ansanm avèk fanmi w'. Sa pa sifi pou w' mache nan sèvis legliz yo ase. Chak fanmi bezwen louwe Bondye lakay.

Anverite, lakay ou se tankou yon ti legliz. Ou se pastè a epi madanm ou se djakonnès la. Kòm chèf fanmi an, ou reskonsab pou w' mennen fanmi w' bay Bondye. (Si pa gen yon papa nan fwaye a, manman an dwe dirije adorasyon fanmilyal la.) Li vèsè memwa a ankò pou wè sa Bib la di paran yo.

Li vèsè sa a tou :

Bay yon timoun prensip li dwe swiv.  
Jouk li mouri, li pàp janm bliye l'.  
(Pwovèb 22.6)

Fanmi an ki :

*Chante ansanm,*

## Tras Pye Kris yo

*Ki li Bib la ansanm,  
Ki priye ansanm,  
Ki sèvi Senyè a ansanm,  
Ki travay ansanm,  
Ki jwe ansanm,  
Toujou rete ansanm !*

## Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Chè papa yo k' ap li, mwen pa konnen si w' gentan etabli yon lotèl fanmilyal tankou Abraram te fè. Si w' pokò fè sa, priyè m' pou ou se pou w' fè sa touswit. Reyini fanmi an ansanm epi mande Bondye padon pou neglijans ou a. Sivouplè, si w' gen yon televizyon nan kay la—jeté l'. Tan an ou te konn pase ap adore zidòl sa a, pran tan sa a epi dedye l' a Bondye. L' ap yon byen pou tout fanmi w' e l' ap sèvi yon glwa ak yon onè pou Bondye.


Kounyeya mwen vle ba ou yon ti kon-sèy pratik :

**Reyini tout fanmi an pou adorasyon fanmilyal.** Yo tout bezwen louwe Bondye epi aprann nan Pawòl Li. Nonsèlman sa, men ti sèvis fanmilyal sa a chak jou se yon bon kote pou aprann lòd ak respè. Menm timoun ki pi piti yo kapab aprann chita anpè avèk respè pandan w' ap li Bib la, ap chante, epi ap priye. Pa fè erè sa a kote gen kèk moun ki pa prezan—sòf si gen yon ijans.

**Chwazi yon bon lè pou sa.** Gen pafwa, lè sèvis fanmilyal yo fèt leswa, tout moun fatige. Sa p' ap itil anyen. Li pi bon pou fè sèvis la nan maten oubyen nan apremidi a lè timoun yo pa nan dòmi epi atantif. Èske li pa t' ap pi bon pou bay Bondye pi bon pati nan jounen an olye pati ki pa bon an ?

**Prepare kèk bèl sijè.** Chè papa yo, prepare tèt ou pou travay sa a Bondye ba ou. Ou dwe fè etid pèsonèl nan Bib la, konsa

*Abraram te isit. Gade  
lotèl la kote l' t' ap  
louwe Bondye l' la.*



ou va prepare pou enstwi fanmi w'. Men pa fè yon sèvis adorasyon fòmèl tankou sa ki fèt legliz la. Fè l' pi kout, plis alèz. Asire li fèt yon jan enteresan. Fè l' yon jan senp kote menm timoun ki pi piti yo kapab aprann. Poze timoun yo kesyon yon fason pou ansèyman istwa Bib yo kapab rete nan ti memwa yo. Kite chak nan pi gran timoun yo li yon vèsè, oubyen ou ka menm kite youn nan yo li tout pasaj la nèt pou yon jou. Yon lòt jou, ou ka kite yon lòt li pasaj la.

Chak jou timoun yo kapab priye youn apre lòt. Si gen kèk bezwen espesyal, tout moun kapab priye pou yo youn apre lòt. Mwen toujou sonje kijan papa m' te fè nou mete ajenou nan salon an fè yon ti

wonn lè te gen bezwen espesyal nan fanmi an. Konsa nou chak t' ap priye youn apre lòt. Papa m' te kite eritaj sa a pou mwen. Kounyeya, nan fwaye pa m' nan, mwen bay chak timoun chans pou bay yon demann priyè. Apre sa, yo chak priye pou demann yo te bay la.

Bib la pa di nou konbyen fwa nou dwe fè sèvis adorasyon nan legliz la chak semenn. Kanmenm nou konnen si nou manke bay fwaye lakay swen ak tan, konsa legliz la va fayi. Legliz la pa ka pi fò pase fwaye yo ki ladan l'. Se sa k' fè, si yon legliz abitye gen anpil sèvis chak semenn, mwen ta konseye yo pou diminye nan kantite sèvis legliz yo pou kapab gen plis sèvis lakay.



### **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Ekri detwa rezon ki fè ou kwè li t' ap bon pou gen yon lotèl fanmilyal. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

2. Esplike kijan televizyon detwi lotèl fanmilyal la. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. Nan ki sans yon fwaye sanble yon ti legliz ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

4. Site kèk bagay fanmi an dwe fè pou yo kapab rete ansanm. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## **Tras Pye Kris yo**

### **Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo**

1. 1 Kwonik 16.29 ; Sòm 95.1-7 ; 96.9 ; Jan 4.24. Etidye vèsè sa yo epi gade ki enpòtans lwanj genyen.
2. Detewonòm 6.6-9 ; Efezyen 6.4. Li pasaj sa yo pou wè ki enpòtans ki genyen nan ansèyman ak edikasyon yon timoun.

#### **Priyè w'**

« Papa ki nan syèl la, men mwen ankò. Mwen remèsi w' pou fwaye pa m'. Senyè, mwen vle adore W' ansanm ak tout fanmi m'. Menmsi rès fanmi an pa vle fè sa, m' ap toujou louwe W'. Amèn. »



# KRIS AVÈK PITIT

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Jounen jodi a, gen anpil moun k' ap di : « Mwen pa vle fè pitit menm. Pitit se yon tèt chaje yo ye. Lèfini, mwen pa gen kòb pou m' pran swen yo. Si m' ta fè pitit, mwen pa t' ap fè plis pase de (2). »

Gen lòt moun ki di konsa : « Pitit ? Poko ! Mwen bezwen fin fè inivèsite anvan. Timoun pral kraze avni m'. »

Dapre ou menm, kijan Bondye santi L' lè L' tande remak konsa ? Akòz renmen Li gen pou timoun, Li santi L' vrèman tris. Li vle wè kote timoun yo jwenn yon bon akèy ak renmen nan fwaye a. Gade sa Li di nan Sòm 128.3-4 :

Madanm ou ap tankou yon pye rezen k'ap donnen anndan kay ou. Pitit gason ou yo ap tankou jenn ti plant oliv tout arebò tab ou. Se konsa Senyè a ap beni moun ki gen krentif pou li!

Asireman se vwa lènmi an k' ap di : « Non, mwen pa vle pitit. » Èske ou pa kwè sa ?

Kris te kite yon egzanp renmen pou timoun yo nan jou kote kèk paran te mennen timoun yo bay Jezi pou L' te ka beni yo. Disip yo te panse Jezi te two okipe. Konsa, yo te rele apre paran yo. Men Jezi te reponn ak pawòl tann e dous lè L' te di :

Kite timoun yo vin jwenn mwen non. Pa enpoze yo vini. Paske, Peyi Wa ki nan syèl la, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo li ye. (Matye 19.14)

### **Vèsè Memwa W' :**

Pitit se kado Bondye bay, se yon rekompans pou manman ak papa. Menm jan yon sòlda santi li gen kouraj lè l' gen zam li nan men l', se menm jan an tou pou yon moun ki fè pitit gason depi lè l' te jenn.

(Sòm 127.3-4)

Genyen kèk koup Bondye pa t' bay posibilité pou yo fè pitit. Koup sa yo pa dwe panse Bondye blye yo. Okontré, se moun sa yo Bondye vle itilize pou beni timoun nan lòt fanmi avèk timoun ki abandone e ki pa gen fanmi.

## *Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A*

Si ou se yon manman oubyen yon papa pitit, gen de (2) pi gwo djòb ou dwe fè pou w' ka swiv tras pye Kris te kite pou ou a.

1. Asepte timoun Bondye te ba ou yo kòm yon kado Bondye ba ou (gade Matye 18.5). Si sa pa fasil pou ou, enben, mande Bondye pou L' ba ou yon kè ki dou ki renmen pitit ou yo menm jan Li renmen yo. Di pitit ou yo kijan ou renmen yo epi montre yo sa tou. Yon timoun ki grandi nan yon anvi-wònman kote se sèlman rele yo rele apre l', vin santi li pa vo anyen. Poutan, se pa vre.

## Tras Pye Kris yo

**2. Elve pitit ou pou Bondye.** Fè levasyon yon timoun gen de (2) pi gwo prensip ladan l'.

Men sa Bib la di nan Efezyen 6.4 :

Kanta nou menm, manman ak papa, pa aji ak timoun nou yo yon jan pou eksite yo. Men, ba yo bon levasyon, korije yo, pale ak yo dapre prensip Senyè a.

Poukisa Bondye di w' pou w' kori-je pitit ou anvan Li di w' pou w' pale ak yo ? Se paske Bondye konnen yon timoun ki poko aprann soumèt volonte l' devan paran l' yo se menm jan ak yon tig mawon ki pa ka tandé lè w' pale avè l'. Se poutèt sa, ou dwe korije pitit ou anvan. Konsa, l' ap prêt pou l' koute ou pita lè w' pale avè l'. Chak timoun fèt avèk yon nati peche kote li anvi genyen tout bagay pou tèt pa li kounyeya. Se avèk anpil renmen avèk disiplin regilye yon paran kapab venk nati terib sa a nan timoun yo depi yo toupti.

Gen anpil paran ki mal panse kote yo di : « Non, mwen pa ka pini pitit mwen. Mwen renmen l' twòp pou m' fè l' sa. » Se pa konsa. Okontré, Bib la di si nou renmen pitit nou, sa pral rann nou korije yo.

Si ou pè bat pitit gason ou, ou pa ren-men l'. Si ou renmen l', se pou ou korije l'. (Pwovèb 13.24)

Vèsè sa a, avèk anpil lòt vèsè ankò, montre nou kijan yon vrè renmen tou-jou kenbe yon baton pou korije. Se konsa Bondye renmen nou tou (gade Ebre 12.5-11). Chak timoun fèt avèk yon tandans pou li fè move bagay. Nou fè timoun sa a anpil favè si nou retire tandans sa nan li pandan li toujou piti !

Timoun toujou ap fè move bagay.

Men, fwèt ap fè yo pa rekomanse ankò. (Pwovèb 22.15)

Yon timoun ki gen paran ki pini l' avèk renmen poutèt renmen yo genyen pou li a, se yon timoun ki beni anpil !

Ki pi bon fason pou pini yon timoun ? Bib la gen yon repons pou sa. Èske ou gentan li vèsè nou te sòt site a ? Se pamwayen fwèt. Kote Bib la pale sou yon « fwèt », se pa yon gwo baton l' ap pale. Okontré, se yon fwèt k' ap boule san l' pa blese.

Yon timoun piti pa ka konprann lè w' pale avèk li dapre prensip Senyè a. Men kanmenm li konprann doulè. Se poutèt sa ou dwe kòmanse itilize fwèt la depi timoun nan piti pou ou ka gentan venk volonte li. Sa pral rann timoun nan va tandé lè w' pale avè l' dapre prensip Senyè a lè l' gen laj pou l' konprann yo. Yon timoun ki grandi san disiplin p' ap tandé ou lè w' eseye pale avè l' sou prensip Senyè a nonplis, menm lè li konprann li. Se paske li pa t' janm soumèt volonte li devan paran l'.

Mechan yo gen pou yo soufri anpil. Men, Senyè a ap toujou pwoteje moun ki met konfyans yo nan li paske li renmen yo. (Sòm 32.10)

Timoun sa a santi se li menm ki gen dwa pase paran l' yo lòd olye pou yo pase l' lòd.

Li vrèman enpòtan pou w' pale avèk pitit ou yo sou prensip Senyè a. Men kisa sa itil pou w' gen timoun ki gen tèt yo plen avèk prensip Senyè a san yo pa konn kontwole kò yo ? Lè sa, sa ou jwenn se yon bét mawon ki vrèman entèlijan. Se sa menm nou kòmanse wè jounen jodi a. Gen anpil jenn ki vrèman entèlijan k' ap aji tankou bét.

**G**en yon lè mwen te konnen  
Gyon fanmi ki te kwè ou pa  
bezwen korije ptit ou, se pale ou  
te dwe pale avèk yo senpman. Yon  
jou nou te vle al manje avèk yo  
nan yon plas ki te gen yon ti lak ak  
yon ti zile. Te gen yon ti kay pay  
sou ti zile a epi se la nou te pre-  
pare manje a. Fanmi sa te gen yon  
timoun ki te gen onzan ak yon lòt  
timoun ki te gen nevan. Timoun sa  
yo te moute sou travè yo ki te  
kenbe twati kay la. Tout moun te  
panse se te yon move lide. Papa  
a te di yo : « En . . . ptit mwen,  
èske ou pa kwè li t' ap pi bon si  
w' ta desann ? W' ap sal manje  
a. Lèfini ou kapab blese. Ou dwe  
desann. »

Timoun yo pa t' koute l' kras.  
Okontré, yo te moute pi wo toujou

tankou de (2) makak. Papa a te  
kontinye rele apre yo ak plis volim :  
« Ptit, mwen te deja di w' li t' ap  
pi bon pou w' desann. Sa pa bon  
... »

Nou te oblige koute yon pakèt  
koze ak konsèy vid. Finalman papa  
a te kòmanse rele apre timoun yo.  
Ala yon traka pou fè timoun sa yo  
desann ! Lè sa mwen patko marye  
epi mwen te manke eksperyans,  
men mwen t' ap di tèt mwen :  
« Si timoun sa yo te pou mwen,  
mwen t' ap chache yon fwèt. »  
Kounyeya mwen marye epi mwen  
gen ptit epi mwen kapab sètifye  
fason de (2) timoun sa yo t' ap aji  
a pa t' bezwen rive la. Pwooblèm  
sa yo rezoud fasil pamwayen fwèt  
koreksyon an Bondye te ban nou  
kòm yo tras pye pou n' swiv.



## Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

- Poukisa li enpòtan pou w' resevwa ptit nan fwaye ou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Kijan nou dwe fè levasyon ptit nou dapre Efezyen 6.4 ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Dapre ou menm, dekri de (2) tèm sa yo : \_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

- a. Korije \_\_\_\_\_
- b. Ba yo prensip Senyè a \_\_\_\_\_
4. Kiyès ki te etabli prensip fwèt la ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Jenèz 48.9 ; Sòm 113.9 ; 127.3-5 ; Pwovèb 17.6. Vèsè sa yo demontre kijan timoun presye devan Bondye.
2. Pwovèb 13.24 ; 29.15, 17. Etidye pasaj sa yo, epi note ki kalite enpòtans disiplin genyen nan lavi yon timoun.
3. Ebre 12.5-11. Pasaj sa a va montre ou plis sou disiplin.

### Priyè w'

« Papa m', kijan mond sa a ta ye si pa ta gen timoun ladan l' ? Nou remèsi Ou anpil pou timoun yo epi nou genyen yon demann espesyal pou timoun yo ki nan men nou. Ede nou fè levasyon yo byen dapre renmen epi dapre prensip Ou yo. O Bondye, travay sa a twòp pou nou fè pou kont nou ! Se poutèt sa nou bezwen Ou. Montre nou kijan pou n' renmen yo. Kijan pou n' gen pasyans avèk yo. Nou vle pou yo toujou kontan. Nou vle pou yo gen bon manyè. Toujou ede nou. Nan non Sila a ki kapab fè tout bagay, Amèn. »



# KRIS AVÈK PWÒPTE MORAL NAN FWAYE A

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

Nan lesoun trannde (32) nou te aprann kijan Bondye vle pou fwaye lakay la sèvi kòm yon refij lapè ak pwòpte moral—yon fason pou chè timoun yo kapab jwi yon kote ki sen e souf pou yo grandi.

Men dyab la pa vle pou timoun yo devni moun ki jis e bon. Se sa k' fè l' ap atake fwaye yo avèk yon vigè paske li konnen si l' kapab kowonpi fwaye a, li kapab tou pran tèt timoun yo pou wayòm fènwa li a tou.

Gen yon jou yon frè t' ap vwayaje nan yon avyon. Pandan vòl la li te kòmanse byen avèk yon moun li pa t' rekonèt ki te chita bò kote li. Lè lè manje a te rive, etranje a pa t' manje. Frè a te mande li poukisa. Repons lan te yon ti jan dwòl. Mesye a te di : « N' ap fè jèn pou fwaye yo kapab kraze. » Mesye sa a te fè pati yon reliyion satanik kote tout moun nan reliyion an te fè jèn jou sa a pou fanmi yo kapab kraze.

Jounen jodi a, nou wè anpil bouyay nan fwaye yo. Paran yo te pote negligans epi se poutèt sa a vin gen anpil vyolans ak anpil imoralite nan fwaye a. Sa vin rann, menm kote sa a Bondye te kreye pou l' te ka pi e sòf, vin devni yon kote ki mechan epi ki plen ak imoralite. Epi dyab la vrèman renmen sa.

Chè papa yo, jete ou nan pye Bondye pou w' asepte avèk si gwo reskonsabilite sa a pou w' pwòpte fwaye ou. Bondye va kanpe bò kote ou pou l' pwoteje fwaye

## Vèsè Memwa W' :

Kenbe tèt nou anplas, rete sou prigad nou. Paske dyab la, lènmi nou an, ap veye nou tankou yon Lyon ki move, k'ap chache moun pou l' devore. (1 Pyè 5.8)

a yon fason pou lènmi an pa ka detwi l', men fòk ou fè travay pa w' tou.

Pou kòmanse, papa yo dwe rekonèt timoun yo bezwen jwenn epi konprann renmen. Sa vle di manman an ak papa a bezwen renmen youn lòt nan yon fason ki pwòp. Pa gen anyen ki ankouraje pwòpte moral nan lavi yon timoun pase pou l' asire manman l' ak papa l' renmen youn lòt jan Bib la mande a. Toude paran yo bezwen kreye yon atmosfè renmen nan kay la. Timoun yo dwe wè Papa ap pase bwa l' nan kou Manman, oubyen yo dwe wè kote y' ap kenbe men youn lòt pandan y' ap mache. Sa bay timoun yo yon sekirite epi li kreye yon atmosfè renmen ki pwòp nan kay la. Poutan, paran yo pa dwe aji yon fason ewotik devan timoun yo. Se detwi sa detwi pwòpte timoun nan.

Toulede paran yo dwe kreye yon atmosfè nan kay la ki plen renmen epi ki trankil. Pitit ou yo dwe gen ase konfyans nan ou kote y' ap santi yo alèz pou yo poze ou nenpòt kesyon. Si yo poze ou kesyon sou zafè sèks, pa rele apre yo. Yo se yon kreyati seksyèl epi yo va genyen

## Tras Pye Kris yo

kesyon sou seksyalite. Paran yo, si w' rele apre yo olye pou w' reponn kesyon an, yo p' ap janm poze w' kesyon sou sijè sa a ankò. Yo pral mande lòt ti zanmi yo oubyen menm yon moun pèvèti ki nan lari a. Se ou menm ki dwe fòme timoun ou yo sou kesyon sa a. Travay sa a se pa ni pou pastè a, ni pou pwofesè lekòl la, epi ni pou vwazen an menm. Sa se travay pa ou !

Paran yo, si ptit ou ta kòmanse poze w' kesyon tankou : « Ki kote tibebe yo sòti ? » oubyen : « Kisa moun yo fè apre yo fin marge ? » Lè sa a ou dwe reponn kesyon sa yo onètman. Ou dwe bay yon repons ki kout, ki vrè, ki bon, epi yon repons ki selon laj timoun nan ki poze kesyon an. Yon timoun ki gen ase lespri pou l' poze yon kesyon gen dwa jwenn yon bon repons.

### *Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A*

Lè fondasyon renmen an byen etabli nan fwaye lakay ou, lè sa a paran yo va prepare pou yo fè fas avèk atak dyab yo. Dyab la ap toujou fè wonn kay la tankou yon lyon devoran k' ap chache detwi l'. Paran yo, se pou w' prepare tèt ou kont atak sa yo. Chè papa, mwen vle montre ou kèk aspè kote dyab la va eseye atake yon fwaye. Sonje, ou reskonsab devan Bondye pou w' veye sou fwaye a nan pwen sa yo :

**1. Veye sou fason moun yo pale.** Move pawòl ki sal donmaje pwòpte moral la nan fwaye a. Timoun yo kapab aprann bagay sa yo nan dyalòg ak moun ki pa konvèti. Papa yo, sa se yon bagay ou pa dwe pote neglijans ladan l' menm. Se pou w' fè sèten se bon pawòl sèlman k' ap pale nan fwaye a. Veye pou bon langaj !

**2. Veye sou liv yo.** Lemonn nan chaje avèk yon pakèt vye liv tankou liv pònografi ak woman. Pa kite liv sa yo antre nan kay la menm ! Menm genyen kèk jounal ak piblikasyon ki gen pati ladan yo ki pa bon pou yon fwaye Kretyen. Petèt ou kapab retire pati sa yo anvan timoun yo li yo, men mwen panse pi souvan li pi bon pou pa kite liv sa yo antre nan kay la menm. Veye sou liv yo ki nan men ptit ou yo !

**3. Veye sou zanmi ptit ou yo.** Gen pafwa sa pa fasil. Timoun ou yo anvi sòti pou y' al fè konesans ak lòt timoun. Yo vle al vizite. Epi sa pa yon move bagay. Bon zanmi se yon gwo benediksyon. Men konsa tou, move zanmi gate anpil bagay. Mwen sonje lè m' te gen witan, gen yon fanmi Kretyen ki te vin vizite nou. Nou tout te panse se te yon bon fanmi Kretyen. Poutan, li t' ap yon wont pou m' esp-like tout vye bagay ti gason yo te monstre nou lè nou te pou kont nou. Se poutèt sa, nou dwe pridan nan kalite zanmi timoun nou yo fè. Gen pafwa nou dwe mande yo sou kisa yo konn pale lè yo ansanm. Nou dwe mande yo ki kalite moun yo ye. Ou dwe sonje ptit pa ou yo kapab yon move zanmi pou lòt moun tou. Si gen pwoblèm, ou dwe fè tout sa k' posib pou rann ptit ou pa kontamine lòt moun e pou yo pa vin kontamine akòz ti zanmi yo. Veye sou zanmi ptit ou yo !

Tou dènyèman te genyen kèk tifi ki te vin jwe ki te gen

menm laj avèk tifi m' nan ki te gen douzan. Yo te mal abiye epi nan ti bout tan yo te pase lakay la mwen te tandem de (2) move pawòl. Mwen te pale avèk pitit fi m' nan pita epi mwen te fè l' konnen mwen pa vle pou l' jwe avèk tifi sa yo ankò epi mwen te esplike poukisa. Genyen twòp danje. Gen yon Lyon devoran k' ap ese ye dévore pwòpte moral pitit fi m'.

**4. Veye sou abiman yo.** Abiman yo nan fwaye a dwe yon kalite abiman ki ankouraje sentete ak pwòpte. Si fanmi an abiye yon fason ki pa modès, kijan ou ka antann pou yo mennen yon lavi ki pwòp epi sen ? Paran yo, gen pafwa sa pa sanble anyen pou n' neglige abiye

timoun piti yo. Men kite m' ba ou yon ti avètisman : Kijan jenn medam yo k' ap mache k' ap bay filing te vin abitye ak rad sa yo ? Ban m' di ou : se manman yo ki te fè yo abitye konsa lè yo te kite yo mache toutouni lè yo te touputi. Abiman yo dwe modès pou tout fanmi an san gade laj yo. Sa ede pwoteje pwòpte nan fwaye a. Veye sou abiman an nan fwaye ou !

**5. Veye sou konpòtman.** Gen anpil paran ki santi timoun pa yo sen epi pafè. Se vre, gen anpil moun ki p' ap di sa, men yo panse sa kanmenm. Ou kapab wè sa lè gen yon moun ki vin pote yo rapò sou konpòtman timoun pa yo . . . Men paran yo, fòk nou ònèt. Gen pafwa pitit nou yo fè dezòd. Nou dwe toujou ap veye konpòtman yo e nou pa dwe fye yo twòp. Veye sou konpòtman pitit ou yo !



## Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

- Poukisa dyab la atake fwaye a avèk vigè ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Kiyès ki dwe reponn kesyon timoun yo sou zafè seksyalite ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Site senk (5) bagay nou toujou dwe ap veye nan fwaye a :  
a. \_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

- b. \_\_\_\_\_
- c. \_\_\_\_\_
- d. \_\_\_\_\_
- e. \_\_\_\_\_

## Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Efezyen 6.10-20. Li vèsè sa yo epi note nan ki gran batay espirityèl legliz la ak fwaye Kretyen yo angaje.
2. Efezyen 5.21-33 ; 6.1-4. Genyen anpil bon konsèy pou fwaye a nan pasaj sa yo. Gade konbyen vèsè ki pale konsènan pwòpte fwaye a.

### Priyè w'

« Chè Papa ki nan syèl la, jodi a nou leve  
fwaye nou devan fòtèy Ou a. Dyab la tèl-  
man fache avèk fwaye nou yo epi l' ap atake  
yo sou tout faz yo. San Ou menm, nou pral  
mourir. Gen pitye pou nou epi ede nou ! Nou  
mande Ou pou W' ban nou renmen pou nou  
kapab swiv tras pye Ou nan fwaye nou : yon at-  
mosfè renmen, pwòpte, ak lapè. Mèsi Papa ! Nou  
priye nan non Kris la, Amèn. »



# KRIS AVÈK EDIKASYON

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**E**dikasyon vin devni yon zidòl nan plizyè peyi nan mond lan. Pa gen yon peyi ki vle sòti pi ba pase yon lòt epi se sa k' fè gen anpil moun k' ap di : « Edikasyon dabò ! Edikasyon se solisyon tout pwoblèm nou yo. »

Malgre sa, nou dwe poze tèt nou yon kesyon : « *Ki tras pye Kris te kite pou nou sou sijè sa a ?* » Men poze tèt ou kesyon sa yo : « Nan konbyen inivèsite Jezi te etidye ? Èske Li vle pou n' voye timoun nou yo al aprann nan sant edikasyon sa yo ki gen nan mond lan ? »

Anverite, tras pye Kris la montre nou kijan Li vrèman vle pou n' vin gen plis konesans. Men sa Bib la di :

Chache gen konesans ak bon konprann. (Pwovèb 4.5)

Men vin gen yon lòt kesyon kounyeya : Èske sa vle di Kris dakò avèk lemonn ? Asireman non ! Men vrè kesyon nou dwe poze a : *Ki kalite konesans Bondye vle pou n' genyen ?* Ann konpare konesans Bondye a avèk konesans lèzòm :

### **A. Konesans Bondye**

Baz bon jan konesans lan se krentif pou Bondye :

Lè ou gen krentif pou Bondye, se lè sa a ou konmanse gen konesans. (Pwovèb 1.7)

Bondye vle pou n' gen krentif pou Li nan tout sa nou aprann nan lavi sa a.

### **Vèsè Memwa W' :**

Lè ou gen krentif pou Bondye, se lè sa a ou konmanse gen bon konprann! Bondye ap bay moun ki gen krentif pou li bon jijman. Wi, se tout tan pou yo fè lwanj li.

(Sòm 111.10)

Si nou gen krentif pou Bondye, lè sa a, pandan n' ap agrandi konesans nou nan yon domèn, oubyen yon metye, nan lavi nou, se pa sèlman grandi n' ap grandi konesans nou, men Bondye tou ban nou sajès pou n' konnen kijan konesans sa a kapab itil. Sa vle di nou va itilize edikasyon nou an pou glwa Bondye a avèk pou byen lòt moun. Pou yon moun ki gen krentif pou Bondye, edikasyon rann moun sa a vin pi enb pase pou fè l' pi ògèye.

### **B. Konesans lèzòm**

Sepandan, yon edikasyon ki pa mele ak yon krentif pou Bondye toujou bay ògèy (gade 1 Korent 8.1-2). Se poutèt sa, yon moun ki konnen Bondye, men ki pa gen krentif pou Li, gen plis chans pou l' devni yon moun ki danjere epi ki kapab detwi, ni tèt li, ni sosyete a.

Edikasyon ki pa rekònèt Bondye se yon bagay ki vrèman danjere.

Baz konesans lèzòm nan vrèman diférant avèk baz konesans Bondye a. Kijan

## Tras Pye Kris yo

ou panse sa ta ye si ta gen yon pwofesè inivèsite ki ta di : « Jodi a nou pral etidye baz tout konesans. Baz sa a se krentif pou Bondye. »

Sa pa konn fêt fasil paske konesans lèzòm, dapre sa y' ap anseye nan inivèsite yo, pa bay Bondye okenn plas menm. Konsa, konesans sa a devni yon bagay ki vid epi san sans.

Pou sila yo ki santi yo vrèman saj dapre konesans lèzòm, men sa Bondye di :

Y'ap mache di se moun lespri yo ye.  
Men, se fou yo fin fou. (Women 1.22)

Men sa Li di ankò :

Paske, bon konprann moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn yo se bagay moun fou li ye devan Bondye. (1 Korent 3.19)

Se poutèt sa Bondye di konsa :

M'ap detwi bon konprann moun lespri yo. M'ap voye konesans save yo jete. (1 Korent 1.19)

## Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Paran yo, nou bezwen chwazi, nan de (2) kalite konesans sa yo, kilès nan yo nou pral anseye timoun nou yo. Ann pale sou yon bagay ki vrèman enpòtan—lekòl la. Paran yo, si ou voye timoun yo nan yon lise, se sakrifye w' ap sakrifye yo devan zidòl edikasyon lemonn nan.

Men kijan timoun ou yo va aprann tout sa yo gen bezwen nan lavi ? Se paran yo menm ki gen reskonsabilite pou yo edike timoun yo. Bib la tèlman klè sou sijè sa a.

Anmenmtan, sa pa yon mal pou w' chache lòt moun ki pou ede w'. Kiyès ou va chache pou ede w' ? Èske se lemonn nan oubyen legliz la ? Se legliz la menm !

Konsa, yon bon chwa, olye pou n' voye timoun yo nan lise yo, se pou n' voye yo nan yon lekòl Kretyen yon legliz te fonde epi ap dirije. Yon lekòl konsa dwe yon lekòl kote pwofesè yo se Kretyen ki fidèl epi kote liv yo baze sou verite biblik e ki pa baze sou teyori lèzòm enkonvèti. Yon lekòl konsa va toujou veye sou aksyon elèv yo, epi li va yon lye kote yo pa pèmèt move pawòl, manti, ak jouman.

Chak papa Kretyen dwe genyen menm atitid avèk Apòt Pòl. Pòl te gen yon gwo nivo, men lè l' te devni yon Kretyen li te rekonèt edikasyon l' lan ak lòt avantaj li yo pa t' vo anyen devan Kris. Gade tem-wanyaj li a :

Se tout bagay menm ki pa vo anyen pou mwen, lè m' konpare yo ak gwo avantaj mwen genyen lè m' konnen Jezikri tankou Senyè mwen. Poutèt li, mwen voye tout bagay jete, mwen gade yo tankou fatra pou m' ka gen Kris la. (Filipyen 3.8)

Papa yo, èske ou dakò pou fè menm jan devan metriz yo, diplòm yo, ak inivèsite yo pou timoun pa ou yo ? Èske ou kapab wè yo kòm bagay ki pa vo anyen pou pitit ou yo kapab sove ? Èske ou pral kite pwofesè enkonvèti yo pran tèt timoun yo ? Pwofesè yo vle pou yo plen lespri timoun yo avèk move teyori evolisyon an. Yo tou prèt pou yo anseye yo sou fason imoralite seksyèl la pa anyen depi se pa kadejak yo fè. Epi, se tann y' ap tann pou yo anseye chè timoun nou yo tout :

bèl diskou filozòf yo, ak diskisyon ki pa vo anyen. Bagay sa yo sòti nan kou-tim lèzòm, nan jan yo konprann bagay ki nan lemonn. Yo pa sòti nan Kris la. (Kolosyen 2.8)

Èske w' ap dakò sa ? Pa twonpe tèt ou !

Chè paran yo, fè sèten timoun yo resewwa yon edikasyon Kretyen. Sa se yon bagay esansyèl paske Bondye vle pou timoun yo aprann pou yo ka prepare tèt yo. Sèl bagay, fòk se yon vrè edikasyon ki sòti nan Bondye, kote timoun yo aprann pou yo *sèvi lòt moun e pou yo viv e mouri* avèk lapè Bondye a nan kè yo. Lekòl Kretyen an se yon bon fason pou w' jwenn yon edikasyon Kretyen. Si legliz kote ou mache a pa gen yon lekòl, ou kapab pale avèk pastè a epi chache konnen kijan nou ka rive genyen youn.

Mwen sonje yon papa ki te gen yon bél bi pou pitit li yo. Pifò paran yo te anvi pou timoun yo resewwa yon gwo edikasyon, oubyen pou yo chak gen tè pa yo ap byen viv nan zòn nan bò kote yo. Men papa sa a te di : « Pi gwo dezi mwen genyen, se pou pitit mwen yo devni misyonè. Sa pa fè m' anyen menmsi yo oblige ale byen lwen nan yon lòt peyi epi menm mouri pou Senyè a nan yon peyi byen lwen. »



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

- Papa yo, se pou w' panse byen sou sa ou sòti li la a. Èske w' ap adore zidòl edikasyon mond lan nan lavi w' ? Kisa ou pral fè pou detwi zidòl sa a ? Sou liy ki anba yo, ekri kisa ou kapab fè pou rann vanite lemonn yo pa gen okenn valè devan ou.
- 
- 

- Ki baz konesans ki sòti anwo a genyen ?
- 
- 

- Dapre ou menm, kisa ki rele edikasyon lemonn ?
- 
- 

- Ki bon chwa ou kapab fè pou pitit ou yo kapab jwenn yon edikasyon Kretyen ?
- 
-

## Tras Pye Kris yo

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Jenèz 3.1-24. Li istwa Adan ak Ev la epi dapre vèsè 5-6, gade kijan yo te chite paske yo te anvi gen konesans yo pa t' dwe genyen kòm pitit Bondye.
2. Pwovèb 2.1-6 ; 4.5-9. Etidye pasaj sa yo epi aprann kijan li enpòtan pou w' chache vrè sajès.
3. Pwovèb 9.10 ; 15.33. Vèsè sa yo va montre w' baz vrè sajès la.
4. Women 1.18-32 ; 1 Korent 2.6-10. Li vèsè sa yo epi gade ki valè Bondye mete sou konesans lèzòm.

### Priyè w'

« Bondye m' nan, mwen remèsi W' pou fason Ou te montre m' jodi a ki kalite konesans ki fè W' plezi. Mete yon dezi nan kè m' ki menm jan avèk pa Apòt Pòl la kote li te dakò pou l' te kite tout edikasyon li dapre lemonn, pou l' te ka chache yon edikasyon ki te pi bon. Se konesans sa a mwen bezwen menm, epi mwen konnen se Ou menm sèl ki kapab ban mwen l'. Plen kè m' avèk krentif sen Ou a pou m' kapab aprann plis nan men W' avèk yon soumisyon enb. Apatide jodi a, se sèlman sa ki rann Ou glwa ak onè ak sa k' fè wayòm Ou avanse mwen va aprann. O Bondye ki konn tout bagay, ban m' yon ti kras nan konesans Ou pou m' kapab louwe Ou pi byen. Amèn. »



SETYÈM PATI

KRIS AVÈK  
BYEN MATERYÈL





# KRIS AVÈK BYEN MATERYÈL

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**K**apab gen yon lè kote ou te di konsa : « Soulye sa yo se pou mwen, » oubyen : « Poul sa a se pou mwen, » oubyen : « Sa se jaden pa m'. » Men pou ki moun bagay sa yo ye menm ?

Men sa Bib la di :

- tè a se pou Bondye li ye :

Tout latè se pou mwen, se vre. (Eg-zòd 19.5)

- bêt yo pou Bondye :

Paske, tout bêt ki nan bwa, se pou mwen yo ye. Tout kantite bêt ki nan mòn yo, se pou mwen yo ye tou . . . Tout zannimo ki nan savann, se pou mwen yo ye. (Sòm 50.10-11)

- lò ak ajan yo pou Bondye :

Se pou mwen tout lò ak tout ajan sou latè ye. Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa. (Aje 2.8)

- ni mwen menm, ni ou menm, se pou Bondye nou ye :

Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp Sentespri k'ap viv nan kè nou . . . Nou pa mèt tèt nou ankò . . . Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. (1 Korent 6.19-20)

- tout bagay pou Bondye

Se nan men ou tout bagay sa yo soti, se nan sa nou resevwa nan men ou n'ap ba ou. (1 Kwonik 29.14)

## **Vèsè Memwa W' :**

Yon sèl bagay yo mande yon jeran, se pou l' yon moun serye.

(1 Korent 4.2)

Alò, kisa ki rete pou ou ? Anyen ! Pa gen anyen ki vrèman pou ou. Se yon senp ti jeran ou ye. Men, kisa ki rele yon jeran ?

Yon jeran se yon moun ki jere yon bagay ki pa pou li, tankou yon moun ki anfème yon tè. Moun sa a reskonsab pou l' pran swen e jere tè a pou mèt li, men tè a pa pou li.

Nan Lik 12.13-21 nou jwenn istwa nonm rich la ki te fou. Te gen yon ane li te fè yon gwo rekòt. Lè sa a nonm rich la te di : « Gade rekòt *mwen* yo ! » San l' pa t' reflechi avèk Bondye ki se te vrè mèt la, li te kòmanse panse konsa : « *Kisa m' pral fè ? Mwen pa gen ase plas pou m' sere rekòt mwen.* » Li te di : « Mwen konnen sa m' pral fè. M' ap kraze depo m' yo pou m' bati yo pi gwo. Konsa m' ap jwenn kote pou m' mete tout rekòt *mwen* ak tout sa m' *genyen*. Apre sa m' ap di tèt *mwen* : « Monchè, ou gen anpil byen an depo pou plizyè lanne. Pa fatige kò ou ankò. Manje, bwè, pran plezi ou. »

Nonm rich la t' ap monte tèt li lè l' t' ap di ni rekòt yo, ni depo yo, ni byen yo, menm nanm li te pou li. Èske bagay sa yo te pou li vrèman ? Non. Pa menm youn

## Tras Pye Kris yo

nan yo ! Bondye te konnen kijan pou montre l' sa tou. Bondye te di li :

Egare! Aswè a menm yo pral mande ou nanm ou. Tou sa ou te sere yo, pou ki moun y'a ye? (Lik 12:20)

Moun fou sa a te oblige mouri pou l' te ka konprann ni nanm li, ni byen l' yo pa t' pou li—podyab. Pa reflechi menm jan ak moun fou rich sa a.

Li bon si w' ka gen soulye, poul, oubyen jaden, men ou dwe sonje bagay sa yo pa pou ou vre. Okontré, ou dwe di Bondye konsa : « Mèsi pou privilèj Ou ban mwen pou m' jere soulye W', poul Ou yo, avèk jaden W'. M' ap sèlman fè sa Ou vle pou m' fè avèk yo. » Bondye vle pou w' byen jere tout sa Li mete nan men w'. L' ap menm mande w' rapò pou jan ou te fè jesyon an (li Lik 16.1-13). Se tras pye sa a Kris te kite pou ou.

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Frè m' avèk sè m', kisa ou va fè ? Mwen gen yon sijesyon si ou pokò fè anyen. Jodi a, kòmanse renmèt Bondye tout bagay ou te konn gade kòm pa w'. Mete ajenou avèk fanmi w' epi renmèt Bondye kay ou, machin ou, bekàn ou, rad ou yo, kò w', nanm ou, madanm ou, pitit ou yo—tout sa ou genyen ak tout sa ou ye ! Fè sèten ou renmèt Li tout bagay. Konsa ou p' ap ka kondane poutèt ou te vòlè yon bagay nan men Bondye—ni lavi ou, ni byen ou yo.

Lè ou renmèt Bondye tout bagay, Li va ba ou yon gwo lapè nan kè w'. Se pa sa sèlman, men chak fwa ou achte, oubyen vann yon bëf, oubyen chak fwa ou bay kochon yo manje, ou va fè sa pi byen paske w' ap rekonèt se bëf Bondye w' ap

achte e vann, epi se kochon Bondye yo w' ap pran swen !

**G**en yon lè mwen te oblige vann youn nan bëf Bondye yo Li te ban m' gade. Li te yon bon bëf ki te konn bay nenpòt douz (12) lit lèt chak jou. Men apre li te vin fè dènye ti bëf li a, li pa t' fin bay tout lèt sa a ankò. Li te kòmanse gen yon bon laj soutèt li, men mwen pa t' ka sonje konbyen ti bëf li te gentan fè. Sa te gen lontan depi m' te taye kòn li, konsa moun ki t' ap achte l' la pa t' ap ka konn laj li dapre kòn li. Lè mesye a te vin wè manman bëf la, mwen te ka di li bëf la konn bay douz (12) lit lèt chak jou. Epi, mwen te ka di li bëf la pa t' two vye. Men kòm bëf la se pou Bondye li te ye, mwen te gentan konnen Li te vle pou m' bay verite sou bëf Li a. Konsa, mwen te fè mesye a ki te anvi achte l' la konnen bëf la te konn bay jiska douz (12) lit lèt, men kounyeya li te kòmanse bay dis (10) lit sèlman. Mwen te al gade dosye a tou epi mwen te twouve li te gentan fè sèt (7) ti bëf déjà. Konsa, mwen te fè mesye a konn sa tou. Kijan Bondye ta santi L' si m' ta bay manti sou laj bëf Li a ? Ou déjà konnen, pa vre ?

Pa fè tankou anpil moun ki chaje tèt yo pou bagay materyèl. Gen moun ki anvi rich. Gen lòt ki pè pou yo pa pèdi ti sa yo genyen an. Epi, gen anpil moun ankò ki

pè pou avni an. Men sa Jezi di w' :

Nou menm, se pa pou n' ap plede chache sa pou n' manje oubyen sa pou n' bwè. Epitou, se pa pou n' nan kè sote. (Lik 12.29)

Kè sote konsa toufe lavi Kretyen an. Pa mennen yon lavi kote ou toujou twouble ak tèt chaje, kote ou kwè sa k' nan men w' se pou ou li ye kote ou santi ou oblige defann li. Tout bagay se pou Bondye yo

ye epi Li konnen kijan pou L' pran swen afè L'

Ou dwe travay. Bib la egzije w' sa. Anmenmtan, ou dwe sonje Bondye kapab pran swen afè L' pi byen pase ou. Se poutèt sa tou ou pa dwe nan « kè sote » .

Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou. (Matye 6.33)



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Site kèk nan bagay yo ou dwe renmèt Bondye. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Poukisa ou dwe renmèt Bondye bagay sa yo ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Ki pi gwo erè nonm rich la te fè ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Kijan Bondye te demonstre nonm fou sa a erè li ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Dapre ou menm, kisa « kè sote » vle di ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

6. Kijan ou kapab evite « kè sote » ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Lik 16.1-15. Li parabòl sa a sou jeran an ki pa t' fidèl la ankò epi chache konnen kisa Bondye ap antann nan men w'.
2. Matye 25.14-30. Etidye parabòl talan yo epi gade kijan ou dwe travay avèk sa Bondye mete nan men w'.
3. Eklezyas 2.20-26. Reflechi sou sa Salomon (ki te vrèman saj) te di konsènan travay ansanm ak kè sote.

### Priyè w'

« O Papa, tout bagay se pou Ou. Jodi a mwen louwe Ou paske mwen rekonèt tout bagay se pou Ou. Mwen remèsi W' dèske Ou te mete kèk nan bagay sa yo nan men m'. Senyè, se kòmsi se prete mwen te prete yo. Se poutèt sa, mwen renmèt tout sa m' genyen, ak tout sa m' ye, nan men W' yon lòt fwa ankò. Ede m' pou m' kapab byen jere tout byen Ou yo. Mwen vle aji kòm yon bon jeran devan tout pwojè materyèl Ou mete devan m'. Mwen vle pou tout byen materyèl kapab ba Ou tout glwa ak tout onè Ou menm sèl merite ! Amèn. »



# KRIS AVÈK BAY VOLONTÈMAN

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**T**ras pye Kris te kite pou ou, lè ou antre nan prezans Bondye pou w' adore L se pou w' pa vini de (2) men vid. Poukisa Kris vle chak Kretyen bay ? Annou wè kat (4) rezon biblik :

**1. Paske tout bagay se pou Bondye kanmenm.** Se sa nou te etidye nan dènye lesion an. Sa t' ap engral pou w' pa ta bay Bondye sa ki pou Li ! Nou dwe santi menm jan avèk David an-sanm avèk pèp Izrayèl la lè yo te bay Bondye yon bagay :

Men, kisa m' ye, kisa pèp mwen an ye menm, pou m' ta kapab ofri ou tout bagay sa yo ak tout kè nou? Se nan men ou tout bagay sa yo sòti, se nan sa nou resevwa nan men ou n'ap ba ou. (1 Kwonik 29.14)

Se poutèt sa li t' ap yon wont pou w' vin nan sèvis la de (2) men vid.

**2. Paske nou dwe rekonesan.** Si tout sa mwen genyen se yon kado Bondye ban m', kijan mwen kapab remèsi Jezi ? Se lè m' bay volontèman pou lèv Bondye a kapab mache (gade 2 Korent 9.12).

**3. Paske Bondye itilize lajan pou fè lèv Li a mache.** Bondye pa voye lajan sòt nan syèl la pou ede nou fè travay Li. Lajan an Bondye itilize nan travay Li sòti nan men frè yo ki rekonesan

### Vèsè Memwa W' :

Chak premye jou nan senmenn lan, se pou chak moun mete yon ti lajan apa dapre sa yo te fè. (1 Korent 16.2)

pou sa Bondye gentan fè nan lavi yo. Chak premye jou nan semenn nan, frè yo reyini pou yo adore Bondye an-sam . . . epi pou yo bay (gade 1 Korent 16.1-4). Chak frè bay yon bagay. Si papa a gen mwayen, li dwe bay chak pitit yon adoken pou yo kapab aprann yo pa dwe al legliz de (2) men vid.

**4. Paske toujou gen moun ki nan nesesite pase w'.** Gen pafwa nou malere oubyen nou vin santi nou malere. Men gen yon bagay mwen wè. Toujou gen yon moun ki pi mal pase ou. Se poutèt sa tou nou dwe fè zèv ak moun ki pa kapab yo (gade Efezyen 4.28). Se tras pye sa a Jezi te kite pou nou, kote moun ki pa gen anyen yo kapab vin gen pamwayen sila yo Li te beni.

Si yon moun pèp Izrayèl parèy nou k'ap viv toupre lakay nou vin nan nesesite, epi li tonbe nan malsite, se pou nou lonje men ba li. (Levitik 25.35)

Pifò legliz evanjelik yo anseye ladim nan. Mwen pa vle kritike yo, men kan-

## Tras Pye Kris yo

menm m' ap kesyone ansèyman sa a. Nou pa jwenn okenn kote nan Nouvo Testaman an kote Jezi oubyen apòt yo te egzije ladim nan apre akonplisman Lalwa Moyiz la. Jounen jodi a nou jwenn egzòtasyon pou n' bay volontèman dapre jan Senyè a ban nou posibilité. Yon moun ki pran desizyon pou l' bay yon dizyèm nan lajan li fè a fè byen, men se pa yon obligasyon dapre Nouvo Testaman an.

Genyen yon pasaj nan Nouvo Testaman an ki ta fè santi yon moun dwe bay ladim. Annou gade pasaj sa a :

Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! Nou bay Bondye ladim nan rekòt pye mant, pye ani etwale ak pye pèsè, men, nou neglige bagay ki pi konsekan nan lalwa a: n'ap fè lenjistik, nou pa gen kè sansib, nou pa kenbe pawòl nou. Men sa pou n' te fè *san nou pa neglige lòt bagay yo*. (Matye 23.23)

Li *te* yon obligasyon pou bay ladim . . . Lè Jezi te di sa Lalwa Moyiz la (se sa ki te egzije ladim) te toujou aplike paske Jezi patko mouri sou kwa a pou ranpli Lalwa a.

### Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Kijan nou dwe swiv tras pye sa a Kris te kite pou nou sou zafè bay ?

**1. Premyèman, ou dwe bay Bondye pwòp ou menm.** Moun Masedwan yo te trase yon bél egzanp sou pwen sa a. Men sa Apòt Pòl te di sou moun sa yo :

Sa m'ap di nou la a, se vre wi: yo bay sa yo te kapab, yo menm bay pase sa yo te kapab. San moun pa fòse yo, se yo menm menm ki mande, se yo menm menm ki plede ak nou pou

nou ba yo privilèj patisipe nan sek- ou n'ap voye pou manm pèp Bondye nan peyi Jide a. Sa depase sa nou te kwè a anpil: **yo ofri tèt yo bay Senyè a anvan.** (2 Korent 8.3-5)

Men kle a pou n' kapab bay ak yon kè kontan. Yon moun ki renmèt Bondye tèt li dabò tou jwi bél eksperyans lan kote li renmèt Bondye ni lajan l', ni byen l' yo tou.

**2. Ou dwe bay selon jan ou deside nan kè w'.** Konbyen kòb ou dwe bay nan ofrann nan ? Sa se yon sekrè, yon desizyon pèsònèl ant ou menm ak Jezi. Sèl bagay, ou dwe deside konbyen w' ap bay, epi fè sa.

Se pou chak moun bay jan yo te deside nan kè yo, san yo pa regrett anyen, san moun pa bezwen fòse yo, paske Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan. (2 Korent 9.7)

Ladim nan bon nan fason sa a. Se yon bagay ki fasil pou w' bay « *dapre sa ou te fè* ». Si w' fè anpil lajan, bay anpil. Si w' fè yon ti kras, bay yon ti kras. Si w' pa fè anyen menm, ou pa ka bay anyen . . . men nou toujou gen yon bagay pou n' bay, menmsi se degoudén. Jezi te felisite vèv malere a paske, malgré li te sèlman gen de (2) ti pyas, li te bay Senyè a toulede. Epi, Jezi te beni l' poutèt sa (gade Lik 21.1-4).

**3. Ou dwe mete sa ou pral bay Bondye apa dabò.** Pafwa nou fè yon gwo erè. Nou konn achte tout sa nou bezwen, epi peye tout dèt nou yo anvan, epi si gen lajan toujou, nou menm konn achte kèk bagay ki pa tèlman esansyèl.

Lè jou Dimanch lan rive, nou pa gen anyen pou n' mete nan ofrann nan. Se sa k' fè, gen anpil fwa, se sa ki rete nou bay Bondye. Èske se sa Bondye ap tann nan men nou ?

Premye bagay ou dwe fè, se pou w' mete sa ou pral bay nan ofrann nan apa. Pati sa a pa pou ou ankò, epi ou dwe konsève l' pou ofrann nan oubyen pou lè gen yon lòt ka ki rive kote ou kapab bay. Pa egzanp, nan fwaye pa nou an, nou gen yon ti bwat sekrè. Tout fanmi an konnen l'. Si nou vann yon lit lèt, gen yon pati nan lajan an ki dwe antre nan bwat la. Kèlkeswa lajan ki antre nan kay la, toujou gen yon pati ki antre nan bwat la. Konsa, toujou gen lajan pou ofrann nan jou Dimanch.

**4. Ou dwe bay ak kè kontan.** Si ou bay ak kè kontan, Bondye va ba ou plis kè kontan toujou.

Pèp la menm te kontan bay sa yo t'ap bay pou Senyè a paske yo te fè l' ak tout kè yo. (1 Kwonik 29.9)

Mwen konstate yon bagay ki vrè. Mwen twouve :

Moun ki simen ti kras va rekòlte ti kras. Moun ki simen anpil va rekòlte anpil. (2 Korent 9.6)

Mwen konn wè moun ki pa jwi benediksyon Bondye nan afè materyèl yo. Youn nan rezon ki fè sa se paske yo pa bay ak kè kontan. Gen pafwa byen yo vin fini epi yo pa konn poukisa. Se paske yo pokò aprann bay ak kè kontan.

Konsa tou, mwen konn wè kèk moun ki vrèman pòv, ki jwenn benediksyon Bondye a sou zafè finans yo paske yo bay nan ti sa yo genyen an ak kè kontan. Epi moun sa yo kontan !



### Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

1. Kisa Bondye vle pou w' ba Li anvan ou ba Li lajan ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Konbyen kòb ou dwe bay nan ofrann nan ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Kisa ou dwe fè pou w' ka evite bay Bondye sèlman sa k' rete a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

4. Kilè Bondye renmen yon moun k' ap bay ? \_\_\_\_\_

---

---

## Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Detewonòm 12.4-12 ; 16.12-17. Etidye pasaj sa yo nan Ansyen Testaman an epi note kijan kwayan yo dwe bay Bondye. Ou kapab aprann anpil dapre egzanz yo a.
2. Matye 6.1-4. Li ansèyman Jezi yo epi aprann poukisa ou dwe bay an sekrè.
3. 2 Korent 8-9. Etidye pasaj sa yo nan Nouvo Testaman an. Pasaj sa yo se baz bay volontèman. Pandan ou li pasaj sa yo, ou pral wè kisa Bondye ap antann nan men w' olye prensip ladim nan nou jwenn nan Ansyen Testaman an.

### Priyè w'

« Papa ki nan syèl la, jodi a Ou te montre m' yon bagay espesyal. Ou pa tèlman vle lajan m' yo. Anvan tout, Ou vle pou m' ba Ou tout lavi m' nèt. Se avèk kè kontan mwen renmèt lavi m' nan men W'. Apre sa, m' ap siyen yon kontra ki sen epi sekrè, kote Ou pral di m' konbyen pou m' bay lèv Ou nan tout byen Ou yo Ou ban m' jere isiba. Papa m', mwen pral fè sa ak kè kontan paske sa fè Ou plezi epi paske mwen renmen Ou ! Amèn. »



# KRIS AVÈK TRAVAY

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

È ske ou konnen foumi yo genyen yon gran leson pou yo montre w' ? Li vèsè sa yo ansanm avè m' epi gade kisa Salomon, nonm saj la, te konprann sou sa foumi yo vle montre nou :

Ou menm parese, al pran leson nan men foumi yo. Ale wè jan y'ap viv pou ou manyè konprann lavi. Yo pa bezwen moun pou di yo sa pou yo fè. Yo pa bezwen moun pou veye yo, ni pou ba yo lòd. Men, yo pase mwa chalè ap fè pwovizyon. Nan tan rekòt, yo ranmase manje mete la. (gade Pwovèb 6.6-11)

Si ou pase tan ap gade foumi yo, yo pral ba ou yon mesaj ki vrèman enpòtan : ou dwe travay epi ou pa dwe fè parese.

Dapre ou menm, ki kote ide travay la sòti menm ? Gen anpil moun ki pral di w' travay te vin etabli akòz peche Adan ak Ev. Se pa vre ! Bondye te egzije Adan ak Ev pou yo travay *anvan* yo te fè peche. Bondye te di yo :

Soyez féconds, multipliez, remplissez la terre, et l'assujettissez ; et dominez sur les poissons de la mer, sur les oiseaux du ciel, et sur tout animal qui se meut sur la terre. (Genèse 1.28)

Konsa nou wè premye lòd Bondye te pase Adan ak Ev se pou yo te peple : « Fè pitit, fè anpil anpil pitit mete sou tè a. » Dezyèm lòd la se te pou yo travay : « domine sou . . . » Men sa Bib la di ankò :

Senyè a, Bondye a, pran nonm lan, li

### Vèsè Memwa W' :

Nou chonje lè m' te lakay nou,  
mwén te di nou: moun ki pa travay  
pa gen dwa manje non plis. (2  
Tosalonisyen 3.10)

mete l' nan jaden Edenn lan *pou l' travay li, pou l' pran swen l'*. (Jenèz 2.15)

Domine sou tè a, travay li, pran swen l' . . . sa se travay, pa vre ? Se vre travay vin pi di poutèt peche. Pikan ak zèb te vini poutèt madichon Bondye te mete sou tè a. Men menm anvan lòm te fè peche li te bezwen travay.

Se Bondye ki te vin ak lide travay la epi w' ap beni depi ou asepte aprann travay. Travay genyen anpil avantaj pase parese. Annou gade kèk avantaj travay :

- Yon moun ki travay toujou jwenn manje (gade Pwovèb 12.11).
- Yon moun ki travay genyen pou l' bay, epi gen plis benediksyon pou moun ki bay pase pou moun ki resevwa (gade Efezyen 4.28 ; Travay 20.35).
- Yon moun ki travay evite anpil pwoblèm (gade 2 Tesalonisyen 3.11-12).
- Yon moun ki travay dòmi byen (gade Eklezyas 5.12).
- Yon moun ki travay jwenn respè nan men lòt moun (gade Pwovèb 22.29).

Kounyeya annou gade *dezavantay* yo ki genyen pou yon moun ki parese :

## Tras Pye Kris yo

- Yon parese anvi genyen men li pa jwenn anyen (gade Pwovèb 13.4 ; 19.15 ; 20.4).
- Chemen parese a gen pikan (gade Pwovèb 15.19).
- Parese a mache gaye (gade 2 Tesalonisyen 3.6, 11).
- Yon parese se yon parazit paske li pa travay. Sa rann li pa jwenn anyen pou l' manje, konsa li viv sou kouray rès yo (gade 2 Tesalonisyen 3.8).
- Parese a toujou chache fo pawòl pou l' pa oblige travay (gade Pwovèb 22.13).
- Yon parese pa respekte tèt li (gade Pwovèb 21.25).
- Lòt moun pa respekte parese a (gade Pwovèb 10.26).

Jezi te kite yon tras pye pou nou pou n' travay, epi kòm plan Bondye a se pou lòm travay, depi travay la bon e depi li pa gen foub ladan l', annou travay !

## Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Plan Bondye genyen pou chak Kretyen, se pou yo chak travay pou yo ka viv. Alò, si gen yon moun ki malad, oubyen yon vèv, oubyen yon moun ki *pa kapab* travay pou yon vrè rezon, fanmi li, ansanm ak legliz la, dwe ede moun sa a. Men nou dwe travay nan mezi ki posib.

Men sa m'ap voye di moun sa yo: Nan non Jezikri, Senyè a, m'ap mande nou pou nou travay nan lòd, pou nou manje swe kouraj nou. (2 Tesalonisyen 3.12)

Lèfini, Bondye egzije nou pou n' travay avèk diliyans.

Travay di, pa fè parese. (Women 12.11)

Ou dwe travay tou yon fason pou w' kapab bay (gade Efezyen 4.28). Sa se youn

nan pi gwo rezon ou dwe travay. Kisa ki pou anpeche w' fè yon ti travay anplis pou w' kapab genyen dekwa pou w' ede yon frè ki nan nesesite, oubyen pou w' ka bay plis nan ofrann nan ? Ou va gen yon benediksyon si w' fè sa paske ou deja konnen gen plis benediksyon pou moun ki bay pase pou moun ki resevwa.

Yon lòt rezon ou dwe travay se paske yon moun ki chita san l' pa fè anyen toujou mele ak pwoblèm. Gen yon pwovèb ki di konsa : « Kalbenday se manman tout vis. »

Ki kalite djòb ki bon pou yon Kretyen ? Ki kalite djòb yon Kretyen dwe evite ? Depi yon travay ònèt, epi depi li nan avantaj sosyete a, travay sa a bon menmsi se yon travay ki ba. Kounyeya, ann gade kèk djòb ki *pa* bon pou yon Kretyen. Yon Kretyen pa dwe :

- Ni plante, ni achte, ni vann tabak ak dwòg.
- Ni achte, ni vann bwason alkolik.
- Travay yon kote li dwe pote zam.
- Travay nan yon pòs politik.
- Travay yon kote yo egzije w' travay jou Dimanch.
- Travay yon kote ki plen ak tantsyon chanèl.

Tout djòb yo bon depi yo ònèt e depi yo itil—li te mèt voye yon manchèt. Se pou w' twouse manch ou epi kòmanse travay !

**R**eflechi sou temwanyaj yon jenn fi ki te rete nan peyi Kostarika. Fi sa a te konvèti epi te gen yon djòb nan depo bòpè li a.

Li te yon bon djòb epi bòpè a pa' t' vle pèdi manmzèl. Men bòpè a te vann sigarèt ak likè nan depo a. Lèfini yo te travay jou Dimanch tou (depo a te fèmen jou Madi). Jenn fi a te mande pastè a pou l' akonpaye l' pou l' pale ak bòpè a. Pastè a te demontre bòpè a kijan li pa t' alèz ak fason yo te vann tabak ak alkòl, ak sou fason yo te travay jou Dimanch. Apre sa li te mande li si manmzèl la pa t' ka sispann fè bagay sa yo. Li te montre kijan li te dwe sispann fè bagay sa yo pou l' te ka batize.

Bòpè a te di : « Biznis sa a se pou mwen li ye. Mwen fè sa m' vle ladan l'. Depi manmzèl la ap travay isit l' ap oblige fè tout bagay lòt

anplwaye yo fè. Si li pa vle travay isit ankò, mwen pa gen pwoblèm ak sa. »

Sè a te santi li te gen pwoblèm pou l' kite djòb li a. Jou batèm nan t' ap pwoche. Kisa li te ka fè ? Legliz la te pase tan nan lapriyè. Èske li t' ap oblige kite djòb la ?

Apre detwa jou, bòpè a te rive nan biznis la epi li te fè anons sa a devan anplwaye yo :

« Nou pral fè kèk chanjman. Depi kounyeya, bèlfì m' nan p' ap manyen ni sigarèt, ni likè. Si gen yon kòmann pou bagay sa yo, yon lòt anplwaye dwe ranpli kòmann nan. Yon lòt bagay—nou pral travay jou Madi epi n' ap fèmen jou Dimanch. »



## Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?

- Ekri twa (3) rezon nou dwe travay.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Ekri twa (3) avantaj yon travayè jwenn.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Site kèk bon djòb.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

4. Site kèk djòb yon Kretyen pa dwe fè. \_\_\_\_\_

---

---

## Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. 2 Tesalonisyen 3.6-14 ; Tit 3.14. Etidye pasaj sa yo epi aprann plis sou responsabilité ou genyen pou w' travay kòm yon Kretyen.
2. Pwovèb 6.6-11. Reflechi sou pasaj sa a ki pale sou foumi yo.
3. Pwovèb 10.4-5 ; 12.14, 27 ; 13.11-12 ; 18.9 ; 19.24 ; 20.4, 13 ; 24.10, 30-34 ; 26.14-16 ; 27.23-27 ; 28.19 ; 30.24-28. Koute konsèy liv sa a. Se nonm ki pi saj nan tout mond lan ki te ekri liv sa a.

### Priyè w'

« Papa m', jodi a mwen santi nan fon kè m' mwen dwe remèsi Ou pou travay. Ou konnen gen pafwa chè m' pa vle travay, epi gen pafwa mwen vin fatige. Men jodi a mwen sonje se Ou menm ki te premye travay lè Ou te travay nan sis (6) jou. Ou te poze nan setyèm jou a. Konsa Ou mande m' pou m' travay epi poze tou. Mèsi Bondye m' nan dèske plan Ou a bon epi atravè travay mwen kapab jwenn anpil benediksyon. Se poutèt sa mwen mande W' pou W' ede m' rete dilijan nan travay mwen. Amèn. »



# KRIS AVÈK DÈT

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**G**en moun ki di yon Kretyen pa janm dwe prete lajan. Men gen kèk Kretyen ki toujou viv avèk dét. Kijan nou kapab konnen sa Bondye di sou sijè sa a ? Ann ale nan Bib la pou n' gade kèk pwen pou dirije nou !

**1. Depi ou dwe, se pou w' peye.** Ann gade pwen enpòtan sa a. Vèsè memwa a esplike nou sa yon fason ki klè : « Peye tout moun sa ou dwe yo. » Pasaj sa a montre nou kijan Bondye vle pou n' peye leta a tout taks nou dwe yo pou pi piti. Menm prensip sa a aplike pou tout dét : « Peye . . . sa ou dwe. »

Pi ba vèsè a di : « Pa fè dét lakay pèsonn. » Sa vle di ou pa dwe gen okenn dét ou pa peye. Pa egzanp, si ou prete yon kòb kote ou pwomèt pou w' peye l' nan yon mwa, si dat la pase san ou pa peye, ni ou pa di moun nan anyen, lè sa a ou fè peche. Yon moun ki pa peye se yon mechan li ye :

Mechan an prete, li pa nan renmèt.  
(Sòm 37.21)

**2. Si ou prete, jere l' byen.** Nan 2 Wa 6.1-7, nou jwenn istwa yon sèvitè ki te pèdi sa l' te prete a. Sa ki frape nou nan istwa sa a se fason sèvitè a te sansib pou sa k' te pèdi. Men istwa a : yon jenn gason t' ap koupe yon bwa avèk yon rach li te prete. Sanble tèt rach

## **Vèsè Memwa W' :**

Peye tout moun sa ou dwe yo: peye enpo nan biwo kote pou ou peye enpo; peye taks nan biwo kote pou ou peye taks. Pa fè dét lakay pèsonn. Sèl dét nou dwe genyen, se pou nou yonn renmen lòt.

(Women 13.7-8)

la te desere paske li te sòt tonbe nan rivyè a. Sèvitè a te vrèman sousye pou rach la epi li te rele pwofèt Bondye a ki te kanpe toupre a : « Mèt, mèt! Sa m' pral fè la a ? Se prete yo te prete m' rach la wi ! »

Pwofèt la te sansib pou rach prete a ki te pèdi tou, epi Bondye te ede l' fè yon gwo mirak ; li te fè tèt rach la plannen sou dlo a. Mesye a te pran tèt rach la epi nou kapab sèten li te renmèt li. Sa montre nou kijan li te byen jere sa li te prete.

**3. Si ou prete, sonje ou tounen timoun devan moun ki prete ou a.**

Lè ou prete lajan nan men yon moun, ou tounen timoun devan pòt li. (Pwovèb 22.7)

Ou bezwen sonje verite sa a *anvan* ou prete yon kòb. Poze tèt ou kesyon sa a : « Èske mwen vle tounen yon timoun de-

## Tras Pye Kris yo

van Mesye Ismith ? »

Fòk genyen tèm ki byen klè lè gen yon lajan ki prete pamí frè yo. Mwen konn wè gen anpil pwoblèm ki rive akòz malkonprann ant moun ki prete a avèk moun ki prete l' la. Yon moun k' ap prete yon lòt moun yon lajan gen dwa konnen kijan lajan sa a pral itilize. Si se ou menm ki pral prete yon kòb, se pou w' imilye w' epi esplike moun k' ap prete ou la bagay yo byen. Yon lajan prete toujou dwe genyen yon dat l' ap renmèt. Si pa gen yon jou lajan an dwe renmèt, moun ki prete kòb la ka santi sa pa anyen, men moun ki prete l' la ka santi sa se yon pwoblèm. Yo dwe diskite tou sou kisa ki pral rive si frè a pa ka peye nan dat li te mete a.

Anmenmtan, mwen kwè dwe gen yon akò ki trè klè konsènan enterè dèt la. Dapre mwen menm, si gen yon frè ki bezwen prete yon kòb pou l' viv, mwen pa kwè li dwe peye enterè. Alò, si se yon biznis yon frè vle mete sou pye, mwen kwè li kapab bon pou frè a peye enterè.

**4. Pa janm reskonsab dèt yon lòt moun.** Gen moun ki pa konnen kòmandman sa a men li pi klè pase dlo. Tande sa saj Salomon te di :

Pa pwomèt pou ou reskonsab dèt yon lòt moun fè. (Pwovèb 22.26)

Li Pwovèb 6.1-5 ; 11.15 ; 17.18 ; 20.16 ak 27.13 tou.

## Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A

Konsèy mwen genyen pou ou se pou w' evite dèt. Mwen te grandi nan yon fwaye

ki te chaje dèt. Mwen kapab sonje byen lè Papa m' pa t' ka peye dèt yo epi kijan sa te pote anpil estrès nan fwaye a. Epòk sa a rete kòm yon gwo nyaj tou nwa nan memwa m'. Se poutèt menm bagay sa, gen anpil moun ki pran desizyon pou yo pa dwe moun anyen. Si ou vle kòmanse yon biznis, se pou w' priye anvan pou w' kapab twouve volonte Bondye. Lè sa a, ou kapab sèten L' a ede ou. Apre sa, travay. Fè ekonomi ! Kòmanse avanse san ou pa gen dèt. Apre sa, menmsi benefis la piti, se pou ou l' ap ye epi ou p' ap bezwen bay tèt ou pwoblèm pou w' peye. Gen anpil moun ki te pran desizyon sa a epi yo pa t' janm regrett.

Mwen konnen de (2) frè, epi chak frè sa yo gen anpil pitit. Gen youn nan yo ki gen anpil jaden avèk yon gwo poulaye. Frè sa a te toujou travay avèk dèt. Frè sa a konn manyen gwo kòb. Pandan plizyè ane li te plante gwo jaden diri ak gwo jaden pwa san l' pa t' antre yon goud. Li t' ap pi bon pou l' te chita sou galeri a ap dodinen nan yon dodin. Frè sa a jwenn anpil pwoblèm pou l' peye dèt li yo labank.

Lòt frè a gen yon ti jaden epi li pa vann anpil. Li pa gen dèt. Li toujou ap travay epi li toujou fè sa l' kapab. Li toujou byen bay nan ofrann nan epi li toujou ede lòt moun. Tou dènyèman li te bay temwan-yaj sa a : « Mwen pokò janm tonbe nan bezwen. Se vre, mwen pa rich. Mwen pokò janm touche gwo lajan, men mwen toujou jwenn manje pou m' manje. Sa ki pi bél se paske mwen pa dwe pèsonn anyen. Mwen kontan. »

Frè m' pran egzanp sa a pou lavi w'. Pa prete lajan konsa konsa. Bondye va onore ou epi L' ap beni w' pou sa. Si w' prete lajan pou yon bon pwojè, ou pa fè peche.

Sèlman, asire w' ou pa prete lajan pou yon pwojè ki pa fin bon.

Pa egzanp, tou dènyèman gen yon frè ki te di m' gen anpil benefis pou yon moun ki gade vètè pou fè yon fimye natirèl. Nan zòn kote li te viv la, te gen vandè ki t' ap vann gwo kontra pou moun gade vètè. Sèl bagay, fòk ou peye kòb pou w' gen dwa travay. Gen kèk frè ki te vle jwenn yon kontra. Yo te vle pataje kontra a ant sis (6) frè. Yo chak t' ap bezwen peye dimil (10 000) dola vèt. Frè sa yo te pran kontak ak yon zanmi m' pou l' mete ansanm avèk yo. Li t' ap oblige prete dimil (10 000) dola Ameriken. Alò, dapre sa yo t' ap di, sa pa t' ap pran anpil tan pou peye dèt la epi ou t' ap antre konbyen mil dola. Yo te di ou te ka fè nenpòt senkant pou san (50%) benefis. Fè atansyon ! Yon benefis konsa pa konn dire lontan. Tout moun bat pou yo antre nan biznis la epi pri yo vin bese.

Men konsèy mwen te bay frè a : « Pa fè sa ! Chache kèk vètè yon lòt fason. Jere yo byen. Pran swen yo. Fè yo peple. Si biznis lan bon, gen yon lè se vann w' ap vann vètè ak fimye epi tout benefis la pral rete pou ou. Konsa fanmi w' p' ap bezwen soufri pandan w' ap peye gwosè dèt sa a. Lèfini, si ou ta prete dimil (10 000) dola labank, epi si biznis la ta kraze, sa kapab rann w' ap oblige peye jiskaske ou mouri. »

Si ou vle prete lajan pou yon bon pwojè, lè sa ou dwe travay epi ekonomize mwatye nan kòb la pou pi piti. Sa va rann lòt moun fè ou konfyans paske y' a wè ou konn fè ekonomi. Tout moun t' ap di : « Moun sa a kapab peye dèt la. Nou kapab wè sa atravè ekonomi li fè a. » Konsa tou, si biznis la ta kraze, paske sa konn rive, dèt la p' ap gwo menm jan.

Sèl bagay—peye ! Paske si ou pa peye, ou p' ap swiv tras pye Kris te kite pou ou a.



### **Èske Ou Pral Swiv Tras Pye Li Yo Jodi A ?**

1. Dapre ou menm, kisa Women 13.7-8 vle di ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Dapre ou menm, esplike kijan yon moun tounen timoun devan moun ki prete l' la. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Si ou vle prete lajan pou tèl pwojè, ki pouvantaj nan lajan ou dwe economize anvan ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Tras Pye Kris yo

### Etidye Plis Sou Tras Pye Li Yo

1. Egzòd 22.1-5. Etidye vèsè sa yo epi gade kisa Bondye di sou reskonsabilite, dèt, avèk peman.
2. Matye 5.42 ; Lik 6.30-36. Li vèsè sa yo epi gade kijan Bondye vle pou yon Kretyen prete moun ki nan bezwen.
3. Neyemi 5.1-19. Li istwa sa a epi aprann konsènan enterè.

### Priyè w'

« Papa m', jodi a mwen vle louwe Ou pou byen materyèl yo Ou te prete m'. M' ap mande Ou pou W' ban m' sajès pou m' kapab jere yo jan Ou vle, sitou nan zafè prete lajan. Mwen bezwen èd Ou pou m' kapab jere sa ki pou Ou. Mwen bezwen pou W' ban m' yon kè ki kontante, yon fason pou m' pa toujou ap kouri dèyè plis bagay. Ede m' pou m' kontante, pou m' travay san okenn anbisyon, epi ede m' pou m' pa depase limit mwen. Kenbe m' pou m' pa mele kote m' pa dwe mele. Kenbe m' pou m' pa antrave nan dèt k' ap fè m' tounen esklav epi ki pral toufe m'. Ede m' pou m' pa dwe pèsonn anyen, eksepte renmen ! Mèsi, Papa. Amèn. »



# YON APÈL PÈSONÈL





# KI KOTE TI MOUTON AN YE ?

## *Tras Pye Kris Te Kite Pou Ou*

**A**braram te sonm jou sa a kote sèl pitit gason l' lan te poze yon kesyon ki te klè :

« Papa, mwen wè nou gen dife ak bwa, men mwen pa fin konprann. Ki kote ou pral jwenn yon ti mouton sou mòn dezole sa a ? »

Abraram te kontinye mache tèt bese. Kisa ou kapab reponn sèl pitit gason ou lan lè se li menm menm ki pral pase pou ti mouton an san l' poko konn sa ? Abraram te di :

« Ptit mwen, se sou kont Bondye sa ye. »

Pita, pandan yo de (2) a te kanpe sou tèt mòn nan, Izarak t' ap ede prepare lotèl la. Kòm li te konn fè sa déjà, se pa t' yon gwo zafè. Papa l' te konn fè lotèl sa yo déjà pou l' ofri bêt pou boule pou Bondye. Izarak te gentan konnen yo tapral sakrifye yon bêt epi apre sa yo tapral louwe Bondye Jeyova.

« Men, Papa, ki kote ti mouton an ye ? Yon lotèl pa itil anyen si pa gen yon ti mouton. Fòk gen yon ti mouton, pa vre ? »

Abraram te di : « Ptit gason m', se ou menm ki pral pase pou ti mouton an jodi a. » (Ou kapab li rès istwa sa a ki vrèman enteresan nan Jenèz 22.1-14.)

Jodi a n' ap gade yon lòt lotèl. Lotèl sa a pa vrèman konni. Okontré, gen anpil moun ki rayi lotèl sa a. Alò, kiyès ki ta renmen mouri ? Jodi a n' ap gade lotèl

### **Vèsè Memwa W' :**

Pandan y'ap mache konsa, Izarak di Abraram: Papa! Abraram reponn: Wi, pitit mwen! Izarak mande l': Mwen wè ou gen dife ak bwa. Men, kote mouton pou boule a? (Jenèz 22.7)

konsekrasyon an. Menni devan w'. L' ap tann ou. Fòk gen yon ti mouton.

Jodi a Jezi ap mande pou w' pran plas ti mouton sa a. Li vle pou w' vin jwenn Li epi kouche sou lotèl la. Se la a ou va renmèt Li tout bagay. W' ap renmèt Li kò ou, nanm ou, lespri ou, ògèy ou, fanmi ou, pitit ou, sante ou, lajan ou, byen ou, zanni ou yo, renome ou, plezi ou, amou ou, an brèf . . . tout bagay nèt ! Se sa yon vrè disip fè. Sa se pa yon eksperyans emosyonèl. Se plis yon eksperyans *espirityèl*. Se pa yon eksperyans tout bon (sa vle di se pa yon vrè lotèl ou oblige kouche sou li), men li se yon vrè eksperyans. Ou pa ka wè l', ou ka sèlman jwenn li pamwayen lafwa.

Jezi ap tann ou. Chache yon kote ki apa, yon ti kwen kote ou kapab chita pou kont ou epi rele : « Jezi, mete m' sou lotèl la ! »

Sakrifis sa a va bay doulè, men lèfini w' a gen yon nouvo nesans. W' ap yon nouvo kreyati k' ap viv kòm yon vrè disip Jezi. Se tras pye sa a Jezi te kite pou nou swiv jounen jodi a !

## Tras Pye Kris yo

Se sa k fè, frè m' yo, jan Bondye fè  
nou wè li gen kè sansib pou nou an, se  
pou nou ofri tout kò nou ba li tankou  
ofrann bêt yo mete apa pou Bondye,

bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye  
plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye  
tout bon. (Women 12.1)



## Pran Mwen Jan Ou Wè M' La

1. Se - nyè, an - yen m'pa kab bay Ou, Sèl yon kè ki bou - ke sou - fri;  
2. Mwen pa jan-men o - be - yi Ou, Pe - che kou-vri m' la tèt o pye,  
3. Mwen fèb nan kè mwen fèb nan chè, Pou m're - zis - te de - van Sa - tan;  
4. San Li kou - le a va blan-chi m', Sen - tes - pri Ou va pi - ri - fye m',

E san Ou mwen pa kab ge - ri, Mi - zè mwen de - van Ou.  
E pou m' pre - zan - te de - van Ou, Pe - che sèl-man m' po - te.  
O Se - nyè mwen, mwen fèb tou - tan, M'ap re - le: "Ban m' li - myè."  
Ri - chès Ou yo va an - ri-chi m', "Men mwen! Vi - ni so - ve m'."

Kè

Pran mwen jan Ou wè m' la, San fòs e san sou - tyen,

Jan Ou wè m' la, Jan Ou wè m' la, O Je - zi, gran frè mwen.